МАХ ДУГ

КÆМ ДÆ ХЪÆУОН – ДÆУ ДÆН, МÆ ИР!

2

2024

Дæуæн, Райгуырæн, – мæ уд.

Дæуæн,

Фыдыбæстæ, – мæ зард!

Биазырты Кромвел

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Борис ХОЗИЕВ, Борис ГУСАЛОВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2024

МАХ ДУГ

2
2024

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ӔМӔ ӔХСӔНАДОН-
ПОЛИТИКОН ӔРВЫЛМӔЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТӔГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ӔЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
ХОЗИТЫ Барис, ГУСАЛТЫ Барис,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2024

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ 5

ФЫДЫБÆСТÆ ХЪАХЪХЪÆНÆДЖЫ БОН

КАСАТЫ Батрадз. Зæронд лæджы арфæ нæ хæстонтæн. *Æмдзæвгæ* ... 7

Ирæттæ – Уæрæсейы хъæбатыртæ 9

ПОЭЗИ

БИАЗЫРТЫ Кромвел. Уастырджион Дзæуæджыхъæу. *Æмдзæвгæтæ* ... 18

САЛÆГАТЫ ЗОЯ: 100 АЗЫ

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Ахуырад æмæ зонады зиууон. *Уац* 22

САЛÆГАТЫ Зоя. Ирон прозæйы ратæдзæнтæ. *Уац* 27

ДАУЫРАТЫ ДАМИР: 85 АЗЫ

ХОЗИТЫ Барис. Фарн дæм бадзурæд, нæ буц хистæр! 32

ДАУЫРАТЫ Дамир. Зæрдæйы зæгъинæгтæ.
Æмдзæвгæтæ разныхæстимæ 34

ДАУЫРАТЫ Дамир. *Цардæй ист хабæрттæ* 46

СОТТИТЫ РИММÆ: 85 АЗЫ

ДЖУСОЙТЫ Клавдия. Ирон дзырд – йæ удлæууæн, йæ цард. *Уац* ... 68

Хæлæртты мысинæгтæ 71

СОТТИТЫ Риммæ. Мæ Иры зæхх – мæ цардамонды сæр. *Новеллæтæ* ... 73

МАДÆЛОН ÆВЗАДЖЫ БОН 84

ПРОЗÆ

ГÆБÆРАТЫ Юри. Уастырджийы зарæг. *Роман. 2-аг хай* 85

НÆ УИДÆГТÆ

ТУАТЫ Алинæ. Уды бæрзæндтæм балц. *Уац* 122

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Зæрин хурæй уый ахорæнтæ ракуырдта... *Уац* ... 126

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

КОКАЙТЫ-БИРÆГЪОН Ларисæ. Музыкæ æмæ музыкалон инструментты ахадындзинад ирон литературæйы уацмысты. *Уац* 129

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

САЛÆГАТЫ Зоя. Рагон таурæгътæ 134

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ

ПАТРИОТ УÆВЫН ЦАРДЫУАГ ХЪУАМÆ УА

Райгуырæн бæстæ адæймагæн Хуыцауæй лæвæрд вæййы, æмæ йæм уарзондзинады æнкъарæнты бындур та у патриотизм.

Патриотизмæн уæлдай стыр ахадындзинад вæййы цавæрдæр фыдæвзарæнты рæстæг, ахæм у ныртæккæ Сæрмагонд æфсæддон операци дæр. Уым нæ чысыл Ирыстон æмæ стыр Уæрæсейы рухс фидæны сæраппонд нæ лæппутæй бирæтæ басгуыхтысты: хистæр сержант Есенаты Таймураз; майортæ Датиты Алан, Абайты Юри æмæ булкъон Максим Стефанов та систы Уæрæсейы Хъæбатыртæ. Уæдæ не 'хсарджын фыдæлтæ дæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты знагыл сæ патриотон æнкъарæнты руаджы фæуæлахиз сты. Ивгъуыд æнусы 90-æм азты цаутæ зæрдыл æрлæууын кæнгæйæ та цæстыты раз цыртдзæвæнау слæууы нæ лæппуты хъæбатырдзинад.

Фæлæ Уæрæсейыл акодта ахæм бонтæ дæр, дзырд «патриотизм»-æн йæ кад куы фæцудыдта цæстфæлдахджытæ æмæ мæнг патриотты руаджы. Уыцы фыдæхæй уæд Хуыцау Ирыстоны

бахызта, уымæн æмæ ирон адæм æфсæддон лæгæн, Фыдыбæстæ хъахъхъæнæгæн рагæй нырмæ дæр стыр аргъ кæнынц.

Æхсар, Сгуыхт æмæ Сæрибар – уыдон алы цæрæгæн дæр æнгом баст сты Райгуырæн бæстæ хæдбар, тыхджын, экономикон æгъдауæй хъомысджынæй уыныны æнкъарæнтимæ. Хи равдисыны охыл æнæпайда ныхас кæныны дуг фæци, æрцыд бæлвырд хъуыддæгты рæстæг, æмæ уый æххæстæй зыны, Уæрæсейы разамынд царды цы политикæйыл хæст сты, ууыл. Уыимæ ныхас, кæй зæгъын æй хъæуы, æрмæст æфсадыл нæ цæуы, фæлæ ма æхсæнады алы къабазы æнæзæрдæхудт фæллойыл дæр.

Ирыстоны Хицауад æмæ æхсæнадон организацитæ та хъуамæ патриотон зондахастæн ахæм уавæртæ саразой, цæмæй алчи дæр, исты худинаггæнæн хъуыддаджы размæ, йæхицæн зæгъа: «Æз ирон дæн, афтæ кæнын мын не 'мбæлы!» Ныртæккæ ахæм гæнæн ис, уымæн æмæ, 1990-æм азты нæ паддзахад куы фæцудыдта, æмæ патриотизм æфхæрæн ныхасау куы сси, уæддæр нæ зæрдæ никæд сивтам нæдæр Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытыл, нæдæр йæ кад æмæ радæн йæхи бынаты удуæлдайæ архайджытыл…

Уæрæсейы Федерацийы Хъæбатыры Сыгъзæрин Стъалы у æфсæддон хæс æххæстгæнæджы иууыл уæлдæр хорзæх. Фидарæй нæ уырны, Таймураз, Алан, Юри æмæ Максимы сгуыхтдзинад цæвиттойнаг кæй суыдзæн Уæрæсейы мингай лæппутæн, уый.

Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны фæдыл мæ фæнды арфæ ракæнын, ацы кадджын бæрæгбонмæ бар чи дары, уыдонæн се 'ппæтæн дæр. Сымах стут Уæрæсейы, Ирыстоны ныфс æмæ хъару! Хуыцауы фæдзæхст ут!

СУАНТЫ Станислав,
инæлар-булкъон

КАСАТЫ Батрадз

ЗÆРОНД ЛÆДЖЫ АРФÆ НÆ ХÆСТОНТÆН

Æризæр та,
Сыгъзæрин тынтæ уафгæ,
Мæнæн фæзæгъы хуры цæст хæрзбон,
Йæ алыварс
Рæуæг æврæгътæ хъавгæ
Æрбазилынц, нæ та сын ысфаг бон.
Хæрзæхсæв ут,
Фæллад хуры зынг тынтæ,
Уæ цины цæхæр банкъардта мæ уд,
Фæлæ та афонмæ, æрбайсæфой уæ рынтæ,
Кæмдæр сымах та акъопты хæцут.
Æз бадын ам,
Мæ зæронд сæр – уæ фæхъау,
Сымахæй уæлдай хурныгуылд – мæ каст,
Бæргæ – уæ цардбæллон хæрзфæндтау
Æз дæр куы уаин алцæмæй æххæст.
Куы балæууин хъæугæ рæстæг уæ фарсмæ,
Ныфсæн, дам, иу хал дæр – æххуыс.
Нæ февдæлы хæстон лæджы ныхасмæ,
Ызнаг бырсы – йæ фыдæх ыл ныххуырс.
Фæлæ кæм и... Ныр бон фæцæуы уартæ,
Зæрæхсид атылд арвгæрон зынгау,
Йæ фæстаг тынтæ мигъты фæрсты уаргæ
Уый радих кодта ног бонæн æфстау.
Фыдыбæстыл
Æнувыд уыд хæстон лæг,
Ныр дæр та йæм уæ бавæрæн хæссут,
Нæ бауагътат, нæ, аскъуыйын ирон цæг,
Фыдæлтау æй уырысимæ бæттут.
Æмæ ныр кæд
Нæ хъæбатыртыл арæх
Зæрдæхалæнæй хъарджытæ кæнæм,
Уæддæр фæкувæм: Стыр Хуыцау, о ма зæгъ,

Куыд фехъусæм нæхиуæттæй тæппуд.
Уæлахиз ут,
Уæрæсейы ‘фсад иумæ!
Кæрæдзиуыл æфсымæртау хæцут!
Нæ басаста нæ рагфыдæлты иу дæр,
Сымах дæр сæ сæрыстырæй фæзмут!

Æрыздæхут Уæлахизимæ тагъддæр,
Уæ бинонтæ, уæ уарзты фæндиаг ут!
Куыд та ранхъæвза хуры скастау цард дæр,
Куыд ныррухс уа æнхъæлмæгæсты уд!..

8.02.2024 аз

ИРÆТТÆ – УÆРÆСЕЙЫ ХЪÆБАТЫРТÆ

ЕСЕНАТЫ ÆХСАРБЕДЖЫ ФЫРТ ТАЙМУРАЗ

Танчы командир хистæр сержант Есенаты Таймураз абоны онг нымад у, Сæрмагонд æфсæддон операцийы æбæрæгæй чи фесæфт, уыцы иунæг Хъæбатырыл.

Схъомыл бирæсывæллонджын бинонты ‘хсæн. Æдæппæтæй уыдысты 11 хъæбулы. Йе ‘мрæнхъ хæцыд йе ‘фсымæр Азæмæт дæр.

Йæ хæлар, джызæйлаг лæппу Хуриты Рустамы куы амардтой, уæд йæхи хæсты цæхæрмæ аппарын кодта йæ маст сæ сисыны тыххæй.

Уыцы бон сæ маршрут уыд Донецк – Докучаевск – Степное.

Тактикон-батальонон къорды сконды хистæр сержант Есенаты Таймуразы къорды дæлбар танкы экипаж, стратегион ахсджиаг цæрæн пунктмæ бацæугæйæ, тохы бацыд, йæ тыхтæ бирæ фылдæр кæмæн уыдысты, уыцы ныхмæлæууæгимæ. Арæхстджын маневртæ араз-гæйæ, минæзгъалы æхстытæй Есенаты Таймуразы хæстон хæдтулгæ срæмыгъта знаджы дыууæ бронемашинæйы æмæ скуынæг кодта 30 националисты бæрц.

Цæфтæн фыццаг медицинон æххуыс бакæнынæн фадат нæ лæ-вæрдтой ныхмæлæуджытæ. Уæд танк Т-72-йы командир, сержант Есенаты Таймураз рахаста уынаффæ, знаджы йæхиуыл сардаугæйæ, иннæтæн фадат раттын мæлæтæй хи бахизынæн. Кæцырдыгæй сæ æхстой, уырдæм сарæзта йæ ных. Сæ размæ иу танк кæй æрлæууыд, уый сын сæ хъуыдытæ хæццæтæ кодта, ома сайыны ми уыд, йæ фæдыл инæтæ ныккæлдзысты, зæгъгæ. Уæдмæ Таймуразы танк ссыгъд, фæлæ йæ хæцынæй не ‘рлæууыд. Таймураз фæцæф, уæддæр ма сарæхст дыууæ æхстæй знаджы танк срæмудзынмæ. Хæстæгдæр цъай уыд Новомихайловскы хъæуы. Танк хуыссын кæнынмæ куы фесты, уæд рабæрæг, хæцæнгарз сæм кæй нæй, сæ автоматтæ уым кæй батадысты.

Танк бакъæй. Экипажы уæнгты цард бахъахъхъæныны тыххæй

æфсæддон хæс æххæстгæнæг бардзырд радта йæ дæлбар хæстонтæн æввахсдæр къохы хи бааууон кæныны тыххæй, цæмæй æхсæвы уæрæсейаг æфсæдты ‘рдæм ацыдаиккой.

Экипаж æмбæхсгæ-æмбæхсгæ рацыд УФ-йы гæрзифтонг тыхты дæлхæйтты бынаты ‘рдæм, фæлæ бахаудтой украинаг националистты уацары. Нацисттæ Таймуразы дæлбар æрыгон æфсæддонмæ хæцæнгарзæй куыд æвзыстой, афтæ йæ сæрыл рахæцыд, æмæ йын йæ къах автоматы хъæдæй асастой æмæ йæ сбастой. Æрфарсты рæстæг хистæр сержант не сразы националисттимæ ныхас кæныныл æмæ сын уæрæсейаг гæрзифтонг тыхты тыххæй информаци раттыныл. Уæд æй тыхнад фæкодтой, æмæ Таймураз бауадзыг. Цасдæр рæстæджы фæстæ та нацисттæ ногæй бафæлвæрдтой, УФ-йы гæрзифтонг тыхтæ кæм æрбынат кодтой, уый базонын, фæлæ та сæ фæндæй ницы рауад.

Йæ цардæн тæссаг кæй у, уый æмбаргæйæ, йе ‘фсæддон хæсыл æнувыдæй баззайгæйæ æмæ тыхджын рыстытæн быхсгæйæ, Есенаты Таймураз равдыста стыр хъæбатырдзинад. Сыхаг уаты цы уацайрæгтæ уыд, уыдон сын хъуыстой йæ ныхæстæ: «Фæлæуут, гауыртæ! Æз цыфæндыйæ дæр ардыгæй ссæрибар кæндзынæн мæхи, фæлæ мæ фæндаг фæстæмæ ардæм уыдзæн! Ссардзынæн уæ, фашисттæ, æмæ уæ ныммардзынæн!» Æмæ та йыл ныккалдтой, кодтой йын фыдмитæ æмæ дзы домдтой, цæмæй загътаид «Слава Украине!» Фæлæ ирон лæг басæттын нæ бакуымдта æмæ та-иу, йæ рыст нæ уромгæйæ, сæрыстырæй загъта: «Слава России!»

Фæстæдæр сыбыртт нал хъуыст сыхаг уатæй. Иннæ уацайрæгты уырдæм куы бакодтой, уæд Таймураз уым нал уыд. Кæм ис, уый абон дæр ничи зоны. Йемæ уацары цы дыууæ æфсæддоны бахауд, уыдоны дыууæ мæйы фæстæ ссæрибар кодтой. Фæлæ нæ ис ныфс, Таймураз удæгас кæй у.

ДАТИТЫ ГЕОРГИЙЫ ФЫРТ АЛАН

Сæрмагонд æфсæддон операцийы æрвон тыгъдады уæлдæр пилотаж æмæ тæмæссаг хъæбатырдзинад равдисыны тыххæй Уæрæсейы Федерацийы Хъæбатыры Сыгъзæрин Стъалыйæ хорзæхджын æрцыд Датиты Алан.

Схъомыл Дзæуджыхъæуы. Ам райдыдта «тæхын» Сывæллæтты техникон сфæлдыстады галуаны.

Аланы царды сыфтæ фæлдахгæйæ дзы ис фенæн бирæ цымыдисаг цаутæ, сæрбæрзонд нæ чи кæны. 23 азы – æфсæддон службæйы, 250 хæстон стахты уæлдæфмæ, ныддæрæн кодта 12 тæхæг аппараты, уыдонæй бомбæкалæн æртæ Су-24, размæбырсæг æртæ Су-25, куынæггæнæг дыууæ Су-24, куынæггæнæг МиГ-29, дыууæ цæвгæ (ударный) вертолеты Ми-24, цæвгæ æнæтæхæг «Байрактар ТВ2», зенитон-ракетон комплекстæ С-300 дзæвгар.

Йæ авиацион шлемыл ис ирон тырысайы ныв. Йæ уарзон кинонывтæ та сты «В бой идут одни старики» æмæ «Офицеры». Йæ чингуыты тæрхæгыл – Советон Цæдисы æртæ хатты Хъæбатыртæ Иван Кожедуб æмæ Александр Покрышкины мемуартæ.

Сабибонтæй фæстæмæ йæ бæллиц уыд тæхæг суæвын, æмæ скъолайы фæстæ йæ гæххæттытæ балæвæрдта Краснодары тæхджыты училищемæ æмæ йæ Сырх дипломимæ каст фæцис. Афтæмæй, Уæрæсейы нырыккон уæлдæфон техникæйыл фыццагдæр чи сарæхст, уыдонæй иу у Алан. Нæ бæстæйы цæрджытæн уæлдæфон авиацийы гæнæнтæ æвдисгæйæ, архайдта 9-æм Майы Парады Сырх фæзы. Араббаг Сирийаг Республикæйы хæстон нысан сæххæст кæныны тыххæй хорзæхджын æрцыд майдан «Æхсардзинады тыххæй»-йæ. Хъæбатырдзинады орден та фыццаг райста, Сæрмагонд æфсæддон операцийы рæстæг æхсæвы тохы куы бацыдисты æмæ нæ бомбæкалджыты ныхмæлæуджытæй куы суæгъд кодта, ныххъуырд сын ратгæйæ, уæд. Дыккаг Хъæбатырдзинады орден та йын лæвæрд æрцыд, 13 сахаты дæргъы уæлдæфы ныхмæлæууæгимæ тохы куы бацыд, уый фæстæ.

«Хæстон æфсымæрадæн ам ноджы арфдæр нысаниуæг ис. Æз уæлдæфы куы вæййын, уæд мæн чидæр йæ аууоны фæдары, фæхъахъхъæны мæ, æз ыл баууæндын мæ уд, уый та мæныл – йæхи уд. Уый æрдхæрæны цæдис у. Мах нæ хæдтæхджытимæ дæр, раст цыма удгоймæгтæ сты, афтæ фæдзурæм. Алкæмæн дæр сæ йæхи характер ис. Куы сæхи буцтæ кæнын райдайынц, куы нал фæкомынц тæхын. Профессионалы номы аккаг кæй дæ, уый хъуамæ дæ алы стахтæй дæр фидар кæнай. Тæхæджы куыст æнцон никуы уыди, фæлæ, ивгъуыд азтимæ абаргæйæ, нырыккон дуджы хæдтæхæг скъæрын бирæ зындæр у, уымæн æмæ ныры уæлдæфон машинæтæ компьютерон техникæйæ уыйбæрц ифтонг сты, æмæ ма сæ «авиакомплекс» хонын дæр райдыдтой», – зæгъы Алан.

Цæвиттон, иу бон цæст æрхæцыд знаджы дыууæ вертолетыл. Иу дзы сабырдæр тахт, æмæ рæстæг уыд хи бацæттæ кæнынæн. Уæдмæ ма йæм бафтыд æртæ Су-25-ы. Йæ экраныл бæлвырдæй зындысты, æмæ Алан йæхи цæттæ кодта се ‘ппæты дæр басæттынмæ. Фыццаг дыууæйы срæмыгъта. Иннæйы къуыммæ батардта, æмæ фæстæмæ атахт, йæ бон базонгæйæ. Иннæ дыууæйыл дæр дзы æркалдта, æмæ бынатыл нал сæмбæлдысты. Афтæмæй иу уæлдæфон тохы ныппырх кодта дыууæ украинаг Ми-4-ы æмæ Су-25.

Æндæр хатт та уæлдæфы йæ цæст æрхæцыд æртæ Су-25-ыл. Рæгъ слæууыдысты, цæмæй сыл радзагъдæй ма ралæууой. Алан сæ йæ разæй скодта. Удæгасæй баззайынæн сын фадат нал уыд æмæ фæстæмæ æрзылдысты, лидзынмæ фесты. Уæдмæ арæнтæй ахызт Алан, æмæ йыл зæххæй С-300 йæхи ныццавта. Цæстытæ атартæ сты, фæцæф сты йæ ных, йæ къух, уæхск æмæ къах. Йæ хæдтæхæг бынмæ цæуы, зæхмæ ма баззадис æрмæст 10 километры. Æркуыста парашют, æмæ тыхамæлттæй æрфистæг. Нал йæ къухтæ æмбæрста, нал – йæ къæхтæ… Нæхиуæттæ йын йæ туг баурæдтой, æмæ хæстæгдæр госпиталы операцитæгæнæн стъолыл февзæрд.

Сирийы цы фæлтæрддзинад райста, уый йæ тынг бахъуыдис Сæрмагонд æфсæддон операцийы рæстæджы дæр. Ныртæккæ Датиты Алан у нæ бæстæйы хуыздæр тæхджытæй иу. Ног уæрæсейаг территоритыл æфсæддон операцийы фæуæлахиз авд уæлдæфон тохы. Мартъийы ацæудзæн тæхджыты къамисы. «Мæн фæнды дарддæр дæр тæхын. Æнхъæлмæ мæм кæсынц уæларвон тыгъдад æмæ куынæггæнджытæ», – зæгъы нæ Хъæбатыр.

АБАЙТЫ МÆИРБЕДЖЫ ФЫРТ ЮРИ

70-æм мотоæхсæг полчъы командыгæнæджы хæдивæг Абайты Юрийыл 34 азы дæр нæма сæххæст, афтæмæй йæ лæгдзинад дардыл айхъуыст. Сабибонтæй фæстæмæ йæм уыдис иу бæллиц – æфсæддон суæвын. Абон гвардийы майор арæхстджынæй архайы Сæрмагонд æфсæддон операцийы.

Йæ хъæбатырдзинады тыххæй нæ намысджын æмзæххоны уымæй размæ схорзæхджын кодтой Суворовы номыл æмæ «Ирыстоны намысæн» майдантæй, стæй Хъæбатырдзинады орденæй.

Абайы-фырты разамындæй 70-æм полчъы фыццæгæм батальон архайдта Запорожьейы фронты. Знаджы ассонгæйæ, ахст бынат не суæгъд кодтой дзæвгар рæстæг. Батальон йæхи ныббырстмæ куы цæттæ кодта, уæд ын йæ размæ сæвæрдтой хæс – йæ бынат хъæдмæ баивын. Ам знагимæ хæрхæмбæлд фæци, карз тохы бацыд æмæ йæ йæ разæй ассæста, йæхæдæг уыцы бынаты æрфидар.

Юри фыццаг ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Кавказы Суворовон училищемæ, уый фæстæ та – Мæскуыйы уæлдæр командон институтмæ. Каст æй куы фæци, уæд æй арвыстой дард Хурыскæсæнмæ, уый фæстæ та æфсæддон хæс æххæст кодта Цæцæны. Сæрмагонд æфсæддон операци куы нæма райдыдта, уæд Юри командировкæйы уыд Сирийы, уырдыгæй æфсæддон офицер ацыд Украинæмæ.

«Буйвол» – ахæм у Юрийы æфсæддон фæсномыг. Йæ амындмæ гæсгæ, батальон йæ тыхтæ сарæзта Запорожьейы ‘рдæм. Уым фæуæлахиз знагыл. Абайты Юрийы балæвæрдтой Уæрæсейы Хъайтары ном райсынмæ.

Куыд зæгъы, афтæмæй, знагимæ хæцгæйæ, бирæ зындзинæдтæ бавзæрста. Тох цыд цалдæр боны. Фæлæ не ‘фсæддонтæн уыд хуыздæр цæттæдзинад.

Абайты Юрийы йе ‘фсæддон сгуыхтдзинæдты тыххæй схорзæхджын кодтой Суворовы номыл майданæй, Лæгдзинады æмæ Хъæбатырдзинады ордентæй. Ис ын цардæмбал æмæ дыууæ сывæллоны.

«Знаг нæм йæ хæцæнгарз куы ныддара, уæд ын хатыр нæ уыдзæн. Уацары нæм чи бахауа, уыдоны махæй иу дæр нæ бахъыгдардзæн. Ацы хъуыддагмæ карз ахаст дарын. Уацайраг цæф куы уа, уæд ын медицинон æххуыс бакæндзыстæм. Уæрæсейаг æфсады нæй уацайрæгтæй хынджылæг кæныны цаутæ. Уый сæрмæ хæссинаг нæу! Тынг хорз æмбарæм уацары бахауæг адæймаджы уавæр. Цæмæн æй хъæуы нæмын, марын? Хъуамæ йæ бауæндын кæнай цардыл, адæмыл, рæстдзинадыл.

Тохы быдыры æмбарыс, дзуапп кæй дæттыс æрмæст дæхи цардæн нæ, фæлæ ма, дæ фæстæ цы батальон лæууы, уымæн дæр, æмæ дын нæй бар фæрæдийынæн, лæмæгъдзинад равдисынæн», – зæгъы Юри.

«Буйвол»-ы батальон йæ куыст райдыдта Запорожьейы здæхты. Цалдæр боны цыд уæззау тох. Юрийы батальонæн йæ къухы бафтыд знаджы æрбырсын æмæ бынат бацахсын. Нæ хæстонты цæттæдзинад уыд бирæ хуыздæр. «Нæ сын рауад сæ размæбырст, уымæн æмæ цæттæ нæ уыдысты. Ныхас кодтон уацайрæгтимæ, уыцы рæстæджы нæм дзы уыд 40 адæймаджы, æмткæй райсгæйæ та – 80», – зæгъы нæ Хъæбатыр.

Лæгæн ис иунæг цард, æмæ йæ хъуамæ кадимæ фæцæра! Хъуамæ йæ сæрмæ ма ‘рхæсса æгаддзинад, сомбон цы хъуыддæгтыл фæсмон кæндзæн, уыдонæй йæхи хиза. Нæу æнцон ирон лæджы ном хæссын! Кадимæ йæ чи хæссы, йæ адæмы сæрыл чи хъуыды кæны, уыдонæн та Дунескæнæг æххуысгæнæг уæд кæддæриддæр.

СТЕФАНОВ МАКСИМ АНАТОЛИЙЫ ФЫРТ

УФ-йы сгуыхт æфсæддон тæхæг, 267-æм хæдтæхджыты иртасæн фæлварæн центры разамонæг, УФ-йы Хъахъхъæнынады министрады 929-æм хæдтæхджыты фæлварæн паддзахадон центры сæргълæууæджы хæдивæг булкъон Максим Стефанов райгуырд Мæздæджы 1968 азы. Каст фæцис Стъараполы тæхджыты уæлдæр хæстон авиацион училище.

Максим команды цы хæдтæхæгæн кодта, Су-34, уый экипаж Сæрмагонд æфсæддон операцийы фыццаг хатт æфсæддон уавæрты спайда кодта авиацион ракетон комплекс «Кинжал»-æй. Ныхмæллæуæгимæ тохы экипаж ныддæрæн кодта 120 объекты (хæцæнгæрзты скълæдтæ, командыгæнджыты пункттæ, авиацион техникæты бынæттæ, æфсæнвæндаджы станцæтæ, хидтæ...), Украинæйы гæрзифтонг тыхты æфсæддонтæй – 180.

Максимæн йæ размæ цы æфсæддон хæстæ сæвæрдтой, уыдон бæрзонд æмвæзадыл кæй сæххæст кодта, знаджы ныхмæ тох кæнгæйæ, æхсар æмæ намыс кæй равдыста, уый тыххæй 2022 азы 8 декабры хорзæхджын æрцыд Уæрæсейы Федерацийы Хъæбатыры номæй. Хæрзиуæг ын кадджын уавæры Мæскуыйы радта Уæрæсейы Президент Владимир Путин.

Мæздæггаг лæппу хæдтæхджытæ фæлварæг тæхæгæй райдыдта æмæ куыдфæстагмæ разамонæг ссис. Йæ чызг Викæ дæр у æфсæддон тæлмацгæнæг. Нæ фæсивæдæн дæ цы фæндид зæгъын, зæгъгæ йæ куы бафарстам, уæд дзуапп радта: «Мæн тынг фæнды, цæмæй нæ кæстæрты хъомыладмæ ноджы бæрнондæр цæстæй кæсæм, цæмæй скъола каст фæуыны рæстæгмæ нæ лæппутæ фидар лæууой сæ къæхтыл æмæ æмбарой, царды сыл, куыд нæлгоймагыл, цы хæс æвæрд ис, уый. Нæ чызджытæ та архайой сылгоймаджы фарн рæсугъдæй хæссыныл, уой æнæниз фидæны ныййарджытæ. Уыдонæй хъуамæ скъола каст фæуыны рæстæгмæ алчидæр фидарæй зона цардæн раст аргъ кæнын æмæ архайа Фыдыбæстæйы кадджын цæрæджы ном хæссыныл, аргъ кæна хистæртæн æмæ йæ алыварс адæмæн дæр. Лæг цыфæнды дæсныйад куы равзара, уæддæр хъуамæ архайа ууыл, цæмæй дзы уа æппæты хуыздæр, тырна йæ адæмæн исты лæггæдты бацæуынмæ. Æмæ нын цыфæнды зын кæд у абон ацы хъуыды, уæддæр алы лæппу дæр хъуамæ ацæуа Æфсады рæнхъытæм. Уымæн æмæ нæлгоймаджы стырдæр хæс кæдфæндыдæр уыд бинонты, хиуæтты, æмбæстæгты, Фыдыбæстæ хъахъхъæнын! Мæ бæллиц та уыд æмæ уыдзæн цъæх-цъæхид арв!»

ФЫСТÆГ ХÆСТЫ БЫДЫРÆЙ

Куыд адджын дæ, цард! Фæлæ дæуæй адджындæр æмæ зынаргъдæр та – Фыдыбæстæ, Ныййарæг Мад, Сæрибар æмæ Рæстдзинад! Цы у цард æнæ ацы хæзнатæй: æнæрухс – бон, æнæхур – сæрд, æнæцин – бæрæгбон, æнæдон – суадон, æнæсыф – бæлас, æнæуд – дуне...

Фыссын Ирыстонмæ дард ранæй, фыссын уæм, мæ зæрдæйы уæлахизы ныфсы цин хæсгæйæ, мæ риуы сымахмæ уарзондзинад уæ хæрзæбонтыл тухгæ æмæ Ирыстоныл уаргæйæ! Уый æрмæст æз нæ, фæлæ, уæлахизы бон чи хæстæгдæр кæны, уыцы хъæбатыр гуырдтæ иууылдæр. Алы адæмыхæттыты минæвæрттимæ уæхски-уæхск æрбалæугæйæ, нæ иу иннæмæн – ныфсы мæсыг, æфсымæр. Нæ цинтæ æмæ нæ зынтæ дæр – кæрæдзийыл уæрст.

Цæст æфсæддон операцийыл ахæсгæйæ, Ирыстоны хъæбулты æхсардзинад, сæрæндзинад уынгæйæ, зæрдæ байдзаг вæййы ирон лæджы кадджын номы цинæй! Нæ лæппутæ хъæбатырæй хъахъхъæнынц Райгуырæн бæстæйы арæнты æдасдзинад, удуæлдайæ тох кæнынц, аст азы дæргъы йæхи æмбæстæгты тухæнæй чи мардта, уыцы киеваг режимимæ.

Хъæуы рæстæг, цæмæй байгас уой уды хъæдгæмттæ. Хъæуы стыр хъарутæ, цæмæй, йæ цард ацы тохы нывондæн чи æрхаста Рæстдзинады æмæ Сæрибары охыл, уыдоны рухс нæмттæ хъуыды кæнгæйæ, ацы хъуыддаг кæронмæ ахæццæ кæнæм. Уый, æнæмæнг, афтæ уыдзæн.

Æз бузныг зæгъын сымахæн, нæ хистæртæ, нæ ныййарджытæ, нæ хотæ, нæ хæдзæртты фарн хъахъхъæнджытæ – нæ цардæмбæлттæ, нæ кæстæртæ, кæй разындыстут фæразон царды æмæ хъысмæты зындзинæдтæн, кæй ныффæрæзтат дуджы фæлварæнтæн æмæ ма мах дæр уæ уды хъаруйæ размæ кæй хонут, кæй нын кæнут фидардæр нæ ныфс.

Куыд ис ферох кæнæн, адæм стырæй-чысылæй сæ мæгуыр фæрæзтæй фронтæн цы стыр æххуыстæ бакодтой æмæ кæнынц, уыдонæн?!

Куыд ис ферох кæнæн, нæ къухмæ ирон мыхуыры фæрæзтæ хæсты быдыры улæфты рæстæг куы райсæм, уæд нæм цы æнкъарæнтæ сæвзæры, уыдонæн?! Лæгыл ам хур кæд скæсдзæн, уый бæрæг нæй, фæлæ нæм кæддæрты «Рæстдзинад» æмæ «Мах дуг» куы фæхæццæ вæййынц, уæд нæ зæрдæтæ сæ рухсæй байдзаг вæййынц, уымæн æмæ нæм нæ мадæлон æвзагыл дзурынц. Райсæм уæ фыстæджытæ дæр, дарæм сæ нæ риуы дзыппыты. Алкæмæн дæр уæ хицæнæй мæ сæрæй ныллæг кувын æмæ уын Хуыцауæй курын: макуы фæриссæнт уæ зæрдæтæ! Нæ хæдзæрттæм нæ зæрдæтæ куынæ ‘хсайой, уæд махæн дæр ам нæ хъару дывæр кæндзæн.

Уæлахиз у, мæ Ирыстон! Уæлахиз у, мæ Фыдыбæстæ!

ОСТЪАТЫ Руслан – «Скиф»,
батальон «Алани»-йы командыгæнæг

«Скиф» – афтæ хонынц Сæрмагонд æфсæддон операцийы Остъаты Русланы. Райгуырд Хуссар Ирыстоны. Йæ фыдæлты фæндаг ра- взаргæйæ, каст фæцис Саратовы Æфсæддон институт. Архайдта Цæцæны хæсты. Йæ цардæмбалимæ хъомыл кæнынц фондз фырты æмæ æртæ чызджы.

Русланы фырт Рустам ссис Сæрмагонд операцийы æппæты æрыгондæр архайæг. Æвддæсаздзыдæй 2022 азы иннæты æмрæнхъ æрлæууыд знаджы ныхмæ. Уæд ахуыр кодта 38-æм скъолайы. Æфсæддон операцийы хъæбатыр скъоладзауæн радтой ном «Хъæбул». «Куыд нæ фæтыхсы мæ зæрдæ, исты йыл куы æрцæуа, зæгъгæ, фæлæ мæ тыхст никуы равдыстон, нæдæр æй хъулон фæкодтон. Йæ фыд уым, Ирыстоны, дæн, ам та дæн йæ командыгæнæг, Рустам та – æфсæддон. Мæнæн ам иууылдæр мæ хиуæттæ сты, мæ хæс у се ‘ппæты дæр бахъахъхъæнын», – зæгъы Руслан.

«Хъæбулы» 2022 азы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло схорзæхджын кодта майдан «Ирыстоны Намысæн»-æй (I-аг къамы), балæвар ын кодта, йæхædæг 35 азы цы къухылдаргæ командыгæнæджы сахат дардта, уый.

Руслан скъола каст фæцис æмæ дарддæр ахуыр кæны уæлдæр æфсæддон ахуыргæнæндоны.

БИАЗЫРТЫ Кромвел

УАСТЫРДЖИОН ДЗÆУÆДЖЫХЪÆУ

ÆХСÆВ ÆМÆ БОН

– 1 –

Сатæг Алондон
згъордта.

Судзгæ хур
зылди.

Саха къæвда
згъæлста.

2

Саутæ хæссы III дунеон хæст:
кæлмæрзæн – сау, къаба – сау,
къахыдарæс – сау,
сылгоймаджы зæрдæ – сауты.

Фыццаг дыуæ Дунеон хæсты
аллон урусимæ рамбылдтой,
æртыккаджы дæр – уæлахиз…
Уæлахизы тырыса
мах æрсадздзыстæм Монбланыл.

* * *

– 2 –

Лæууыди ахæм
сырх-бур
сыфтæрджын бон,
æмæ хур йæ тын –
йæ райды цæст
хардз кодта
цæугæдоны айдæныл.

Сæрфаты малы
тар
тырысайау
мæныл ахæм бон
фæззыгон сау сагъæс æртыхст.

УАСТЫРДЖИОН ДЗÆУÆДЖЫХЪÆУ

Ахсджиаг аллонтæ,
зианджын
урс-сырх-бур тырыса
æруадзут бынмæ.

Дзыллæтæ…
Сылгоймагæй-
нæлгоймагæй,
лæппуйæ-чызгæй
слæуут:
сæйраг сахар Дзæуæджыхъæу
уæлгъæдæй кæны
аллонты зынгхуыст
мойнаг хъæбултæн
рухс.

Дзæуæджыхъæуы
истлæг,
дзуарылæг,
сауджын,
акув сын, акув..,
ссар сын сæ ном.
Аллон урусимæ
иумæ сæ тугæй
дунетæн амайынц
æнæтугуарон дуне.
Дзæуæджыхъæуы
зæдтæ, дауджытæ,
асæрфут
сау къуымбилтæ,
тугамæст урс
бæмбæджытæ
арвыл.
Дзæуæджыхъæуы
бæлæттæ,
стæхут уæлæмæ,
уæ базырты змæлдæй
разына
кæрæй-кæронмæ
æрвхуыз.

Уастырджион Дзæуæджыхъæу
йæ хæцæг
уæлахиздзау лæпputæн
кæны сæйрагсахарон
куывд.

Ахсджиаг аллонтæ,
урс-сырх-бур тырысайыл
схæцут…

Дунесфæлдисæг
Хуыцауы фæндиаг,
ахсджиаг аллонтæ,
урс-сырх-бур тырысайыл
схæцут хæрдмæ
хохмæ, хурмæ.

ДЗАГ ФОЛЬКЛОРОН АФÆДЗ ÆМÆ ÆЗ – ФÆДИСОН ФИДИУÆГ

Уалдзæг – зæрдæрухс;
Сæрд – зæххыл атылди хур;
Фæззæг – зæрдæ дзы буц у;
Зымæг – æхсæв ныддаргъ и,
аргъуаны дурæн дæр уазал у.

Æмæ дурмæ рафæдис
йæ хуримæ
малусæг,

Æмæ дурмæ рафæдис
йæ хуримæ
уагъылыйы дидинæг,

Æмæ дурмæ рафæдис
йæ хуримæ
зæрватыкк,

Æмæ дурмæ рафæдис
йæ хуримæ
хуымгæнæг.

САЛÆГАТЫ ЗОЯ: 100 АЗЫ

(1924 – 2011)

Йæ уды хъарм æмæ хъуыддагæй æххуысæй хорзæрдæм бирæ хъысмæттыл сахадыдта. Алкæмæн дæр уыдта æрмæст йæ хорз миниуджытæ æмæ уымæй цард райдзастдæр кæнынмæ арæхст.

МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег

ТЪЕХТЫ Тамерлан

АХУЫРАД ÆМÆ ЗОНАДЫ ЗИУУОН

Дыууæ «æнусон æмбæлццоны» – ахуырад æмæ зонад – Салæгаты Зояйы зæрдæмæ фæндаг æнцонтæй ссардтой. Йæ сывæллоны бонтæй фæстæмæ Салæгаты Мироны фæрнджын хæдзарæй рацæуæг чызг уыд аив дзырдæн аргъгæнæг. Уыимæ Цæгат Ирыстоны педагогон институты хæсты фæстæ фыццаг рауагъды минæвары зондахасты адæмон сфæлдыстад, ирон æмæ уырыссаг литературæ уыдысты æнгом баст. Æмæ сын æмхуызон удуæлдай лæггад бакодта куыд ахуыргæнæг æмæ ахуыргонд.

1946 азы 22-аздзыд чызгæй уый рацыд фыццаг хатт студентты размæ æмæ йæ уарзон уæлдæр ахуыргæнæндоны семæ фæкуыста, 83 азы йыл цалынмæ сæххæст, уæдмæ. 61 аз баст уыд йæ цард ныртæккæйы Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университетимæ! Уыциу рæстæг ма 11 азы уыд Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты раззаг зонадон кусæг дæр.

Салæгаты Зояйы схонæн ис æцæг амондджын адæймаг, уымæн æмæ йын Хуыцауæй лæвæрдæуыд æрмæст бирæ цæрæнбон нæ, фæлæ ма дзæвгар рæстæг йæ адæмы пайдайæн фæкусыны хорзæх дæр.

Филологон наукæты доктор, профессор, Уæрæсейы Федерацийы уæлдæр профессионалон ахуырады кадджын кусæг æмæ наукæты сгуыхт архайæг йæ сæйраг хорзæхыл нымадта, фæсивæды æнтыстытæ уыныны фадат ын кæй уыд, йæ иртасæнтæм ын æхсæнад æхсызгонæй кæй æнхъæлмæ каст, уыдæттæ. Йæ бирæ удвæллойæ рахицæнгæнæн ис монографитæ «Коста Хетагуров и осетинское народное творчество» (1959 аз), «Четыре этюда об осетинской прозе» (1970 аз) æмæ «От Нузальской надписи к роману» (1984 аз). Ныридæгæн зын ссарæн систы суанг чиныгдоны дæр. Ногæй сæ рауадз, зæгъгæ, уæд та сыл ахуыргæндтæ æмæ студенттæ сæ цæст æрæвæриккой, уымæн æмæ æппындæр нæ базæронд сты, зонады къабазы сæ бынат нæ фæдæлдæр. Йæ докторы диссертациимæ иумæ уыцы куыстытæ ирд æвдисæн сты, ирон литературон традицитæ суанг XVIII æнусы райдайæны кæй фæзындысты, уымæн.

Абоны онг дæр бирæтæ сæрыстырæй фæзæгъынц: «Æз дæн Салæгаты Зояйы студент!» Æмæ æрымысынц, куыд фæлмæнзæрдæ адæймаг æмæ домаг зондамонæг уыд, уый. Фидæны ахуыргæнджыты æмæ сфæлдыстадон кусджыты филологон хъуыдыкæнынад фæлтæрдта «Евгений Онегин» æмæ «Война и мир»-мæ гæсгæ сæрмагонд семинарты. Æнæмæнг-иу ныффыссын хъуыд эссе «Мæхи Пушкин» æнæ чиныгмæ кæсгæйæ, классикты æмдзæвгæтæ радзурын. Йæхæдæг чи фыста, уыдон та йæ цæсты уæлдай кадджындæр уыдысты: «Æмдзæвгæтæ цавæрфæнды дæр уæнт. Иугæр адæймаг поэт у, уæд æй иннæтимæ ма барут». Æмæ сæрыстыр уыд йæ студент-фысджытæ Дзасохты Музафер, Джыккайты Шамил, Малиты Васо, Хъодзаты Æхсар, Мæхæмæтты Ахуырбег, Хозиты Барисæй. Йæхи ахуыргæнджытæй иу уыд нæ литературæйы классик Дзанайты Иван (Нигер). Йæ хистæр зондамонджытæй ма хорзæй мысыд литературæиртасæг æмæ этнограф Леонид Семеновы, философ æмæ филолог Алексей Лосевы, фыццаг ирон профессор Æлборты Барысбийы, æвзагиртасæг Абайты Васойы.

Васо сси йæ сæйраг куыст – «Ирон адæмон сфæлдыстад»-ы дыууæтомон академион рауагъды редактор дæр. Ууыл хи монографитæй фылдæр фыдæбон кæнын бахъуыд, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд нæ

Абайты Васоимæ фембæлд. Зоя бады разæй Васойы галиуварс

Зоя йе ‘мкусджытимæ

фæрæдидзыстæм. XX æнусы 50-æм азты ахæм æмбырдгæндтæн сæ кой дæр нæма уыд, æмæ æрмæг архивты уырзæй сгарæгау агуырдта. Фыста йæ йæхæдæг дæр, алы кæмтты цæрджытимæ æмбæлгæйæ.

Алыхуызон хицæуттæ йын цы цæлхдуртæ æвæрдтой, уый йæхæдæг хицæн ныхасы аккаг у. Зонады домæнтæм гæсгæ тексттæ куыд фыст æрцыдысты, афтæ сæ мыхуыр кæнын хъуыд, æмæ та-иу ын, адæм сæ нæ бамбардзысты, зæгъгæ, акодтой. «Æмæ сæ адæм сæхæдæг не сфæлдыстой?» – уыд йæ дзуапп. Дыгурон диалект æмæ къуыдайраг ныхасыздæхтыл тексттæ йын чиныгмæ хæссын нæ уагътой, официалон ирон æвзагмæ сæ раив, зæгъгæ. Нæ фæтасыд, æмæ уый йæ рæстæгæн сгуыхтдзинадыл нымад уыд.

Всеволод Миллеры, Жорж Дюмезилы æмæ иннæ ахуыргæндты куыстыты ирон нарты эпосы мифологон фæзилæнты тыххæй цы загъд ис, уыдон раиртасгæйæ, æрцыд ахæм хатдзæгмæ: «Эпосы ратæдзæнтæ æрмæст скифаг-сæрмæтаг æмæ алайнаг дунемæ нæ цæуынц, фæлæ ма дзы «цæрынц» нæ фыдæлты дæлдзæх дунеимæ баст рагзонд æмæ сæ кавказаг истори дæр».

Куыд æнæрхъæцæй-иу æнхъæлмæ каст сæрды фæлладуадзæн бонтæм та! Студенттæй нæ фæллад – фылдæр рæстæг ын-иу фæци зонадон куысты аныгъуылынæн, æмæ-иу бацæттæ кодта йæ уацтæ Лев Толстой, Чехов, Достоевский, Гæдиаты Секъа, Брытъиаты Елбыздыхъо, Малиты Георги, Коцойты Арсен æмæ иннæ фысджыты сфæлдыстады тыххæй. Уый архайды руаджы абон дзыллæйы бон у Хетæгкаты Къостайы уацмысты æмбырдгонды академион рауагъды æртыккаг томы, раздæр мыхуыргонд чи нæ уыд, ахæм пьесæйæ скъуыддзаг бакæсын.

Уæдæ ирон фæсарæйнаг фыссæг, журналист, рауагъдадон кусæг æмæ политик Цæлыккаты Ахмæты æвзæрст уацмысты фыццаг рауагъдæн цы стыр, бæлвырд æмæ мидисджын очерк ныффыста, уый та!

Йæ организаторы курдиат æххæстæй рабæрæг, университеты уырыссаг æмæ фæсарæйнаг литературæйы кафедрæйы сæргъы куы æрлæууыд, уæд. Иуæй йæ алыварс æрыгон иртасджыты æрбангом кодта, иннæмæй та – зындгонд ахуыргæндты, се ‘хсæн – академиктæ Олег Трубачев æмæ Михаил Чиковани. Иууылдæр сæ иртасæнтæ мыхуыр кодтой, кафедрæ цы зонадон уацты æмбырдгæндтæ уагъта, уыдоны. Бирæ конференцитæ саразтæуыд фысджыты номыл.

«Салæгаты Зоя у бæстон ахуыргонд, студенттимæ кусын зонæг ахуыргæнæг æмæ уарзæгой зæрдæимæ, уымæй уæлдай, принципиалон æмæ уæздан адæймаг», – йæ рæстæджы загъта йе ‘мкусджытæй иу, хистæр ахуыргæнæг Вячеслав Блажко. «Темæмæ арф бахизынмæ чи арæхсы, ахæм æцæг филолог. Уымæ дисы æфтауы йæ зонадон тырнæнтæй – æнтыстджынæй æххæссы алцæуыл дæр, райдай адæмон сфæлдыстадæй æмæ фæу уырыссаг фæсарæйнаг литературæйæ», – бафтыдта профессор Мина Тахо-Годи. «Æгæрон у зонадмæ йæ уарзондзинад. Исты темæйыл кусы, уæд та, йæ размæ цыбыр уац, фиппаинаджы онг цы загъдæуыд – иууылдæр сæ йæ хъуыдыйы дары. Йæ сæйраг адæймагон миниуæг – хæрзæгъдаудзинад», – доцент Габысаты Светланæйы хъуыды. «Нæ фæндагамонæг цырагъ», – профессор Гасситы Верæйы ныхас. «Нæ республикæйы æппæт сфæлдыстадон интеллигенци дæр æхсызгонæй кæй ном фæзæгъы, ахæм адæймаг. Йæ зонадон разамонæг, профессор Леонид Семеновы аккаг фæдон. Хуыцауы тæвагæй хайджын литератор, æцæг гуманист. Йæ уды хъарм æмæ хъуыддагæй æххуысæй хорзæрдæм бирæ хъысмæттыл сахадыдта. Алкæмæн дæр уыдта æрмæст йæ хорз миниуджытæ, æмæ уымæй цард райдзастдæр кæнынмæ арæхст», – уый та у Мæхæмæтты Ахуырбеджы хатдзæг.

…Цард не ‘хсæн, нæ бирæ æмдугонтæ æхсызгонæй кæй æрымысдзысты, ахæм адæймаг. Цард æмæ хорздзинад кодта. Бирæ йын бантыст æмæ æнтысы ныр дæр ма, уымæн æмæ йæ бавæрæн æнæхъæн фæлтæрты фæрныг хъуыддæгты ис. Уымæй стырдæр хæрзиуæг та зæххыл нæма ссардæуыд…

Пединститут. Литературæиртасæг Девлет Гиреевимæ.
Зоя бады фæстейæ астæуæй



Йæ хæлæрттимæ

САЛÆГАТЫ Зоя

ИРОН ПРОЗÆЙЫ РАТÆДЗÆНТÆ

Ирон прозæйы, æмткæй литературæйы ратæдзæнтæ æмæ райрæзт æххæстæй дæр баст сты дзыллæйы историон хъысмæтимæ. Ирыстон 1774 азы Уæрæсеимæ кæй баиу, уыцы фæзынд културæ æмæ фыссынад ног æмвæзадмæ ракодта.

Ирон адæмон прозæйы уидæгтæ, иуæй, скифты, сæрмæтты, аланты мифологи æмæ фольклормæ амонынц, иннæмæй та – Кавказы рагон адæмыхæттыты удварны хæзнатæм.

Мифологи æмæ ирон фольклор кæрæдзийыл кæй сахадыдтой, уый руаджы фæфидар поэтикон традици æмæ сæндидзыдта литературон процесс.

Дзыхæйдзургæ прозæйы мидфæзилæнтæ – аргъауы ахаст бинонты ‘хсæн цардмæ, историон цаутæ æмæ сæрибаруарзаг хохæгты фæлгонцтæ кадджыты нывæндын, дзыллæйы хъайтарон традицитæ сæ æвдисын – уыцы миниуджытыл амад у развæлгъауы ирон прозæ йæ жанртимæ (радзырд, уацау, романтикон уацмыстæ).

Литературæйы эпикон уацмысты æвзартæн бындур бацæттæ кодта эпос, фыццаджыдæр, нарты кадджытæ сæ монументалон фæлгонцтимæ.

Нузайлаг фыст «Мах уыдыстæм фараст æфсымæры», документалон, ораторты, аргъуаны тæлмацгонд уацмыстæ нын фадат дæттынц, ирон аив литературæйы фæзынд, нæ литературæиртасынад куыд зæгъы, афтæ XIX æнусы æхсайæм азтæй нæ, фæлæ XVIII æнусы астæуæй цæуы, прозæйы равзæрд та XX æнусы райдайæнæй нæ, фæлæ XVIII æнусы кæронæй нымайæм.

Ирон литературæйы æххæст аивадон системæйы сфидыдта Хетæгкаты Къостайы, Хъаныхъуаты Иналы æмæ иннæ ирон фысджыты уырыссаг æвзагыл нывæзт прозæ. Уырыссаг литературæйы æмæ ирон фольклоры традициты фыст уацмыстæ бæрæг дарынц сæ национ хæдхуыздзинадæй. Уый зыны сæ сюжеттыл, фæлгонцтыл, æндæр миниуджытыл.

1905-1907 азы уырыссаг революци æмæ уыцы рæстæджы Ирыстоны революцион уавæр бындур сæвæрдта ирон журналистикæйæн, уый руаджы уайтагъд райрæзт прозæ, уæлдайдæр та йæ чысыл жанртæ. Журналтæ æмæ газеттæ фæахъаз сты ирон прозæ цардимæ бæттынæн, фысджыты ахуыр кодтой царды хъæндзинæдтæ лæмбынæгдæр æвзары-

ныл. Уый руаджы ирон прозæ фæхъæздыг документалон æвдисæнтæ æмæ публицистикæйæ, райрæзт критикæ.

Фæлæ фæкарздæр ныхмæвæрддзинад. Иуæй, рапарахат реалистты змæлд. Йæ рæнхъыты уыдысты, йæ барджын ныхас XIX æнусы кæрон кæмæн райхъуыст, уыцы фысджытæ: Гæдиаты Секъа, Коцойты Арсен, Тугъанты Батырбег, Цæголты Георги æмæ сæ аккаг фæдонтæ – Гæдиаты Цомахъ, Брытъиаты Елбыздыхъо, Тлатты Хох, Малиты Георги, Илас Æрнигон. Иннæмæй, ирддæрæй разынд декадентты æмæ дины-мистикæйы змæлд (Цæлыккаты Ахмæт, Байаты Гаппо, альманах «Утро гор» æмæ журнал «Чырыстон цард»-ы уацмысты фылдæр хай). Уыдон литературæйы дыууæ къабазы нæ уыдысты, фæлæ культурæйы дыууæ цæхгæр ныхмæвæрд лагеры: демократон културæ æмæ традицитыл хæст культурæ.

Реалист-фысджыты сфæлдыстады фидар кæнынц ирон фольклоры, Хетæгкаты Къостайы уацмысты уырыссаг литературæйы традицитæ. Ирон прозæйыл зыны уырыссаг реализмы минæвæрттæ Пушкин, Гоголь, Толстой, Чехов, Гаршин, Короленко, Горькийы тæваг. Йæ дарддæры рæстæн та æвдадзы хосау уыдысты ирон æвзагмæ уырыссаг æмæ фæсарæйнаг литературæйы классикты уацмысты тæлмацтæ.

Уырыссаг литературæйы ирон æвзагмæ тæлмацгонд уацмыстæй хицæн рауагъдæй фыццагдæр рацыд Гаршины «Четыре дня» (Гаршин. Цыппар боны. Хæсты быдыры. Стæлмац æй кодта Датиты Бибиц, быдираг сармадзанты афицер. – Дзæуджыхъæу, 1905 аз). Тæлмацгæнæг хорз банкъардта Гаршины текст æмæ ирон æвзаджы хицæндзинæдтæ, арæхстджынæй равдыста радзырды психологизм, мидмонологтæ, æмæ уый ирон прозæйæн уыд стыр фæзынд.

Хицæн рауагъдтæй ма рухс федтой Андерсены радзырдтæ Æмбалты Цоцкойы тæлмацæй æмæ Короленкойы уацмыс «В пустынных местах»-æй скъуыддзаг «Приемыш» Малиты Георгийы тæлмацæй.

Революцийы размæйы рæстæджы цы прозаикон жанрты системæ фидаргонд æрцыд, уым сæйраг бынат радзырд æмæ очерк ахстой, фæлæ фидæны стыр жанртæ – уацау æмæ роман – снывæндынмæ чи сарæхса, ахæмтæ дæр фæзынд: Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Секъа, Цæголты Георги, Тлатты Хох, Брытъиаты Елбыздыхъо.

XIX æнусы кæроны – XX æнусы райдайæны ирон прозæйыл зыны романтизмы тæваг. Уыимæ, зæгъæм, Тугъанты Батырбеджы «Фыййау Баде» æмæ «Ханиффæ»-йы баиу сты романтизм æмæ реализм.

Радзырд «Фыййау Баде»-йы æвдыстæуы, сæйраг хъайтары ахуыры фæндагыл ацæуыны æмæ йæ адæмы сæраппонд басгуыхыны бæллиц кæй нæ сæххæст уыдзæн, уый. Сæнайы хохы фæлгонц та нывæзтæуы арф символон мидисимæ. Мæгуыр фыййауæн æбæллиццаг хъысмæт цæттæгæнджытæ (цæрæнбонтæм хъуамæ уа æфсæддон) хохы цур лысчъытæ сты, фæлæ æбар хохæгтыл сæ бон цæуы. Баде бамбæрста, хуыздæр фидæныл йæ ныфс дзæгъæлы кæй дары, æмæ ма йын зæрдæрухсы хос у æрмæст уæлмонц æнкъарæнтæ æфтауæг Сæнайы хох.

«Ханиффæ»-йы та автор æвдисы, худинаджы бæсты кæддæриддæр мæлæт чи равзардзæн, ахæм æхсарджын хохæгты.

Йæ иннæ къорд радзырды фыссæг сси Коцойты Арсены развæдгæнæг ирæд домыны, абырæг цæуыны, туг исыны æппæрццæг миниуджытæ æвдисыны хъуыддаджы. Зианхæссæг æгъдæутты ныхмæ йæ «Месть молодого горца»-йы радзырдта Брытъиаты Елбыздыхъо дæр.

Ирон прозæйы реализмы критикон цæстæнгас, цард ног хуызы равдисыны фæлтæрæнтæ ирдæй разындысты Илас Æрнигоны «Челе»-йы. Сæйраг хъайтар Челейы фæлгонцы æвдыст цæуынц ирон хъæуы сæвзæрæг буржуазийы æппæрццæг миниуджытæ. Мулк æм арвæй не ʻрхауд – æхсæв-бон нæ зонгæйæ фæкуыста, æмæ уый руаджы схъæздыг. Фæлæ замана уый у, æмæ царды ад нæ базыдта, æрдхорд кæнæ уарзон адæймаг йæ цуры нæй, сырдау æгъатыр æмæ æнæбафсисæй базæронд. Йæ царды фæстаг уысмты хъуыды кæны, сыхæгтæм ын цы ардуан баззад, ууыл. Уый йын сси табуйаг, æмæ йын æй куы ʻрбахастой, уæд йæ уд сисын дæр сфæрæзта. Йæ алыварс иууылдæр йæ мæлæтмæ кæй æнхъæлмæ кастысты, уый, хæрздзæгъæлы кæй фæцард, уымæн хуыздæр æвдисæн сси. Уацмыс уыд ног ныхас ирон прозæйы, æмæ йыл ахадгæ та кодта уырыссаг литературæйы реализмы æвдисæн Лев Толстойы «Смерть Ивана Ильича».

XX æнусы ирон фысджытæ дæр банкъардтой уырыссаг литературæйы гуманистон традицитæ. Зæгъæм, стыр гуманист æмæ цыбыр радзырды дæснийæ йæхи равдыста Малиты Георги. Йæ радзырд «Фидиуæджы мæлæт»-ы дзырдæуы, æхсæнады йæ бынат чи не ссардта, иу бамæтгæнæг дæр кæуыл нæй, уыцы фидиуæг Дадойы. Дæс æмæ ссæдз азы сидт хъæубæстæм æмбырдтæм, айхъусын сыл-иу кодта ахсджиаг хабæрттæ, фæлæ ныр базæронд, æмæ йæ йæ куыстæй хицау хъуамæ атæра. Мæгуыр лæг цы азымджын фæци æмæ дарддæр цæмæй хъуа-

мæ цæра, зæгъгæ, куы бафарста, уæд ма йын алывыд дæр акалдтой. Уыйадыл йæ зæрдæ аскъуыд æмæ мардæй æрхауд.

Иннæ радзырд «Æхгæд зæрдæ»-йы фыссæг æвдисы мæгуыр фыййау Бидзихы. Уый цæрæнбонты уарзта балхъайраг къниазы чызджы, æнæрвæссон Зулематы. Хъайтар зæгъы, амонд мæгуырмæ хæстæг нæ цæуы, зæгъгæ. Автор та æндæр хъуыдыйыл хæст у: дæ амондыл хъуамæ, фыццаджыдæр, дæхæдæг тох кæнай.

Уæрæсейы æмæ Ирыстоны революцион змæлд ирон фысджыты сразæнгард кодта фидæны царды социалон рацарæзтыл хъуыдытæм, се 'ппæтæн дæр ахуырæн æмæ куыстæн æмхуызон уавæртæ аразынмæ сидынмæ. Уымæн æвдисæн – Тлатты Хохы «Фын». Зыны йыл Чернышевскийы роман «Что делать?»-ы тæваг. Дуджы бирæ риссаг фарстатыл дзы кæй дзуры, уымæ гæсгæ разæнгард кæны иннæты дæр сæ хъуыды зæгъынмæ. Ныхас цæуы Бетъырбухы цæрæг ирон студенты номæй, æмæ уый руаджы раргом вæййы йæ миддуне. Автор Хетæгкаты Къоста æмæ Гæдиаты Секъайы фæстæ бавнæлдта психологон анализмæ. Æххормаг студент йæ æвæрæздзинад бæтты йæ адæмы мæгуыр уавæримæ. Фæлвары, цæмæн афтæ у, уый бамбарын, æмæ аххосджын кæны… адæмæн сæхи. Не 'мбары, сæ тухæнты аххос æлдариуæггæнæг хъæздгуытæ кæй сты.

1905 азы газет «Казбек»-ы мыхуыргонд æрцыд Гæдиаты Цомахъы радзырд уырыссаг æвзагыл «На краю (страничка из частной студенческой жизни)». Фæзынд ыл Чеховы радзырд «Припадок»-ы тæваг, уыимæ дзы автор ары Гаршины ном. Гæдиаты Цомахъы радзырд дæр фæзынд, Гаршины «Четыре дня» иронау куы рацыд, уæд. Уый нæ, фæлæ ма Цомахъ ныффыста уац «Всеволод Михайлович Гаршин» дæр. Уым стыр аргъ скодта фыссæджы сфæлдыстадæн æмæ йæ гуманистон ахастæн хуымæтæг адæммæ. Уый фæстæ, йе сфæлдыстадон бынтæй йын хатдзæгтæ скæнгæйæ, мыхуыры рауагъта йе 'ннæ уацмыстæ: «Фузæ», «Ирон сылгоймаг», «Ваняйы низ», «Музыкæ».

Революцийы фæстæ реализмы бындуртæ ирон литературæйы ноджы фæфидардæр сты – рацыдысты Коцойты Арсены «Джанаспи» æмæ «Кæфхъуындар», Гæдиаты Цомахъы «Царды уæз» æмæ «Фыдæлты намыс». Æппæт уавæртæ дæр арæзт æрцыдысты ирон прозæйы ратæдзæнтæ фæуæрæх æмæ фæкъабазджындæр кæнынæн…

Монографи «От Нузальской надписи к роману»-йы хатдзæгтæгæнæн хаймæ гæсгæ цæттæгонд æрмæг

ДАУЫРАТЫ ДАМИР: 85 АЗЫ

(1939)

Ехх, Ирыстон, чысыл дæ, фæлæ дæ стыр хур тавы, уымæн æмæ дæхицæн дæр стыр зæрдæ ис. Фæлмæн æмæ уарзæгой Зæрдæ...

ФАРН ДÆМ БАДЗУРÆД, НÆ БУЦ ХИСТÆР!

Ирыстоны адæмон фыссæг æмæ зындгонд æхсæнадон архайæг Дауыраты Дамирыл сæххæст 85 азы. Йæ ном хъуыстгонд у нæ республикæйы цæрджытæн. Йæ аивадон уацмыстæ æмæ публицистон æрмæджытæ уæрæх ахадынц чиныгкæсджыты зæрдæты. Цы лыггæнинаг фарстатыл дзы фæдзуры, уыдон та хицæн кæнынц рæстдзинад æмæ æргом ныхасæй. Ханджерийы фырт у ссæдз чиныгæй фылдæры автор. «Сæрдыгон фæткъуытæ», «Мæ сабибонты фæлмæн къæвдатæ», «Дидинæг сындзыты астæу», «Уыцы гыццыл стыр Хъуыбады», «Фыццаг арвнæрдмæ», «Удыбæстæ», «Ироны къам мæйыл», «Чи фембæлд ирæттæй Сталинимæ», «Уыцы зонджын тугдзых», «Лезинкайы суадæттæ», «Рухс нæмттæ», «Уататы Бибо æмбæлтты цæстытæй», «Мæ хъæу – Хуымæллæг», «Иу фынгыл паддзæхтимæ», «Суадæтты зæлланг», «Ныуугъон мæ рухс ном», «Лæгау лæгтæ» æмæ иннæтæ систы нæ адæмы уарзон чингуытæ. Дамиры чингуытæ æмæ хъæйтартæм адæймаджы фæнды ног æмæ ног здæхын. Уый та нысан кæны æрмæстдæр иу – чиныгкæсæг дзы йæхицæн ссары, сагъæс кæнынмæ йæ чи хоны, ахæм æууæлтæ, миниуджытæ æмæ фæстиуджытæ. Æмæ сæм уый фæрцы фыссæг зынгæ фæхæстæгдæр вæййы.

Дамиры уацмысты хъæйтартæ сты не ‘мдугонтæ, нырыккон ирон хъæуты цæрджытæ сæ тыхст, сæ цин æмæ сæ бæллиццтимæ. Уыдон цæрынц æмæ фæллой кæнынц райгуырæн зæххыл, зонынц, Райгуырæн бæстæ кæцæй райдайы, уый. Дзыллæйы зæрдæйы фидар кæнынц монад æмæ фæткæвæрдады миниуджытæ. Раздæр ирон чиныгкæсæг æнхъæлмæ каст, редактор кæмæн уыд, уыцы газет «Рахизфарсы цард»-ы алы номыры рацыдмæ, ныр та – йæ чингуыты фæзындмæ. Уый, мæнмæ гæсгæ, амонды хъуыддаг у алы фыссæгæн дæр. Дамир йæ кæсджыты фарнæй хайджын кæй у, уый Ирыстоны сусæг никæмæнуал у. Дамир – адæймаг, Дамир – фыссæг, Дамир – депутат, Дамир – горæты сæргълæууæг, Дамир

– редактор, Дамир – сыхаг, Дамир – ирон лæг – арф ныххызт сæ сæрызонды. Æмæ йын алывæрсыгæй дæр сæ бон аргъ кæнын кæй у, уый у йæ иубæстон адæмы цыргъ зонды æвдисæг. Ирыстоны ис, йæ райгуырæн районыл иузæрдионæй чи баззад, ахæм дыууæ адæмон фыссæджы: сæ иу у Дамир, иннæ та – Бабочиты Руслан.

Сæ райгуырæн уæзæгыл сæ зæрдæ кæй нæ сивтой, уый тыххæй сын адæм стыр аргъ кæнынц. Æмæ уый стыр хæс æвæры Дамирыл. Уымæ гæсгæ, фыссæг уæвын Дауыры-фыртæн нысан кæны стыр æмæ бæрнон хъуыддаг. Фыссæг уæвын Дамирæн нысан кæны рæстдзинадыл тохгæнæг: йæ алы аивадон сурæт дæр хъуамæ уа бæрзонддæр, йæ алыварс цæрæг адæмæй уæлдæр, арфдæр æмæ уæрæхдæр зондыл хæст удгоймаг. Фыссæг уæвын Дамирæн нысан кæны царды æххæстад хъахъхъæнын, дунейы рæсугъддзинадыл ахорæнтæ æфтауын. Ахæм зондыл хæст адæймагæн уæларвон тыхтæ дæр æххуыс кæнынц нæрæмон гуырд уæвынæн. Адæмы цæст уынаг у, зæгъæ, фæзæгъынц, æмæ уымæ гæсгæ царды фæзилæнты къæрцхъус уæвын хъæуы. Дамир уый хорз æмбары æмæ, йæ цæст цардыл лæмбынæг хæсгæйæ, æцæгдзинады тыгъдады цы диссæгтæ æрцахсы, уыдон æрдзон хуызы бацæуынц йæ уацмысты мидисамадмæ, уый фæстæ та æрлæууынц адæмы тæрхоны фæз. Афтæ фыссæг æмæ йе сфæлдисæг адæм, кæрæдзи æххæстгæнгæйæ, цæуынц царды гуылфæнты – фидæнмæ, зæрдæхсайæн бынæттæ æмæ æххуысмæ.

2024 азы райдиан, æртхъирæны мæйы рæстæмбисы Дауыраты Дамир бацыд йæ куырыхон кары. Фæлæ нырма йе сфæлдыстадон тых нæма байсыст. Æмæ нæ уый ныфс уадзы, нæ адæмон фыссæг ма нын нæ зæрдæ мидисджын уацмыстæй кæй барус кæндзæн, уымæй.

ХОЗИТЫ Барис,
Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг

ДАУЫРАТЫ Дамир

ЗÆРДÆЙЫ ЗÆГЪИНÆГТÆ

Æмдзæвгæтæ разныхæстимæ

НЫХАС МÆ МАДИМÆ

Ацы æмдзæвгæ мæ фыццаг æмдзæвгæтæй иу у.

10-æм кълас. Хуымæллæджы астæуккаг скъола. Фæззæг. Литературон къорд «Æвзонг талаты» разамонæг Галазты Æхсарбег, æмдзæвгæтæ фыссынил чи фæлвæрдта, уыцы лæппуты æмæ чызджыты фæсурокты баурæдта æмæ сын загъта:

– Цалдæр боны фæстæ нæм ныййарджыты æмбырд уыдзæн. Бавдæлут æмæ уæ мадæлтыл фæйнæ æмдзæвгæйы ныффыссут. Хуыздæр кæмæн рауайа, уый йæ уыцы æмбырды бакæсдзæн.

Уыцы стыр кад æрхауди мæнмæ.

Каст нæма фæдæн, афтæ электрон рухс ахуыссыд, фæлæ залы иу сыбыртт дæр нæ райхъуыст. Æз дæр мæ каст нæ баурæдтон. Куы фæдæн, уæд, мадæлтæ сабыр куыд куыдтой, уый бамбæрстон, æз та мæ бынаты бандзыг дæн. Стæй сæ чидæр загъта:

– Иу хатт ма йæ радзур...

Æз та йæ ногæй уыцы талынджы радзырдтон.

Уæдæй фæстæмæ мæ сидзæргæс мад мæнæй куыд сæрыстыр уыд, уый мæхицæй хуыздæр ничи æмбæрста.

Æртыккаг бон æппæт скъоладзауты раз мæнæн ацы æмдзæвгæйы тыххæй раарфæ кодта Ирыстоны фидæны Президент Галазты Æхсарбег æмæ мын балæвар кодта Къостайы чиныг мæнæ ахæм фыстимæ: «Йæ ныййарæг мады афтæ бирæ чи уарзы, уымæн æвзæрæй тас нæу...»

Мæ райгуырæн хъæу Хуымæллæджы уæлмæрды мæнæн дыууæ зынаргъ цырты ис – мæ фыд æмæ мæ мадæн. Мæ мады цыртыл мæ къух æдзухдæр фылдæр бафæстиат вæййы, мæ мады цæстытæм цæмæндæр тынгдæр нымдзаст вæййын...

Мæ ныййарæг, мæ фарсмæ ‘рбад,
Кæнон мæ зæрдиаг ныхæстæ...
Куыд бирæ уарзын дзурын «Мад».
У кадджын ацы дзырд мæ цæсты.

Зæгъ мын, мæ рæвдауæг, цæмæй,
Цæмæй дын бафидон дæ хæрзтæ?
Ды цасфæнды дæр дом мæнæй, –
Дзæвгар – дæ хъæбулæн йæ хæстæ.

Æз дæн лæджы бындзæфхад ныр,
Цæрын æз базыдтон дæ фæрцы.
Дæхи ды макуы схон мæгуыр, –
Дæ фырт зындзинæдтæй нæ тæрсы.

Нæ тæрсы! Ахæм фырт дын нæй.
Æмæ йыл дар дæ зæрдæ царды.
Нæ лидзын дардмæ æз куыстæй, –
Уый ис мæ удыхъæд, мæ зарды.

Нæ зыдтон æз мæ фыды, нæ,
Йæ сæр нæ амондыл æрхаста...
Æз де 'вджид баззадтæн, æмæ
Ды хорз хъæбулæй мæн схастай.

Мæ ныййарæг, зæгъ мын, цæмæй,
Цæмæй дын бафидон дæ хæрзтæ?
Ды цасфæнды дæр дом мæнæй! –
Дзæвгар – дæ хъæбулæн йæ хæстæ...

1958 аз, мартъи

АРВÆРДЫН – ДÆ ДИДИНХУДЫ СКЪУЫД...

Æз мæ фыды нæ хъуыды кæнын.

1941 азы 24 июны йæм хъæусоветы хицау Цæлыччы быдырмæ ацыд, похциласт нартхоры хуымы астæу æй йæ тракторæй рахизын кодта, фронтмæ дæ цæуын хъæуы, зæгъгæ.

Мæ мад-иу арæх æрымысыд: «Куыддæр-иу хæстон ахуыртæ цыди, афтæ-иу æппæты разæй нæ хъæуы дæ фыдмæ фæдзырдтой. Хæстмæ Дудараты станцæйæ цыд, суанг дæ хъæугæронмæ ахаста йæ хъæбысы, стæй дæ цъæх нæууыл æрæвæрдта, æнкъардæй ма дæм худти...»

1942 азы кæрон мæ фыд æнæнхъæлæджы ссыд, фæлæ уый дæр нæ хъуыды кæнын. Фæсхæст нæм йе ‘мбал æрцыд, джызæйлаг бæрзонд лæппулæг, æмæ мæнæ цы радзырдта мæ фыды уыцы ссыды тыххæй: «Тохы быдырæй цæф хæстонты иумæ хастам. Мæйдар æхсæв уыди. Бафæлладыстæм. Нæ размæ иу цæф хæстон фæци, уæлгоммæ хуысгæйæ. Æз дæ фыдæн афтæ бакодтон: «Æгæр уæззау у, нæ фæстæ чи цæуы, уыдон æй ахæсдзысты». Дæ фыд не сразы: «Ахæссæм æй, куы нæ йыл бамбæлой, уæд та?!» Уæд нæм цæф хæстон сыгъдæг иронау куы сдзурид: «Ма мæ ныууадзут ам, ма мæ ныууадзут». Уæхи хъæуккаг, хуымæллæггаг разынд, Безатæй. Уæд Сталинградæй цæфты Ирыстонмæ ластой, æмæ дæ фыд дæр йæхи командирæй ракуырдта, мæ хъæуккаджы, дам, æз мæхæдæг схæццæ кæнон...»

Æртæ боны фæцис мæ фыд нæхимæ. 1943 азы сентябры кæрон та мæ мадæн райгуырди чызг, мæ хо Заремæ. Фондз азы йеддæмæ нæ ацард, фæсхæст æххормаг аз йæ дæндæгтæ азгъæлдысты.

Уæ фарн бирæ, фæлæ мæ дзæбæх къай Фатъимætæн чызг куы райгуырд, уæд æм арæндонмæ гæххæтты гæбазыл дыууæ рæнхъы барвыстон:

«Ныртæккæ ис демæ

Дауыраты Заремæ...»

Бамбæрста мæ Фатъимæт.

Мæ фыд Ханджери дыууæ Заремæйæ иуы дæр нал федта. 1944 азы 24 январы Смоленскæй цæфты эшелоны рацæйцыд, æмæ сыл немыцаг хæдтæхджытæ тыгъд быдыры бомбæтæ æрызгъæлдтой... Ныгæд æрцыд уыцы сахары бæстастæу æфсымæрон ингæны. Уыдтæн æм, Заремæйы нывæфтыд къухмæрзæны йын мемæ Цæлыччы саумæр зæххæй аластон...

Дунемæ хъоппæг цæстытæй кастæ,
Уыдтæ рæсугъд, къæбæлдзыгсæр, къæсхуыр.
Ды быдираг дидинджытæ уарзтай,
Бирæ уарзтай уалдзыгон быдыр.
Арæх-иу дзы дидинхудтæ сбыдтай.
О, куыд хорз-иу сфидыдта дæ сæр!
Хæст цыди, дард кæцæйдæр хъуыстам
Хæдтæхджыты, сармадзанты хъæр.
Охх, нæ фыд! Хæстон дарæс нæ фыдæн

Уыцы аз йæ фæстаг дарæс уыд...
Хæдзармæ нæ ныййарæджы не ‘вдæлд, –
Не ‘фсæддонтæн хорæй æххуыс хъуыд.
Дон æмæ кæрдзын ын иумæ хастам
Сихорхæрдæн Зилгæйы къуыммæ.
Къæвдатæ нæ цал хатты æрцахстой?!
Донластæй-иу схæццæ стæм хъæмæ...
Махмæ ныр дæ къам дæр ма нæ баззад, –
Хæстмæ ацыд хъæуы хуызисæг.
Ды быдираг дидинджытæ уарзтай...
Баруайынц дæ ингæныл фæззæг.
Де ‘мгæрттæ цæййæстæ сты, цæййæстæ!
Афонмæ куыд байрæзтаис, куыд?!
Хъæугæрон мæм арвæрдын фæкæсы,
О мæ хо, дæ дидинхуды скъуыд...

1967 аз, июнь

ОЙ, ÆНА...

Мæ кæддæры хæлар Ходы Камал горæты фатер куы райста, уæд уырдæм аласта йæ мад Уæлгайы дæр. Æз æй иу хатт бабæрæг кодтон æмæ йæ баййæфтон иунæг æмæ æнкъардæй. Уымæй размæ дæр Уæлгайы къухæй бирæ цæхх æмæ кæрдзын бахордтон, ныр дæр та мын уайтагъд мæ цуры фынг авæрдта. Йæ фырты æмгæртты бирæ уарзта. Йæхæдæг мын уæд арахъхъ рауагъта, агуывзæ мæм радта æмæ уыцы æнкъардæй загъта:

– Де ‘рбацыдæй та мын хъæу ногæй мæ цæстытыл ауайын кодтай. Бузныг. Дæ фынг мæ нуазæнæй райдай...

Иу сахаты бæрц фæбадтæн йемæ, æмæ Уæлга мысыди, мысыди... Мысыди йæ сыхæгты, йæ чызгон æмгæртты, хъæууон изæртæ, Дзæгъæлкомы уыгæстыл цæргæстæ сæ фæллад базыртæ куыд æрæвæрынц, уый...

Куы рацыдтæн, уæд, Дзæуджыхъæуæй Хуымæллæгмæ цæугæйæ, автобусы мæнæ ацы æмдзæвгæ ныффыстон.

Уымæй иу цалдæр азы фæстæ Уæлга куы фæзиан, уæд ын горæты кæрон хæрды æз дæр хастон йæ чырын. Мæ зæрдæ суынгæг, мæ цæстытыл та уадис, иу хатт Камалы уæзæг Ног Бæтæхъойыхъæуы уæлмæрды

иу зианы фӕдыл Уӕлгаимӕ куыд сӕмбӕлдыстӕм, уый. Уӕлмӕрды арфӕй рацыдис мӕ хӕлары мад, бацин мыл кодта ӕмӕ загъта:

– Уӕртӕ нӕ зӕронд мӕрдтыл авӕрдтон мӕ къух...

Стӕй аджих, ингӕнтӕ къахт кӕм нӕма уыд, уыцы ӕнӕфхӕрд, ӕнӕссӕст кӕрдӕгмӕ бирӕ фӕкаст, арф ныуулӕфыд ӕмӕ та загъта:

– Тагъд мӕнӕн дӕр мӕ бынат ам уыдзӕни...

Ӕвӕццӕгӕн ӕй фӕндгӕ дӕр афтӕ кодта...

Ӕвӕдза, диссаг у мад: йӕ фӕстаг фӕндагыл цӕугӕйӕ дӕр йӕ фырты зӕрдӕхудты нӕ бацыдис... Ӕнӕуд сахар ӕй бынтондӕр йӕхи бакодта.

Ныр ӕз хатгай Ног Бӕтӕхъойыхъӕуы уӕлмӕрдмӕ куы бафтын, уӕд мӕм афтӕ фӕкӕсы, цыма мӕ хӕлары Стыр Мады ингӕн ам ис. Ӕндӕр никуы...

Ой, Ӕна, ӕвӕццӕгӕн, дӕ карӕнтӕ
Иууылдӕр
Сывӕллонау –
Ӕуундаг.
Ыскъӕйных дӕм дӕ кӕстӕр фырт,
Ысуӕндаг:
Дард хъӕуӕй дӕ горӕтмӕ фӕласта.
Ратыхсыс дзы, –
Трамвайты хъӕрмӕ
Н‘ ахсы дӕу ӕмбисӕхсӕв хуыссӕг.
Ам ӕлхӕнгӕ – алцыдӕр:
Хыссӕ,
Маст бӕгӕны, нурытӕ, ӕхсыр...
Ӕмӕ ‘хсайы хъӕубӕстӕм дӕ зӕрдӕ.
Афонмӕ уым стъалыджын изӕрты
Устытӕ суадоны ӕхсынц
Ног мӕнӕуӕй бӕгӕныйӕн задаг.
Мысынц дӕ,
Дистӕ дыл кӕнынц:
«Цӕмӕн ӕй хъуыд горӕтаг уӕладзыг?
Цы сӕрра ис зӕрондырдӕм Ӕна?..»
Куы дӕ фенын,
Хатгай уӕм куы бауайын,

Радзурыс мын алы хатт дæ фын:
Цыма дæ сæумæцъыккæй Хуры тын
Быдыртæм йæ фæдыл хуыдта,
Фæлæ дæ хъулон-мулон
Трамвайы
Дæ кæстæр фырт
Фæстейы
Сырдта, сырдта, сырдта...

1973 аз, август

ФÆХИЗЫС ДЫ НÆ ХÆДЗАРЫ КЪÆСÆРЫЛ...

Дæуæн, Фатъимæт

Æз ацы дунейыл уарзтон æрмæстдæр æртæ сылгоймаджы:
Мæ мады,
Мæ цардæмбалы,
Мæ чызджы.
Иннæ сылгоймæгтæй стыр хатыр курын, кæд сын искуы уарзынæй зæрдæ бавæрдтон, уæд. Уыдон-иу уæд æнæрхъуыды ныхæстæ уыдысты.
Æз ацы дунейыл Æцæг Уарзтæй уарзтон æмæ уарздзынæн æрмæстдæр æртæ сылгоймаджы:
Мæ зынаргъ мад Бидугкайы,
Мæ къона Фатъимæты,
Мæ дзæбæх чызг Заремæйы.
Кæддæр-иу æз алы уалдзæг дæр æртæ быдираг дидинæджы æртыдтон æмæ-иу сæ мæхи къахт суадоны, Хуымæллæджы, Туацъæйы абузгæ уылæнтыл хъавгæ æрæвæрдтон. Дидинджыты уæзæй суадон змæст никуы вæййы.
Суадоны Сыгъдæгдзинад у Æнусон.

О, цы Хуыцау ма мын
Бавзарын кодта дæу?
Æрæджиау ма цы ‘рлæууыдтæ
Мæ фæндагыл?..
Куы дæ фенын,
Уæд вæййын сывæллоны хуызæн,

Мæ къухтæ мæ коммæ
Нал фæкæсынц,
Нæ ныхас кæрæдзиуыл нал фæбады.
Ризын байдайын,
Вæййы мын цыма уазал.
Дæ цæстытæй та рудзгуытау
Дыууæ рухсы уæд фемæхсынц.
Ехх, бæргæ сæм батавин мæхи,
Фæлæ мæ нæ фæтавынц.
Фæдавынц
Мын
Мæ мæгуыр тых æмæ
Рæсугъддзинад.
Мæнæй æдыхдæр нал вæййы
Зæххыл,
Мæнæй фыдуынддæр нал вæййы
Зæххыл...
Гъей, кæм дæ,
Мæ ирвæзынгæнæг?!

* * *

Цы мын уыдзынæ? –
М ‘амонд æви ме ‘намонд,
Уый нырма нæма бамбæрстон æз,
Æмæ буары судзгæ телтау
Уæззау дыз-дыз
Ме ‘нкъарæнтæ радыгай ныккæнынц.
Уæд мæнмæ ныхъхъæр кæнын фæцæуы,
Хуыцаумæ скувын,
Агурын æххуыс,
Фæлæ фенын:
Ды мæнмæ кæсыс,
Худыс мидбылты,
Æнæхин, æнæныфс...
Æмæ та æрæнцайы мæ уд
Сывæллонау.

* * *

Æваст
Ныдджих вæййын, нырризын,
Мæ цæстытыл куы ауайын кæнын:
Фæхизыс ды
Нæ хæдзары къæсæрыл...
Фесхъиуын мæ мидбынат тæрсæгау.
Зæрдæ
Фыр худæгæй бакъæцæл вæййы –
Къостайы Фатимæйау æнæхъуаджы,
Æнæхъуаджы, æнамонд бæллицтыл...
Æмæ кæмдæр
Кæддæр
Куы байсысы йæ зæл,
Уæд та мæ цæстыл ауайы:
Фæхизыс ды нæ хæдзары
Къæсæрыл.

1972 аз, сентябрь

* * *

Уыцы аз скодтам чындзæхсæв дæр, æрæджы йын сбæрæг кодтам йæ фæндзай азы юбилей. Дæлдæр цы рæнхъытæ бакæсат, уыдон уыцы бонмæ ныффыстон.

Кæддæры фæззæг, сызгъæрин фæззæг...
Йæ хуыз ыскалдта мæ хъæу Хуымæллæг.
Æвддæс «Волгæ»-йы кæрæдзи фæстæ
Куы араст сты Хохмæ* чындзхæссæг.
Ходы Камал дзы, Таймураз Хаджеты
Цы зард фæкодтой,
Цæй онгты хъуысти!..
Фатъимæтæн дзы йæ райдзаст уаты,
Оххай, йæ зæрдæ фыр цинæй рызти.
Хъæуы дæллагварс мæ мæгуыр мад та
Минуттæ иугай уырзæй нымадта.

* Хох – Хуымæллæджы иу уынг хæссы ацы ном

Цастæ йæ хъуыдис йæ фыртæн, цастæ! –
Ыстыр амонд ын йæ чындз æрхаста.
Уæдæй фæстæмæ Уарзты бæстæмæ
Æз мæ гыццыл уд мæ къухы хæссын
Æмæ дæ фарсмæ уæдæй фæстæмæ
Ацы дунейыл ницæмæй тæрсын.
Уæдæй фæстæмæ, мæхимæ гæсгæ,
Æз базырджын дæн, аргъæутты сагсур.
Къуындæг мын фестынц арвы цъæх фæзтæ...
Стъалытæн дзы сæ тыбар-тыбур...
Кæддæры фæззæг,
Амонды фæззæг, –
Мысы йæ абон мæ хъæу Хуымæллæг,
Æвддæс «Волгæ»-йы кæрæдзи фæстæ
Куыд араст ысты Хохмæ чындзхæссæг.

2022 аз, 12 ноябрь,

ÆМГАРЫ МЫСГÆЙÆ...

Цалдæр азы размæ иу уалдзыгон бон Дзæуджыхъæуы Максим Горькийы уынджы бахызтæн радиокомитеты къæсæрæй æмæ бахостон мæ хæлар Чеджемты Æхсары кабинеты дуар. Цыдæр ныхасæн мæ хъуыд. Баййæфтон дзы æртæ æнкъард сылгоймаджы, сæ ныхасы хъæдæй йæ бамбæрстон: Хуссар Ирæй æрбацыдысты. Сæ иунæг æфсымæр фæмард гуырдзиаг лæгсырдтимæ тохы, æмæ Æхсарæй куырдтой, цæмæй йыл ныффысса зарæг.

Куы ацыдысты, уæд Æхсар йæ бынаты æрбадт æмæ йе стъолы бинаг лагъзæй цавæрдæр æрттиваг хос систа, доны агуывзæ рауагъта, бануæзта йæ.

– Хорз æмæ сын сæ ныхæстæ нæ фехъуыстай, – загъта мын мæ хæлар, – науæд дæуæн дæр дæ зæрдæ сæнкъуысыдаид.

Æз æй бамбæрстон, фæтæригъæд ын кодтон, æмæ мæ дзыхæй æнæнхъæлæджы фарст схаудта:

– Дæхиуыл та дын, Æхсар, чи скæндзæни зарæг?

Уый йæ сæр æруагъта, стæй мæм æнкъард цæстытæй æрбакаст æмæ загъта:

– Ды-иу æмдзæвгæ ныффыссын бафæлвар... Æцæг-иу æй Альбинæмæ равдис...

Мæ хæлар куы нал ис, уæдæй фæстæмæ нæ уыцы фембæлд арæх æрлæууы мæ зæрдыл, йæ фæстаг ныхæстæ мæм фæдзæхстау кæсынц, æмæ æрæджы бафæлвæрдтон, кæд поэтикон рæнхъытæ рагæй нал ныффыстон, уæддæр.

Чегемты комы – хурдзаст уæлвæзтæ.
Урсриу бæлæттæ уым ыстахтысты,
Æмæ ныррухс и нæ Иры бæстæ...
Уыдон Æхсарæн йæ зарджытæ сты.

Æмæ тæхынц, уæдæй нырмæ тæхынц,
Уæлæуæзты нæ хæхты зæлтау зилынц.
Нæ кæстæрты нын разæнгард кæнынц,
Фыдæлты намыс уарзынмæ нæм сидынц.

Ды ацы зæххыл амондджын уыдтæ,
Хъæбулы уарзт нæ ауæрстай дæ мадæн.
Йæ хуыд дзабырты цы фæндæгтыл цыдтæ, –
Ныр хуры тынтæй баззадысты махæн.

Дæ зæрдæйы дыууæ сыгъзæрин базыры
Дæу бæрзонддæр сисын-иу фæндыд.
Стыр Хуыцау дæ цуры разынд азымджын, –
Нал федтай дæ фæстаг чиныг ды.

Дæ бæлæттæ – дæ зарджытæ тæхынц,
Æрвдидинджытау арвгæрон æрттивынц, –
Чегемы цотæн царды ныфс дæттынц,
Зæдбадæн Заманхъулмæ сæм сидынц...

Ам дæуæн ингæны зæхх нæ къахтой,
Ам цыртæн нæ акалдтой бæлас...
Махæн ды зæриндуртæй ныууагътай
Ирон зарæг, ирон рæсугъд ныхас.

2014 аз, август

МÆ АДРИС – ЙÆ ТÆККÆ ЦЪУПП ПАРНАСÆН

Кæцыдæр аз поэт Хæмыцаты Албег мæн æмæ Ходы Камалы радиокомитетмæ бахуыдта, микрофоны цур, дам, фæйнæ фондз æмдзæвгæйы бакæсут. Камал мæнæй уæлдай бакаст, уымæй размæ Хъайтыхъты Геор æмæ Æлборты Хаджумарыл кæй ныффыста, уыцы пародитæ дæр.

Студийæ фæстæмæ Албеджы кусæнуатмæ куы раздæхтыстæм, уæд Албег Камалæн афтæ зæгъы, кæс-ма, дам-иу, ныр та уыдон фысдзысты дæуыл. Камал цыма Албеджы уыцы фиппаинагмæ рагацау цæттæ уыд, уыйау хъæддыхæй афтæ куы зæгъид:

– Мæнмæ уыдон пародийы аккаг рæнхъытæ не ссардзысты!

Йæ дзуапп мæм цæмæндæр æгæр къæйных фæкаст æмæ йæм мæхи нал баурæдтон:

– Уыдон куы не ссарой, уæддæр дæм æз ссардзынæн!..

Абон дæр æй нæ зонын, бауæндыд мыл æви нæ, уый, йæ цæстæнгасыл бæрæг нæ уыд.

Къуыриййы фæстæ йæм æз Фысджыты цæдисмæ бацыдтæн, дæлдæр кæй бакæсай, мæ кæсæг, уыцы рæнхъытæ йын йæ кусæнуаты Хæблиаты Сафары цур бакастæн, æмæ-иу Камал куы ныххудти, æрмæст мæнæ ацы ныхæстæ дыууæ хатты загъта йæ бæзджын хъæлæсæй:

– Уæллæй ссардтай, уæллæй ссардтай!..

Стæй телефоны хæтæл систа æмæ Албегмæ сдзырдта, дæ фæндаг, дам-ма-иу ауылты ракæн, мæныл дæр, дам, кæдæй-уæдæй чидæр пароди ныффыста.

Сафар нын йæ къуындæг кусæнуаты фынг ацарæзта, фæбадтыстæм, фæхудтыстæм...

«КÆНЫН РÆНХЪАМАЛ...»

Дæлæрдæм акæс – æмæ та дын рæнхъ,
Уæлæрдæм азил – уырдыгæй дæр афтæ.
Æмæ та ныццæлхъ кæнын, ныццæлхъ
Æз ног зарæг мæ фыр цинæй кафгæ.
Хатт та зилын мæгуыргурау раст.
Мæ зонгуытыл хатт мæхи æруадзын.
Ракалы мыл чи æхсæнты тас,
Чи та мыл йæ бур куыдзы ысуадзы.

Фæлæ зилын,
Мæ къæхтæ дарынц мæн.
Мæхицæн дæр дыууæ чызджы даринаг.
Бахъæуы æвæджиауы хæрдзтæн
Мæ гонорар, –
Хъазæнтæ сын, адджинаг.
О, хорз адæм, ис уын кæд амал,
Рарвитут мын фæйнæ рæнхъы, уастæн.
Мæ мыггаг – Ходæй,
У мæ ном Камал.
Мæ адрис –
Йæ тæккæ цъупп Парнасæн.

1996 аз, август

ИУӔЙ-ИУ ФЫНТӔ ЦӔУАГ СТЫ...

Цардæй ист хабæрттæ

РÆСУГЪДДЗИНАД БОДЗИККАЙЫ АМАРДТА

Ацы хабар мын радзырдта мæ хъæуккаг Цæлойты Риммæ, зындгонд зарæг «Цæлойты рæсугъд»-ы равзæрды историйы тыххæй нæм ныхас куы рауадис, уæд:

– Æз ма хорз хъуыды кæнын, Хуымæллæджы-иу нæ мыггаджы хистæртæ куыд дис кодтой, уый: махæн, дам, нæ тъымы-тъымайы дæр Изетæйы хуызæн рæсугъд сылгоймаг нæма уыдис, уæдæ, дам ын йæ мадырвадæлты ‘рдыгæй дæр ахæм никæй хъуыды кæнæм. Æрдз ын цы уынд æмæ конд радта, уыдон ын раздæр маст æрхастой, фæстæдæр та – намыс.

Цыппæрдæс азы йыл куы цыдис, уæд æй бауарзта нæ хъæуккаг Æлбегаты лæппу Митя. Минæвæрттæ цалдæр хатты бахызтысты Цæлойты къæсæртыл, фæлæ-иу уал хатты зæрдæзæгъгæ дзуапп нæ райстой: мыггаджы хистæртæ йæ моймæ раттыны кой нæ уагътой, Æлбегатæ та лæуд уыдысты æндæр фæндыл:

– Мæнæ нын æй ныр раттут. Цалынмæ чындздзон чызг суа, уæдмæ уал Æлбегатæм хъомыл кæндзæн, стæй хъуыддаг йæхæдæг йæхи амондзæн...

Нæ мыггаг куы нæ разы кодта, уæд иу фæссихор, Изетæ йе ‘мбал чызджытимæ хъæугæрон куыройы цур æрыскъæфтæ тонынмæ куыд ацыд, афтæ йæ Æлбегаты сæрæн лæппутæ бахъахъхъæдтой æмæ йæ аскъæфтой. Хъæу æмызмæлд сси, чысыл ма бахъæуа, æмæ дыууæ мыггаджы кæрæдзимæ хæцæнгæрзтæ сисой. Хуыцау хорз, æмæ се ‘хсæн куырыхон лæгтæ бацыдысты.

Азтæ рауад, æмæ Æлбегатыл кулачы ном баныхæст, Сыбырмæ сæ ахастой, æрмæст Митя æмæ Изетæйæн уæды Ленинградмæ алидзын бантыст. 1941 азы Изетæ Ирыстонмæ æрцыд: лæппу йын райгуырд, æмæ, дам æй мæ хæстæджытæн фенын кæнон. Митя уым баззад, уым æй хæст æрæййæфта, блокадæйы хъизæмæрттæ иууылдæр йæхиуыл бавзæрста. Фæсхæст æй Изетæ ныййæфта низæфхæрдæй. Кæд ын ныййарæг зæххы уæлдæф исты ахъаз фæуид, зæгъгæ ма йæ Хуымæллæгмæ бæргæ сласта, фæлæ… Иу бон йæ каистæм уазæгуаты ссыдысты, æмæ уым, Цæлойтæм, йæ уд систа. Баззад сидзæргæсæй Изетæ.

Йæ зæрдыл-иу арæх æрлæууыдысты Ленинграды йе ‘рыгон бонтæ.

Уымы театрмæ, дам-иу арæх цыдыстæм мæ моимæ, сæ кусджытæ ныл сахуыр сты, æмæ-иу асинтыл куы схызтыстæм, уæд-иу дуар ныттыгътой æмæ-иу хъæрæй загътой:

– Уæртæ та нæм Аннæ Каренина æрбацæуы!..

Невайы былгæрæтты, дам-иу куы фæцæйцыдтæн, уæд мæ-иу æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæ баурæдтой, цымыдисæй мæ-иу бафарстой:

– А вы случайно не артистка?..

Æмæ-иу уæд Изетæ цæмæндæр æвиппайды æрæнкъард...

Цард афтæ рауад, æмæ йæ дыккаг хатт мой кæнын бахъуыд. Мах хæдзарæй цыдис чындзы Ольгинскæмæ. Уыцы бон æз мæхæдæг æвдисæн цы цауæн уыдтæн, уый ма абон дæр мæ цæстытыл уайы. Изетæйы йæ чындздзон дарæсы хистæртæм куы ракодтой, уæд фынджы хистæр Гугкаты Бодзикка сыстад æмæ афтæ зæгъы, чындзæн, дам-ма йæ хызыл чысыл хæрдмæ схæцут, йæ цæсгом нæм равдисут. Лæмбынæг æм ныккаст, иу цасдæр ædзæмæй алæууыд, стæй хъæрæй куы ныддис кæнид:

– Мæнæ цы рæсугъд у, мæнæ!..

Æмæ ууыл фæцудыдта, йæ зæрдæйы сæртыл фæхæцыд, бæгæныйы къус йæ къухæй æрхауд, æмæ уыцы уысм уым йæ уд систа. Дæ цæстытыл ма ауайын кæн, уым уæд цытæ цыдаид, уый. Хæдзар сылгоймæгты цъæхахстæй байдзаг. Чындз, мæгуыр, фæтарст, ныккуыдта æмæ бауадзыг, къухылхæцæг æмæ йын æмдзуарджын йæ тæрттыл фæхæцыдысты, кæртмæ йæ раскъæфтой.

Уыцы æвирхъау цау кæм æрцыд, уый мæнæн æмæ мæ кæстæр хо Маяйæн нæ хуыссæнуат уыдис, фæлæ мах уырдæм нал бакуымдтам, нæ хуыссæнтæ æндæр ранмæ рахастам. Уымæй цалдæр боны фæстæ мæ æмбисæхсæв мæ хо райхъал кодта, мæ фыны, дам, Бодзиккайы федтон. Цыма, дам нын нæ кæрты дуар æрбахоста æмæ афтæ зæгъы, мæ къæдз лæдзæг, дам, уæ тыргъты баззад, радав-ма мын æй... Æмæ ууыл æрбадæлдзæх.

Мах уæд суанг боныцъæхтæм нал бафынæй стæм, стæй нæм нæ мад дыккаг уæладзыгмæ куы ссыди, уæд ын фыны тыххæй радзырдтам. Уый цæхгæр фæзылд, тыргъмæ рауад, æмæ уым дуары фæстæ, æцæгæйдæр, Бодзиккайы къæдз лæдзæг куы разынид. Схаста сын æй сæ хæдзармæ, уыдон уæлмæрдмæ ацыдысты æмæ йын æй йæ ингæны уæлхъус ныффæлдыстой.

Ахæм дзурджытæ дæр уыдис, зæгъгæ, дам, уыцы чызгæрвитæн бон Цæлойты кæрты цы цау æрцыдис, уымæ гæсгæ, кæд истæуыл æуyyæндæн ис, уæд Цæлойты рæсугъд Изетæ йæ ног хæдзары дæр æххæст амонд не ссардзæнис. Иуты уый уырныдта, иннæты – нæ...

* * *

Хуыриаты Хазби,
Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран:

– Хæст æгъатыр у: хатгай адæймагæй ферох кæнын кæны, æппæтæй зынаргъдæр ын цы у æмæ чи у, уыдоны, æрмæст ныййарджыты сурæттæ – нæ. Æз-иу арæх катай кодтон, зæгъын, ам мæ искуы немыцаг нæмыг куы афæлдаха, мæ бæхы саргъæй куы расхъиуон, уæд мæ тыгъд быдыры баныгæндзысты, мæн та фæндид, мæ мад æмæ мæ фыды фарсмæ куы уаин, уый...

1941 азы 11 августы фæцæф дæн, бахаудтæн Пензæйы госпитальмæ. Иу нарæг уаты æртæйæ хуыссыдыстæм. Æхсæвы федтон фын, цыма арф акъоппы цур мæ фыдимæ лæууын, цæуылдæр зæрдиаг ныхас кæнæм, цинтæ мыл кæны, стæй цыма фæцудыдта æмæ акъоппы бынмæ ныххаудта. Æз ын фæтарстæн, фæлæ мæ фыд уым нал разынд, æрбадæлдзæх...

Æвæццæгæн, мæ фыны куыдтон, æмæ мæ ме 'мбал Сергей Хомутов райхъал кодта. Æрæгмæ цыдтæн мæхимæ, æмæ мæ тынг ныууыгъта, цы хабар, дам, у, дæ хъæрæй бæстæ дæ сæрыл куы систай.

Æрæджиау кæддæр ын мæ фын куы радзырдтон, уæд йæ сæр банкъуыста æмæ мын афтæ зæгъы, уæхимæ, дам-ма фыстæг ныффысс. Æз ныффыстон æмæ иу мæйы фæстæ дзуапп райстон. Нæ мæ басусæг кодтой мæ фыды хабар: 10 августы, дам æй баныгæдтам, йæ царды фæстаг сахаты онг дæр, дам ма дæу мысыди, дæуæн тарсти.

Уый цы у?.. Федтай, фынтæ куыд рацæуынц?!.

* * *

Колыты Хадзымурат (Мурзик):

– Мæ хистæр æфсымæр Хаджи куы фæзиан, уæд иу цалдæр боны фæстæ федтон ахæм фын: кæрты астæу миты сæр лæууын. Уалынмæ нæ дуар байгом, æмæ дæлæ Хаджи æрбацæуы, йæ уæлæ - сау шляпæ. Фæрсы мæ:

– Мæ хъусджын худ мын цы фæкодтат? Ам мæ сæр сийгæ кæны...

Æмæ ууыл æрбадæлдзæх. Æз дыккаг бон сæрмагондæй Дзæуджыхъæумæ ацыдтæн, йæ бинойнаг Симæйæн ме ʻнахуыр фын радзырдтон. Зæгъын, йæ зымæгон худ ын нæ ныххæлар кодтат? Уый, мæгуыр, ныффæлурс:

– Нæ лæппуйы сæрыл дæр рæсугъд фидыдта, æркодта-иу æй, уазæгуаты цæугæйæ, уымæ гæсгæ йæ уыцы бон ныххæлар кæнын нæ цæст нæ бауарзта. Цы чындæ нын у ныр?..

* * *

Ме ʻвзонг азты хæлар Калоты Виктор (Бидти) уæззау рынчын фæцис. Дзæуджыхъæуы йын дохтыртæ йæ бинонтæн загътой, æвæццæгæн, дам ын мах бон дæр ницыуал бауыдзæн, хæдзармæ йæ аласут, Хуыцаумæ йын скувут.

Нæ иннæ хæлар Азиаты Викторимæ йæм иу бон рынчынфæрсæг ныццыдыстæм Хуымæллæгмæ, йæ цуры фæбадтыстæм, фæныхæстæ кодтам, ныфсытæ йын февæрдтам. Уый нæм лæмбынæг хъуыста, стæй æрæджиау йæ фын радзырдта:

– Цыма хъæуы кæрон фосы фермæйы фестадтæн, кæйдæртимæ дзы аныхæстæ кодтон, стæй, кæрты дуарæй куы рахызтæн, уæд мæ тæккæ цур иу урс «Волгæ» дзыхълæуд æркодта æмæ мæм йæ шофыр Борыхъуаты Юрик дзуры:

– Рацу, Бидти, мемæ цом...

Æз йæ фарсмæ бабадтæн...

Уымæй иу цалдæр боны фæстæ Бидти йæ цардæй ахицæн. Йæ чырыны уæлхъус раныхас кæнын мæнæн бабар кодтой. Йæ фыны тыххæй дæр куы радзырдтон, уæд сылгоймæгтæ ныббогъ-богъ кодтой, мæнæн мæхи зæрдæ дæр суынгæг, иу цасдæр дзурынхъом дæр нал уыдтæн.

Уыцы бон уым кæрты цы бирæ дзыллæтæ уыдис, уыдон æй зыдтой: Юрик йæ хæлар Бидтийæ иу-фынддæс азы раздæр ацыд йе ʻцæг дунемæ, ныр æй йæхи цурмæ акодта...

Мæнæ мын цы радзырдта фæстæдæр Бидтийы кæстæр æфсымæр Толик та:

– Фыны мæм æрбацыд дæлæ Æгайты Феликс, зоныс æй, иу-дæс азы рацыд, не ʻхсæн куы нал ис, уæдæй, нæ кæрты дуар нын ныххоста æмæ мæ фæрсы:

– Ам кæдмæ уыдзынæ, Толик, мах дæм уым æнхъæлмæ куы кæсæм? Мæнæ ацы сабаты дæ размæ рацæудзыстæм...

Æз куы райхъал дæн, уæд хуымæтæджы тарст кодтон! Никæмæн æй схъæр кодтон, фæлæ уыцы сабат куы æрхæццæ, уæд мæ катай тынгæй-тынгдæр кæнынмæ фæци. Æмæ цæуыл нæ ахъуыды кодтон? Æхсæвы мæ сæр базмæ куы æруагътон, уæд та тарстæн, зæгъын, цы нæ вæййы, мыййаг, куы нæуал райхъал уон. Ницы, цыдæр Хуыцау мын баххуыс кодта.

Фынтæ се 'ппæт не 'рцæуынц, æндæра, Дамир, æз дæр мæнæ ныр дæ цуры нæ бадин...

ЧЫНДЗÆХСÆВТЫ ДÆР ФÆКÆУЫНЦ...

Тугæйдзаг хуыцаубон, кæнæ цæмæ рацæуынц фынтæ

Заманхъуйлаг лæппу Æрчъегкаты Мырзæ æмæ елхотаг чызг, дуканигæс Ходы Фая кæрæдзи уарзтой. Лæппуйы дзыхарæхст минæвæрттæ цалдæр хатты бахызтысты Ходы къæсæртыл, фæлæ та-иу фæстæмæ ахæм дзуаппимæ раздæхтысты:

– Уæ усгур цалынмæ Дзæуджыхъæуы ахуыр нæ фæуа, уæдмæ нæм чызг дæттинаг нæй!

Фæцис лæппу ахуыр, диплом райста æмæ азы фыццаг бонтæй иуы хъуамæ ацыдаид дард Житомирмæ йæ фыццаг куысты бынатмæ. Æмæ уæд Елхоты Ходы мыггаджы хистæртæ чындзæхсæвы бонæн равзæрстой афæдзы фæстаг хуыцаубон – 28 декабрь.

Уымæн йæ раззаг бон, уæды заманы æгъдæуттæ куыд домдтой, афтæ къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын Æрчъегкаты хæдзарæй Елхотмæ æрластой кусæрттаг хæрзхаст гал, баныхас кодтой, чындзхæсджытæ цафон æмæ цалæй æрцæудзысты, уыдæттыл, фембæлдысты сæ хоимæ дæр, хъæлдзæг ныхас уарзаг лæппутæ Фаяйæн зæрдæ бавæрдтой, фæндырæй, дам дын цæгъддзæн Ирыстоны фæндырдзæгъдджыты хуыздæртæй иу, ласгæ та дæ беслæныхъæуккаг кæндзæн йæ дзыхъхъынног «Волгæ»-йы, уæд уый адæм стыр кадыл нымадтой...

Иннæ азтæй уæлдай уыд æнахуыр зымæг, миты зыбыты иунæг гæлæбу дæр арвæй нæма æрхаудта, фæндæгтæ – хус, æрмæст елхотаг дзæгъæлдзуаг дымгæтæ амы уæрæх уынгты дыууæрдæм лекка кодтой, сæ уазал буары иннæрдæм хызти, сæ къуыс-къуыс цæмæндæр æртхъирæны хуызæн уыдис.

Дыууæ фыны чындзæхсæвы агъоммæ

Сæ иу æртыццæджы, 25 декабры, федта чызджы æфсымæр Русланы бинойнаг Таисæ:

– Цыма нæ уæллаг сæрдыгон агъуысты бæстастæу пъолыл фегуырд быдираг цъæх обау. Куы фæбæрзонддæр вæййы, куы та – фæныллæгдæр. Куы фæбæрзонддæр вæййы, уæд Фаяйы фыд, йæ къухты уæззау перфоратор, афтæмæй дзы цары фæйнæджытæ хуынчъытæ кæны, æмæ алы хуынкъæй дæр дæлæмæ сырх ахуырст дон фемæхсы. Æз мæ хицауы никуы федтон, ацы хæдзары йæ нал сæйййæфтон, уæдмæ йе 'цæг дунемæ ацыд. Уый у, уый та зæронд къамтæм гæсгæ базыдтон. Уайсадгæ йæм кодтон фыны дæр, фæлæ йын мæ къухæй ацамыдтон, зæгъын, уый цы кусыс. Дзуапп мын нал радта, обау та фæныллæгдæр, æмæ уый цыдæр æрбаци мидбылхудгæ, мæн та доны уылæн кæртмæ раппæрста. Ленк кæнын нæ зыдтон, мæ тых-мæ бонæй ма ныцъцъæхахст кодтон... æмæ фехъал дæн...

Дыккаг фын 28 декабры Фая федта. Мæнæн та йæ дзургæ Таисæ ракодта:

– Уыцы бон ма райсомæй раджы Фаяйы йæ хуыссæны баййæфтон, цыдæр æнкъард мæм фæкаст æмæ йын йæ хъулæттæ хъæццул иуварс фехстон, зæгъын, цы хуызæн дæ уый, цин цæуылнæ кæныс, цы дыл æрцыд, дызæрдыг истæуыл кæныс? Æмæ мын уæд йæ фыны тыххæй радзырдта:

– Сатæг сау разгæмтты Заманхъулы уынгтæй иуы æрцæйцыдтæн. Цы хæдзармæ мæ хъуамæ ахæссой, уырдæм куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд сæ кауын дуар уыцы æнæуынæрæй мидæджы 'рдæм бафæлдæхт, æмæ дзы мæ размæ рацыд Мырзæйы мад, ме 'фсин Чабæхан. Æз ныццин кодтон, мæхи йыл баппарынмæ хъавыдтæн, зæгъын, мæ хъæбысы йæ акæнон, фæлæ мыл йæ къухтæ сцагъта:

– Ауай, ауай дарддæр, уыцы хуызæнæй ды ацы хæдзары нæ хъæуыс!..

Æмæ та уый дæр æрбадæлдзæх.

Фехъал дæн, фæлæ ногæй куы афынæй дæн, уæд та уыцы хæдзары фегуырдтæн, Мырзæйы сау костюмыл иту æвæрдтон. Цæмæндæр фæцудыдтон æмæ йын йæ рахиз дыс басыгътон, куы йæм фæлæбурдтон, уæд та мæхи амонæн æнгуылдз басыгъд, æмæ та фехъал дæн...

Цы хъуамæ, дам уой уыдæттæ? Зæгъын, чи йын цы зоны иунæг Хуыцауы йеддæмæ, фынтæ иннæрдæм фæцæуынц, цыдæртæ ма йын фæдзырдтон, æрсабыртæ йæ кодтон...

Фыдæмбæлæг Æрджынарæджы астæу

Мысы та ногæй Таисæ:

– Чындзхæсджытæ тынг бирæйæ æрцыдысты, нæ республикæйы кафджыты ансамбль «Алан»-ы сæйраг фæндырдзæгъдæг Æрчъегкаты Изæ йæ фæндыримæ разæй, афтæмæй нын заргæ æмæ кафгæ нæ уæрæх кæртмæ бакалдысты, гуылхъазт дзы æрцарæзтой, заманхъуйлæгты кафынæй чи амбулдзæн... Уыцы фæндырдзæгъдæг дæр чындзы хæдтулгæйы сбадт шофыры фарсмæ, фæстейы астæуæй та – Фая, йæ фæйнæфарс та – иу гыццыл чызг, къухылхæцæг йæхæдæг, стæй иу сылгоймаг, сæ хæстæг, дам, уыд уæлæ Беслæныхъæуæй. Иу дзырдæй, къуындæг бадт кодтой. Фаяйæн тæригъæд кодтон, фæлæ мæхицæн ныфсытæ авæрдтон, зæгъын, дард фæндаг нæу ардыгæй Заманхъулмæ, амондджын сылгоймаг алцæмæндæр ныффæразы.

Абоны онг дæр мæ иу ахæм ныв нæ рох кæны: хæдтулгæ араст кæнынмæ куыд хъавыд, афтæ ма ме 'фсин Афизæ æнæнхъæлæджы кæртæй разгъордта, йæ дуар ын ныттыгъта, йæ чызгмæ йæхи байвæзта, ныхъхъæбыс ын кодта, скуыдта. Уый фæстæ йын сыхы устытæ уайдзæфтæ кодтой, дæ судзгæ цæссыгтæй, дам ын йæ разгæмттæ цæмæн сахуырстай?..

– Бахатыр кæн, фæлæ мæ сывæллæттæ уымæй размæ фадынæгæй фæрынчын сты, æмæ сæ хуыцаубоны райсомæй раджы Змейкæмæ мæ тиу Гæстæнатæм аластам, зæгъын, ахæм хуызæнæй уыйбæрц адæмы къæхты бын цытæ кæндзысты. Ныр чындзхæсджытæ куы ацыдысты, уæд сæм хæдтулгæйыл бауадыстæм фæстæмæ ласынмæ. Нырма рухс уыди. Куы йæ зоныс, зымæгон бон тагъд талынг кæны. Фæндагыл мæхинымæр фæндтæ кæнын, зæгъын, райсом Заманхъулмæ хуын чи ахæсдзæн, сылгоймагæй нæлгоймагæй, уыдон нырма нæ бацыдмæ махмæ уыдзысты: чи фынгыл бады, чи хъазты кафы, се 'ппæтæн сæ хæс бамбарын кæндзынæн.

Тигъæй нæ уынгмæ куы æрбазылдыстæм, уæд кæсæм, æмæ диссаг: цъиуызмæлæг дзы нал уыд. Нæ кæрты ма нæ сыхаг Моргуаты Жоричы мад зыбыты иунæгæй бады æмæ кæуы. Мах куы федта, уæд йæ уæрджытыл ралæууыд.

Цы рауади? Чындз кæм бадт, уыцы хæдтулгæйы Æрджынарæджы астæу Къардиуы цур æндæр хæдтулгæ сцавта. Шофырæн йæ къух

асаст, дуар фегом, æмæ зæхмæ рахаудта, иннæтæй иуæн дæр ницы уыд, æрмæст Фая размæ бахаудта æмæ йæ тæрныхрулы хъæбæрыл æрхаста, йæ туг цыхцырæгæй фемæхст. Æндæр хæдтулгæйы ма йæ æрдавтой Елхоты рынчындонмæ.

Уыцы афон Заманхъулы дæр адæм нырма фынгтыл бадтысты, фæсивæды сæрæндæртæ хъазты фæзы ерысы бацыдысты, сылгоймæгтæ сæхи мыдыкъус хæрынмæ сцæттæ кодтой. Ницыма зонынц, ницыма сæм сæхъуыст. Мах та ам катай кæнæм, нæ сæм уæнды Кодзырты Фатимæ телефонæй сдзурынмæ, æмæ уæд сæхæдæг нал фæлæууыдысты, кæм, дам, ис нæ чындз, нæ цæстытæ æнхъæлмæ кæсынæй куы ныуурс сты. Цы гæнæн ма нын уыд? Æмæ сын уæд загътам, цы бæллæх æрцыдис, уый тыххæй.

Нæ сиахс Мырзæ уый куы фехъуыста, уæд, кæм фистæгæй, кæм цæмæй, Елхотмæ æрхæццæ ис. Фаяйы ма удæгасæй баййæфта, бæргæ, фæлæ æмбисæхсæв ахицæн, æмæ йæ рынчындонæй нæхимæ сластой. Уыйбæрц дзыллæ æз никуыма федтон зианты: стыр Елхоты зыбыты иунæг адæймаг дæр базыл йæ сæр не 'рæвæрдта, иууылдæр махмæ уыдысты.

Ныгæдтам æй 31 декабры, азы фæстаг бон. Заманхъулæй уыйбæрц дзыллæ æрцыдис æмæ диссаг. Мырзæ йæ катайы афтæ зæгъы, æз, дам, уый куы зыдтаин, уæд æй мæнæ рæгътыл мæ хъæбысы схастаин нæхимæ... Тæригъæдæй мардта...

Бæллæхы фæстиуджытæ дыууиссæдзæм боны фæстæ...

Иу изæр Ходы мыггаджы хистæртæ нæлгоймагæй сылгоймагæй æрæмбырд сты æмæ бирæ тæрхæтты, радзур-бадзурты фæстæ, се 'ппæт дæр сразы сты иу фæндоныл:

– Æрчъегкатæн сæ лæвæрттæ Заманхъулмæ фæстæмæ арвитæм. Кæдмæ лæудзысты ам?..

Ногæй тæригъæд ныхæстæ, ногæй та – цæссыгтæ.

Сластой сын сæ кæцыдæр бон, æмæ сын уый тынг зын скодта: æвæццæгæн, дам, нæ кадджын æмæ стыр Ходы мыггаг сæхицæн туджджынтыл банымадта, æндæр, дам нын сæ фæстæмæ цы 'рбалæууын кодтой, цæмæн та нын фæриссын кодтой нæ зæрдæтæ?

Ууыл дæр та бонтæ рауад, æмæ иу фæссихор цалдæр нæлгой-

маджы æмæ сылгоймаджы Заманхъулæй нæ дуармæ хæдтулгæйæ рахызтысты, сæ лæвæрттæ та чумæданты æрластой, мидæмæ сæ æрбахастой æмæ загътой:

– Мах æхсæн хъуамæ хæстæгдзинад уыдаид, фæлæ нæ кæд сымах уæхицæн знаг кæнут, уæд нын æй ныртæккæйы сахат зæгъут, æмæ знæгтæй ахицæн уыдзыстæм.

Ногæй та мысы Таисæ:

– Уыцы ныхæсты фæстæ зæрдæтæ куыннæ хъуамæ аскъуыдаиккой? Дыууæрдыгæй дæр нæ иуæн дæр йæ цæссыг бауромын йæ бон не сси, сыхбæстæ та нæм фæдисы æрбацыдысты нæ богъ-богъмæ, не ‘хсæн дзырддзæугæ лæгтæ бацыдысты. Æмæ уæд баныхас кодтой: никæмæй ничи ницы дары, Хуыцауы ныхмæ дзурæн нæй, уый арæзт хъуыддæгтæ сты. Уыдоны лæвæрттæ махмæ баззадысты, чызджы фæдыл сын хуынимæ цы лæвæрттæ хъуамæ сæвæрдтаиккам, уыдон та Заманхъулмæ аластой.

Уæддæр туджджын чи у, зæгъгæ, уый куы рабæрæг, уæд разынд Милдзыхтæй. Военкоматы хæдтулгæ уыд, фæлæ, дам, йæхæдæг нæ бадт рулыл, йæ хæлар Карсанты лæппу, дам, уыд. Афтæ дæр ма дзырдтой, зæгъгæ, дам, Фаяйы уарзгæ кодта, барæй сæм сарæзта комкоммæ хæдтулгæ, фæлæ уый æцæг нæ уыдис. Милдзыхтæ нæм цалдæр хатты сæрвыстой, бафидауæм, зæгъгæ, фæлæ Афизæт раздæр нæ разы кодта, стæй йæм тынг куы æрхатыдысты, куы йын фæлæгъстæ кодтой, уæд æрæджиау загъта:

– Æз сидзæргæсæй фондз сывæллоны фæхастон, мæ рæсугъддæр чызджы мын иу расыг йæ хæдтулгæйы цæлхыты бын ныцъцъæл кодта, æмæ сымахмæ куыд кæсы, æз хъуамæ уыимæ бафидауон?.. Ардæм мæм уыдонæй мæ къæсæртыл мачи ‘рбахизæд...

Лæппу дзæбæх лæппу уыд, æмæ сæм уæд иу изæр Ходы æвзæрст лæгтæ сæхимæ ныццыдысты æмæ бафидыдтой...

Бонтæ æмæ азтæ рацыд...

Фаяйы мад Афизæт ма уыцы стыр бæллæхы фæстæ фæцард 27 азы, стæй иу бон, цыдæр кæнын, зæгъгæ, йæхи хуыссæны æруагъта æмæ ууыл йæ уд систа. Уый уыдис 1995 азы 28 декабры. Иууылдæр æй бафиппайдтой: Фая дæр 28 декабры бабын. Дистæ кодтой,

цыдæр сусæгдзинад, дам, ис ацы дунейы цард æмæ мæлæты ‘хсæн. Афизæты уæлмæрдмæ ахастой 31 декабры, азы фæстаг хуыцаубоны. Чындзæхсæв дæр сæм, кæд ма йæ хъуыды кæныс, мæ кæсæг, уыд афæдзы фæстаг хуыцаубоны...

– Мырзæ нæм цалдæр азы тынг арæх цыдис, арæхдæр та – дыууæ изæрастæу, – мысы та Таисæ, – раздæр-иу уæлмæрд бабæрæг кодта, Фаяйы ингæныл-иу ныддæлгом ис, стæй-иу йæ пæлæз раласта æмæ-иу дзы ингæн бамбæрзта, цыма йын суазалæй тарсти, уыйау. Иу хатт мын афтæ зæгъы, чындзхасты бон, дам, Фаяйыл цы дзаумæттæ уыдис, уыдон, дам ма мын равдис. Уыдон уæд бæллæхы бон туджы сæвдылдысты, цæхсадтон сæ, иту сыл сæвæрдтон æмæ сæ не скъаппы бавæрдтон. Æз ныддис кодтон, зæгъын, Мырзæ, чердæм дæ хъæуынц, цы сæ кæныс. Тынг, дам мæ хъæуы сæ фенын, мемæ мын сæ ратт, æз сæ мæ уаты сæвæрон æмæ сæм кæсон, уæдæ, дам ма мын æндæр цы баззад.

Зæгъын, Мырзæ, мæ къона, ды нырма æрыгон лæппу дæ, абон уа, райсом уа, уæддæр дын æндæр амонд æнæссаргæ нæй, æмæ уыцы сылгоймаг цавæр рауайдзæн, Хуыцау йæ зонæг. Куы нæ дæ бамбара, куы нæ дын ныббара дæ уыцы ми. Нæ дæ хъæуынц, масты хос йеддæмæ дын ницы фæуыдзысты.

Фæлæ мын уый уыцы æнкъардæй афтæ бакодта:

– Мæнæн уый тыххæй маст чи кæна, уымæн фæстæмæ – бæмбæг йæ фæндаг: куыд æрбацыд, афтæ цæугæ дæр акæндзæн.

Нæ мын басаст, нæ мæ ныууагъта, фæтæригъæд ын кодтон, æмæ дзы уæд йемæ цыдæртæ ахаста.

Мырзæ ма æнæ усæй фæбадт фондз азы æмæ авд мæйы, стæй бахъуыддаг кодта, æртæ дзæбæх лæппуйы сын рацыд. Афизæт куы фæзиан, уæд йæ бинойнагимæ уырдæм æрцыд.

Хæдтулгæйы шофыр Милдзыхты лæппу зыдта, руль æндæр кæмæдæр кæй радта, уый тыххæй закъонмæ гæсгæ æнæмæнг æфхæргæ кæй кæнынц, æмæ хъуыддаг йæхимæ райста. Районы уæды сæйраг тæрхонгæнæг Дреты Мухадин ын æхсæз азы ахæстоны фæбадыны тæрхон рахаста. Абон дæр ма йæ Елхоты æрымысынц: куы, дам, рацыд, уæд йæхæдæг дæр æмæ йе ‘фсымæр дæр иу чындзæхсæвмæ дæр нал цыдысты, цалынмæ сын ацы хъæуы дзырддзæугæдæр лæгтæй иу, Кодзырты Хасанбег, йæхи лæппуйы чындзæхсæвы агъоммæ, æрбацæут-иу мæм, зæгъгæ, нæ ныллæгъстæ кодта, уæдмæ.

Ærджынарæджы кой куы рацæуы, уæд та æнæмæнг æрымысынц, уым уымæй размæ дæр æмæ ма-иу дзы уый фæстæ дæр цы æнахуыр бæллæхтæ æрцыдис, уый. Иу сæрдыгон бон йæ тæккæ астæу, Кæрдзынæй Елхоты астæу, Къардиуы тæккæ бакомкоммæ афæлдæхт, Мæскуыйæ чи цыд, уыцы поезд, фæндагыл нæ иуæрдæм, нæ иннæрдæм ацæуæн нал уыд, æмæ бæлццæтты хæдтулгæтæ Елхотæн йæхимæ дæр, дæлæ Налцыччы ‘рдæм дæр цыдысты Цыколайыл, уый цалдæр боны ахаста. Стæй дзы уый фæстæ уæзæгтæ исæн хæдтулгæ фæцæйцыд, йæ къран феуæгъд, æмæ, сæ ныхмæ цы «Икарус» автобус фæцис, уый авг батыдта. Шофыры фарсмæ иу æрыгон сылгоймаг бадтис, йæ хъæбысы чысыл лæппу, гъемæ йын йæ сæр йæ къубалæй атыдта...

Ныртæккæ адæм хъусæй лæууынц, фæлæ-иу уæды азты нæ ахуыргонд адæм афтæ дзырдтой, зæгъгæ, дам, Ærджынарæджы цыппарсæдæ метры бынмæ зæххы нуазыны доны цад ис, йæ уылæнтæ, дам, куы сабухынц, уæд уый цыдæр хуызы фæзыны, уыцы афон ууылты чи фæцæуы, уыцы бæлццæттыл, ориентаци, дам сæм нал вæййы, чи зоны та, дам, уый цыдæр æндæр уæларвон тыхты аххос у. Бæлвырд ын ничи ницы зоны...

Елхот, 1968 аз

ХАЗБИЙЫ ЗÆРДÆ ЦИНÆН НÆ БАФÆРÆЗТА

Æлбегаты Хазбийæ зæгъын. Нæ хъæуы фыццаг шофыртæй иу уыдис, Дауыраты хæрæфырт, мæ сыхаг Зæйттаты Сабазы сиахс. Йæ хистæр лæппу Казик фылдæр мах цур йæ мадырвадæлтæм цардис, иумæ хъомыл кодтам, иумæ гудылайæ хъазыдыстæм, æхсæв та цæхгæрмæ уынджы талынджы – æмбæхсынтæй, тигъыл-иу Чермены зарæг дæр ныццæлхъ кодтам. Арæх нæ, фæлæ, иугæр сæмбæлдыстæм, зæгъгæ, уæд нæ дыууæ дæр нæ кæддæры сабидуг æхсызгонæй æрымысæм.

Бинонты хъуыддаг куы кодта, уæд æз дæр Дзæуджыхъæумæ Уарзиатæм чындзхæссæг хъуамæ ацыдаин, фæлæ Куыройы сыхы Æлбегатæм куы ссыдтæн, уæд мын йæ фыд Хазби æндæр хæс радта:

– Чындзхæссæг ма ацу, мæнæ ам кæрты фæкæс, уырдыгстджытæ дæ бар кæнын...

Уыцы бон куыд вæййы, афтæ кæрт чындзхæсджытæй дзаг кæнын райдыдта. Къухистытæ, хъæбыстæ… Хазбийы цинæйдзаг цæстытæ алкæйдæр уыдтой, алкæмæн дæр-иу арфæйы ныхас ссардта. Мыг-

гаджы хистæр Хæритон æмæ сыхы хистæртæй иу, Дзгойты Хъырым, чындзхæсджытæ сæ ацыды размæ цы фынгыл хъуамæ æрбадтаиккой, уырдæм куыд фæцæйцыдысты, афтæ сылгоймæгтæй кæйдæр зæрдæхалæн цъæхахст райхъуыст:

– Хазби цыдæр кодта!..

Кæрты бæстастæу уыцы уæздан, уыцы рæсугъд лæг æнæзмæлгæйæ куыд хуыссыд, уый ма абон дæр мæ цæстытыл уайы.

Дзæуджыхъæуы мæ хæлар Казичы кæрты дуар бахостон, фæбадтыстæм, фæныхæстæ кодтам.

– Ныр дæр ма арæх фæхъуыды кæнын, афтæ цæмæн рауади, æвиппайды йыл цы æрцыдис, ууыл, – дзырдта мын уый. – Æз уæд Министрты Советы гаражы куыстон, æмæ Хуымæллæгмæ мæ фæдыл бирæ адæм æрцыд: шофыртæ, мæ хицауад, мæ зонгæтæ. Куы рахызтыстæм, уæд дзы мæ фыдæн дыууæйæ йæ хорз зонгæтæ разындысты, кæрæдзи рагæй нал федтой. Сæ иу – Мамсыраты Челемет, иннæ та – Гиголаты лæппу, уæд уый уыд Гапбаты Иваны шофыр. Кæрæдзиуыл тынг фæцинтæ кодтой.

Фæндырдзæгъдæгæй чындзхæсджытимæ хъуамæ рацыдаид не 'рвад Земфирæ, уый та Культурæйы хæдзары куыста, фæлæ цæмæндæр æрæджы кодта, æмæ мын мæ фыд афтæ загъы, лæппу, дæ хæдтулгæйæ, дам-ма йæм нызгъор, ралас æй, кæд, дам, фынæй аци.

Æз мæхи хæдтулгæйы нæ, фæлæ Горæтгæрон районы компартийы райкомы нымæрдар Тедеты Павелы хæдтулгæйы багæпп кодтон. Дæс минутæй фылдæр нæ бафæстиат стæм. Куыддæр тигъыл нæхи 'рдæм фæзылдыстæм, афтæ кæсын, æмæ уæлæ нæ размæ иу-ссæдзæй æрызгъорынц, баурæдтой нæ, хабар мын ракодтой.

Нæ рынчындоны сæйраг дохтыр æй куы федта, куы йæм æркæстытæ кодта, уæд кæртмæ рацыд, иуварсмæ мæ акодта æмæ мын афтæ:

– Дæ фыдæн, Казик, йæ зæрдæ хъыгдард уыдис. Ахæм низимæ иуæй-иутæ хъыгдзинадæн бафæразынц, цинæн та – нæ. Фидар лæуу...

Уæдмæ дæр ма чындзхæсджытæ нæма ацыдысты. Хабар куы æрцыдис, уæд мæ къухылхæцæг Галазты Æхсар, кæимæ ауынаффæ кодта, уый дын нæ зæгъдзынæн, фæлæ æртæ лæппумæ бадзырдта, ацæут Дзæуджыхъæумæ æмæ чызджы хæдзарæн, цы æбуалгъ хабар æрцыдис, уый зæгъут. Уый фехъуыст мидæгæй мæ мад Казимæтмæ, рацыд сæм æмæ Æхсарбегæн загъта:

– Ӕхсарбег, мæ къона, абон нæ кæртмæ чындзхæссæджы номыл чидæриддæр æрбацыд, уыдоны хæдтулгæйы сбадын кæн, æмæ мын мæ чындзы мæ тæккæ хæдзармæ æрласут. Цы ‘рцыди, уый æрцыди...

Цы гæнæн сын уыд. Се ‘ппæт нæ, фæлæ Ӕхсарбеджы фæдыл бирæтæ сæхи хæдтулгæты бакалдтой.

Ӕз, ацы рæнхъытæ фыссæг, мæхæдæг дæр Казичы мысинæгтыл бафтыдтон:

– Ды уæд дуармæ лæппутимæ лæууыдтæ, фæлæ нæ кæрты астæу уе ‘рвад Хæритон амбырд кодта æмæ загъта:

– Ӕз Хазбийы æфсымæр дæн æмæ йын йæ лæппуйæн мæ хæдзары кæнын чындзæхсæв, махмæ-иу æрбаласут чындзы!

Ууыл æрлæууыдысты. Чындзхæсджытæ ацыдысты. Бирæ дзы нæ фесты. Куы раздæхтысты, уæд, Хæритон разæй, мах йæ фæстæ, афтæмæй фистæгæй хъæумæ æрбацæуæны хиды фале æрлæууыдыстæм, чындзхæсджыты æрцыдмæ æнхъæлмæ кæсæм. Куы сæ баурæдтой, уæд чындзы рахизын кодтой æмæ йын хабар радзырдтой. Уæды онг ницы зыдта, ницы йын схъæр кодтой фæндагыл. Уарзиаты чызг Светланæйæн кæд уый æнæнхъæлæджы уыди, уæддæр æм æцæг ирон сылгоймаджы раст зонд æмæ куырыхондзинад разынд, ныхъхъуыды кодта æмæ уынгæг хъæлæсæй загъта:

– Ӕвæццæгæн, мæ хъысмæт ахæм у... Чындзхæсджытæ кæцæй рацыдысты, уырдæм мæ бахæссут...

Нæдæр Кæсæбиты Митя, нæдæр Хæритон йæхæдæг, нæдæр Гугкаты Хасанбег, стæй Галазты Ӕхсар чындзы ныхмæ сдзурын ницы бафæрæзтой, æмæ чындзхæсджытæ æмгуыппæй, фæндыры цагъд æмæ хъæлдзæг зарджытæн бынат кæм нал уыдис, уыцы кæртмæ, зæрдиаг куыд кæнгæйæ, бацыдысты.

Мæнæ куыд мысы уыцы æнкъард бон Светланæ йæхæдæг:

– Мидæмæ мæ йæ цурмæ бакодтой, фæлæ мæм ницы зынд, уымæн æмæ мæ цæстытæ цæссыгтæй дзаг уыдысты. Кæртмæ куы раздæхтыстæм, уæд мын сылгоймæгтæй иу мæ хъусы бадзырдта, диссаг, дам дæм нæ кæсы, йæ цуры, дам, куы æрлæууыдтæ, уæд, дам, Хазбийы цæсгомыл зына-нæзына мидбылты худт фæзынд. Чи зоны, æмæ уый æцæг уыди, чи зоны та мæ сабыртæ кодтой, ныфс мын æвæрдтой.

Сыхæгты ус Ӕгкацаты Беццæ уыдис мæ кæнгæ мад, æмæ мæ æхсæвиуат кæнынмæ уыдонмæ акодтой. Дыккаг бон мæ фæстæ-

мæ скодтой, ногæй та йæ цурмæ бацыдтæн. Уæдмæ мæ цæгат дæр мæрддзыгой æрцыдысты, зындгонд Хæтæгты Хæритон сæ разæй, афтæмæй, – уый нын тынг хæстæг къабаз уыдис. Æцæг мæн уæлмæрдмæ нæ ауагътой, уый, дам, нæ фыдæлты ахæм фæдзæхст у.

Абон кæд Дзæуджыхъæуы сты, уæддæр æй æгас Хуымæллæг дæр зонынц: кæрæдзи уарзгæйæ, кæрæдзи æмбаргæйæ фæцардысты Казик æмæ Светланæ, дыууæ дзæбæх чызджы сын ис – Маринæ æмæ Фатимæ, уыдоны фæдыл та – фондз удыкъæртты хуызæн кæстæры.

Æмдзуарджын Цæлойты Руслан: «Чындзхæссæг дæр уыдыстæм, хъæргæнæг дæр...»

– Ивгъуыд æнусы 60-æм азты кæрон дæр ма нæ чындзхæстыты æгъдау йæ бынаты уыдис. Ныртæккæ æнæ хонæгæй чындзхæсджыты хæдтулгæйы куыд багæпп кæнынц, афтæ нæ уыд. Хæдзары хицау Хазби мын рагацау, чындзхæссæг чи хъуамæ ацæуа, уыдоны номхыгъд скодта, мæ къухтæм мын æй радта, æмдзуарджыны хæс, дам, у уыдонылæрзилын. Æрзылдтæн сыл.

Хуыцаубон. Æз, Хазби æмæ къухылхæцæг Галазты Æхсар сарайы лæууæм. Адæммæ кæсы Хазби æмæ, цæуыл фæгуырысхо, уый нæ бамбæрстон, фæлæ мæ фæрсы, лæгæй-лæгмæ, дам, се ‘ппæтæн дæр загътай. Æз æм бахудтæн, зæгъын, исчи дæ куы хъаст кæна, уæд-иу æй мæнмæ æрбарвит. Бахудти, стæй, «æллæх», зæгъгæ, ныхъхъæрзыдта, йæ зæнгтæ фæтасыдысты æмæ размæ бахаудта. Фæлæбурдтам æм, мидæмæ йæ баскъæфтам. Дохтыр нæ дæн, фæлæ ахæм рæстæг лæгæн куыд баххуыс хъæуы, уый гыццылтæ зыдтон: йæ дзыхы йын ныффу кæнон, зæгъгæ, фæлæ уæдмæ йæ былтæ ихы къæртты хуызæн фестадысты.

Ахæм тыхст рæстæг куыд вæййы, афтæ иууылдæр скатай сты, ракæ-бакæ кодтой, цы кæнæм, куыд кæнæм, зæгъгæ.

Хистæртæ уæддæр загътой, чындзы, дам, цыфæндыйæ дæр æнæрхæсгæ нæй. Æрæджиау горæты Уарзиаты дуармæ куы æрхызтыстæм, уæд нын сæ хистæр бауайдзæф кодта, нырмæ, дам, кæм уыдыстут. Æмæ йын уæд фидауджыты хистæр Кæсæбиты Митя загъта:

– Бахатыр кæн, нæ буц хистæр, фæлæ мах фидауæг дæр стæм, чындзхæссæг дæр стæм, стæй хъæргæнæг дæр...

Чындзы дзауматтæ кæнын куы райдыдтой, уæд мæм йæ мад æрбацыд æмæ мын афтæ загъта, Руслан, æз, дам, хистæртæм нæ уæндын, фæлæ, дам мæм ныр чындзхæссинаг дæр нал уыдзæн, чызг дæттын дæр мæ нал хъæуы, курын дæ, æмæ мын ардыгæй мæ чызджы фæндырдзæгъдгæ акæнут. Æз ын йæ курдиат Митяйы хъусы загътон, йæ зæрдæмæ фæцыд. Нæ фæндырдзæгъдæг фæндыры тæнтæ айвæзта, Митя та чындзхæсджыты зарæг ныццæлхъ ласта.

Цалынмæ горæтæй Хуымæллæгмæ цыдыстæм, уæдмæ иу-ссæдз урæды бакодтам: чындзы кæй хæдзармæ бахæссой, ууыл хистæртæ быцæу кодтой. Иутæ загътой, уæртæ йæ Æлбегаты Хæритонтæм бакæнæм, иннæ та загътой, сæ сыхаг Гугкаты Хасанбегтæм. Рухсаг уæд Æгкацаты Федыр, афтæ мын загъта, ды, дам, чындзы кæстæр æфсымæр куы дæ, бавдæл æмæ ма йын йæхи бафæрс, цымæ цы зæгъид. Уæд Хуымæллæджыдоны был лæууыдыстæм, уырдæм нæ размæ бирæ адæм рацыд. Æз хæдтулгæмæ Светæйæн ныллæгъстæ кодтон, зæгъын, дæ кæуын ма гыццыл фæуром æмæ мæм байхъус. Уæртæ хистæртæ ракæ-бакæ кæнынц, кæдæм дæ баласæм, уый тыххæй. Æрбакаст мæм æцæг куырыхон сылгоймагау æмæ дын мын фидарæй куы загъта:

– Мæ тæккæ хæдзармæ ма мæ баласут, æвæццæгæн, мæ амонд æндæр нæу...

Тынг дис ыл фæкодтон, мæ сæрыхъуынтæ арц сбадтысты.

Баластам æй. Кæрты иуварс чысыл сæрдыгон хæдзар уыдис, уым сæрызæды чъиритæ скуыхтам, стæй йæ уæд зианы цурмæ дæр бакодтам. Адæмæн ног чындзы богъ-богъмæ сæ зæрдæтæ фæцæй-тыдтой, хъарæг дæр дзы райхъуыст...

Уæллæй, Дамир, ахæм чындз басгуыхт Светæ, ахæм, æмæ диссаг, æз хатгай скувын, зæгъын, Светæйы хуызæн чындзытæ алкæй хæдзармæ дæр бахизæд. Уыцы бæллæхы бон арæх æрымысын. Тынгдæр цæмæн, зæгъгæ, куы бафæрсай, уæд дзы мæнæ цы бадардтон мæ зæрдыл, абон дæр ма мæ хъуыдытыл æфтауынц.

Мемæ, куыд мын æмбæлд, афтæ рахуыдтон дыууæ чызджы. Иу дзы уыд мæхи æрвадæлтæй, уæртæ Полæйы чызг, иннæ та мæ кæнго хо, Тохтиаты чызг. Кæсын, æмæ, цыма ныхас бакодтой, уыйау сæ дыууæйыл дæр сау къабатæ. Æмæ, зæгъын, цы хабар у, зианмæ, мыййаг, куы нæ цæут, уæ урс къабатæ цы фесты? Æмæ,

дам ныл адон дзæбæхдæр фидауынц, кæд ныл уым мæнæ дæу хуызæн лæппутæ сæ цæст æрæвæриккой. Æмæ худынц. Зæгъ-ма, цы ма сын акодтаин?

Чындзæхсæвы кусарты дзидза æрæгмæ куы фыца, зæгъгæ, Хазби фидауджытæн иу фыркъа аргæвдын кодта, уыдон хъуамæ раздæр ацыдаиккой. Кæсын, æмæ сæ фынгыл хистæры цур æртæ нæ, фæлæ цыппар чъиришы, хæдзары æфсин Казимæт сæ йæхæдæг рахаста æмæ сæ æрæвæрдта. Фæстæмæ куы фæзылд, уæд æй æз æрурæдтон, зæгъын, Казимæт, ай зиан куы нæу, уый цы бакуыстай? Ныффæлурс, мæгуыр, ныккатай кодта, мæнæ, дам, куыд фæрæдыдтæн, Хуыцауæй хатыртæ куырдта. Ды ницæуыл ахъуыды кæнис, Дамир?..

Хуымæллæг, 1970 аз

ÆФСАРМ ÆМÆ УÆЗДАНДЗИНАДЫ ТЫХХÆЙ

Æрыгонæй-иу мæм уæлдай хуыздæр касти, мæнæй бирæ хистæр чи уыдис, уыдонмæ хъусын. Сæ мысинæгтæй-иу мын мæ зæрдæ тынгдæр кæцы фæцагайдта, уыцы скъуыддзæгтæ-иу мæ блокноты кæнæ та гæххæтты гæбазыл афыстон, уæд мæм диктофон нæма уыдис. Иу цалдæр дзы нырмæ бахъахъхъæдтон. Фæнды мæ, адæймаджы уыцы миниуджыты тыххæй бакæсгæйæ, сымах дæр хъуыдытыл куы баф- тауин, уый...

Бекмырзаты Мырзабег:

– Кæддæр Къæхтысæры хохаг адæм æддæмæ дæр æмæ мидæмæ дæр цыдысты æрмæстдæр иунæг нарæг къахвæндагыл. Фистæгæй, бæх- тыл, сагтыл. Æндæр фæндаг дзы нæ уыд. Иу уалдзыгон райдзаст бон ууылты хъæумæ кæцæйдæр, сагыл бадгæйæ, æрбацæйздæхт Беджысаты Темыр. Иу фæзилæн ын фæстейы куы аззад, уæд кæсы, æмæ йæ разæй цæхгæр хæрды сæ цыппæртыл хилынц сылгоймæгтæ – чызджытæ æмæ ног чындзытæ. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй уыдон уыдысты кувæндоны. Фæлæ диссаг цы уыди? Куы-иу æргуыбыр кодтой, уæд-иу сæ мидæггаг дзаумæттæ иууылдæр разындысты.

Уый фенгæйæ, Темыр фефсæрмы, æрлæууыд, нал сæм бахæстæг, стæй сæ фæстæ хъæумæ æрцыд, цыдæриддæр дзы нæлгоймæгтæ уы- дис, уыдоны иу ранмæ æрбамбырд кодта, чысыл раздæр цы фыдуынд ныв федта, уый сын радзырдта, стæй йæ ныхас балхынцъ кодта ахæм ныхæстæй:

– Худинаг у уый, лæджы ном чи хæссы, уыдонæн. Цæй, бавдæлæм æмæ дæлвæзы æцæг фæндаг саразæм!..

Темыры уыцы зæрдæсæттæн ныхæстæ се ‘ппæтмæ дæр бахъардтой, æмæ алы хæдзарæн дæр хай радих кодтой. Сæрд-сæрддæргъы дзы фæкуыстой, сраæвдз ис фæндаг, æмæ та уæд адæм æрæмбырд сты æмæ загътой, цæй æмæ, дам, Темыры хъæуыхицауæй равзарæм.

Раздæры къахвæндагæй ма фæстæдæр пайда кодтой æрмæст цуанæт- тæ, сагтæ уыцы хæрды цæуынæн нал хъуыдысты, æмæ сæ æххормаг азты иугай фæцагътой. Хистæртæ-иу куыд дзырдтой, афтæмæй, дам, Хъобангомы фæстаг саг амардта Бибуаты Агæт.

Цырыхаты Джерихан:

– Беслæныхъæуы Болиаты Мацалы хæдзары уæттæй иуы къултыл ма абон дæр ауыгъдæй лæууынц сæ фыдæлты зæронд къамтæ. Нæлгоймæгтæ дæр, сылгоймæгтæ дæр дзы, æрмæст уæды заманы ирон дарæсы: цухъхъатæ сыл, хъаматæ ауыгъд, разкъæрттыты, урс-урсид кæлмæрзæнты. Сыхаг Хуымæллæджы хъæуæй, дамиу сæрмагондæй бæхтыл сластой уæды азты зындгонд къамисæг Туаты Гогойы.

Мæнæ цы фехъуыстон мæхи хъустæй Мацалы зæронд мад Надийæ:

– Бахатыр кæн, фæлæ æхсæв куы ралæууы, уæд æдасæй мæ уæлæйы дзаумæттæ раласын мæ бон нæ вæййы, уымæн æмæ мæм уыцы къамтæй комкоммæ ныккæсынц мыггаджы хистæртæ. Зæгъ-ма, уыцы кадджын адæмы раз æз мæхи куыд хъуамæ рафистæг кæнон?.. Гæнæн мын нæ вæййы, æмæ уæд къам кæнæ къулы ‘рдæм азилын, кæнæ та цырагъ дæлæмæ æрзилын, ма мæ уыной, зæгъгæ. Æфсæрмы сæ фæкæнын, æмбарыс, æфсæрмы...

Ныртæккæйы дуджы ма ды ахæм сылгоймагыл сæмбæлыс, Дамир?..

Дауыраты Бекырби:

– Иу хорз лæг уыдис махмæ Фарныхъæуы – Дзуццаты Инарыхъо. Æз уымæй уæздандæр хистæр уæд дæр нæ зыдтон, абон дæр нæ зонын. Ныры адæммæ кæсын, æмæ мæм мæ зæрдæ афтæ дзуры, цыма ахæмыл нал сæмбæлдзынæн.

Урс-урсид бæх æм уыдис, барæг бæх, зыгъар йæ ныхыл, хæлæггæнджытæ йæм – бирæ. Гъемæ уыцы Инарыхъо цы бакуыста, уымæ ма кæс. Цæугæдон сæм хæстæг уыди, сæ тæккæ бакомкоммæ. Иу бон æй уырдæм ракодта, зæрдиагæй йæ ныннадта, стæй йыл сбадт æмæ уæлæ Ольгинскæмæ араст йæ хæлары бæрæггæнæг. Уым иу цасдæр фæци, стæй фæстæмæ сæхимæ рараст. Уынджы цымыдис сабитæ йæ фæдыл згъорынц, цины хъæртæ кæнынц, кæцыдæр тигъыл æрыгон лæппутæ цалдæрæй акъаци бæласы бын къодахыл бадтысты, æмæ йын уыдон дæр сыстадысты, нымдзаст æм сты, æмæ дзы сæ иу хъæрæй афтæ куы бакæнид:

– Эхх, гъер дæ уæртæ уыцы бæх ма уæд!

Лæппуйы зæрдæбын ныхæстæ Инарыхъомæ фехъуыстысты, уыцы сахат æй цы Хуыцау ацардыдта, цы зæд ыл атахт, уый ничи зоны, фæлæ дзыхълæуд фæкодта, зæхмæ æрхызт æмæ йæм йæхимæ басидт:

– Кæй дзæбæх лæппу дæ, уый-ма мын зæгъ...

Уый, мæгуыр, стыхст, ныфсæрмытæ, фæлæ йын загъта:

– Белыккаты...

– Мæнæ ацы бæх, лæппу, амæй фæстæмæ уыдзæнис дæу, æз дын æй лæвар кæнын, – загъта йын Инарыхъо æмæ йæм дзылар бадардта.

Æндæр кой нал уыдис уыцы бонты Иры дзыхъхъы, бирæ азты дæр Ольгинскæйы Белыккатæ æмæ Фарныхъæуы Дзуццатæ æфсымæрты цард фæкодтой, æцæг абон Инарыхъойы кæддæры уыцы фæзминаг ми сæ иутæ æмæ сæ иннæты кæстæртæй дæр ферох ис.

Торчынты Мæдинæт:

– Абоны онг дæр ма ныхасæн баззад, Беслæныхъæуы Торчынты чызджытæ, дам, къæйных сты, уæндаг, æргом ныхасгæнаг. Æз ацы мыггаджы рагæй дæн, æмæ дын раст куы зæгъон, уæд сæм уыцы миниуджытæ никуыма раиртæстон. Ме 'фсин-иу сæ сæрыл рагæпп ласта, æгæр уæздан дæр, дам ма сты, æмæ мын цалдæр хатты мæнæ ахæм æвирхъау цау радзырдта.

1903 азы фæззæджы астæу Елхоты Торчынтæ сæхи хъæуы Къубалтæй чындз хастой. Се 'рвадæлтæм Беслæныхъæумæ дæр хонæг сæрвыстой æмæ мыггаджы цалдæр æвзæрст лæджы сæхи бæхуæрдоны бакалдтой, гуыффæйы кæрон сæ хуын æрæвæрдтой, йæ фахсмæ та йын хъахъхъæнæгæн сбадын кодтой сæ хо Сымаханы, уæд ыл цыд æрмæст 18 азы, æмæ араст сты Æрджынарæджы 'рдæм.

Уыцы бон сæ фæстæмæ нæ рауагътой, райсом, дам, чындзы номыл Терчы был бæхтыл дугъ уыдзæн, æххæст ма уый дæр фенут. Федтой, фæссихор сæхимæ рараст сты. Къуымæлдзæф лæгтæ суанг Кæрдзыны хъæуы онг сæ зарынæй нæ банцадысты, сæ иу дæр сæ фæстæмæ нæ акаст æмæ нæ бафиппайдта, Сымахан уым куыд фест-æрбадт кодта, стæй уæлгоммæ куыд ахаудта, бауадзыг æмæ йæ уд куыд систа, уый. Фæстæдæр рабæрæг: чызг лæгтæн, йæ катай цæуыл уыд, уый зæгъын нæ бауæндыд, æвæццæгæн. Загъта, кæд нæхимæ сирвæзин, зæгъгæ, фæлæ уæдмæ йæ мисындзæг атыдта.

Æз уæд нырма ацы дунейыл нæма уыдтæн, фæлæ-иу мæ хистæртæй хъуыстон, Беслæныхъæуы адæм, дам, ацы чызгæй тынгдæр никуы никæуыл фæкуыдтой. Хъарæггæнæг ус, дам, йæ хъарæджы Сымаханы мадæн уайдзæфы ныхæстæ загъта, ома дам, ахæм дард фæндагыл дæ

гыццыл чызджы иунæгæй цæмæн ауагътай, ды уæд куы уыдаис йемæ, уæд абон дæхи дæ цæссыгтæй не 'хсис, дæ рустæ нæ тонис...

Бызыккаты Шурæ:

– 1946 азы Хуымæллæджы хъæубæстæ бауынаффæ кодтой, Германыл фæуæлахизыл иу аз кæй рацыд, уый тыххæй 9 майы доныбыл, Куыдзиаты Дзибусайы хæдзары чъылдыммæ стыр куывд саразын, фæндыр дæр дзы куыд цæгъда, зарджытæ дзы куыд хъуысой. 7 майы хъæуы лæппулæгтæ уым æрæмбырд сты, алкæмæ дæр дзы цы хæстæ хауы, уый сбæрæг кодтой. Мæ фыдыфсымæр Мæцыхъойы хистæр лæппу Мысырби дæр уым уыдис. Сæхимæ куы раздæхт, уæд кæсы, æмæ сæ дуармæ – бирæ адæм. Йæ зæрдæ базыдта: йæ рынчын кæстæр лæппу Батыз цыдæр кодта.

Батызы ныгæнæн бон дæр 9 маймæ хауд.

Адæм уæлмæрдæй куы раздæхтысты, Мысырби иннæты фарсмæ сæ дуармæ куы æрлæууыд, уæд йæ цурмæ бацыдысты йæ хæлар Сæлбиты Амырхан, Гояны фыд, иу цалдæр лæппуйы ма æмæ йын загътой:

– Стыр хатыр дæ курæм, фæлæ немæ цом, нæ куывд нæма райдайдзæн, нæ кусæрттаг нын ды хъуамæ аргæвдай, зоныс æй дæхæдæг дæр, рагацау дæу снысан кодтам, науæд æндæр исчи, уæд нын уый Хуыцауы зæрдæмæ куы нæ фæцæуа...

Фæлæ куыд хъуамæ ацæуа Мысырби цинмæ? Йæ зæрдæ суынгæг, йæ кæуындзæг йæ былалгъмæ схæццæ, «нæ» сын загъта, хатыр сæ ракуырдта. Уый йæ фыд Мæцыхъо бафиппайдта, йæ лæппумæ фæдзырдта:

– Лæппу, федтай йæ, æнæхъæн хъæубæстæ ныр æртыккаг бон нæ цуры цырæгътау лæууынц, уый. Кæд нын адæм аргъ кæнынц, уæд махмæ дæр хъуамæ æфсарм разына. Лæгау хъæддых фæлæуу дæ зæрдæйы рыстæн æмæ дæ кæд агурынц, уæд ацу. Ацу, æмæ дæ бон цас у, уыйбæрц сæм фæкæс. Мах аххосæй хъæубæсты цин куыннæ фехæла, ууыл бацархай. Цы бæрæгбон у, уый зоныс...

Куыннæ байхъуыстаид Мысырби йæ фыдмæ?! Йæхи фæфидар кодта, йæ рыст йæ зæрдæйы арфы бамбæхста æмæ араст...

Хъуылаты Дзирæ, тележурналист:

– Ивгъуыд æнусы æхсайæм азты-иу арæх арæзт цыд фестивальтæ куы Ленины райгуырæн бонмæ, куы Уæлахизы кадæн. Уæлахизы бонтæй иумæ æз арæзтон стыр телевизион равдыст.

Рахизфарсы районы фестиваль уыд маисон комбинаты клубы, уырдыгæй йæ мах хъуамæ йæ райдайæнæй кæронмæ æвдыстаиккам æгас республикæйыл. Ныры хуызæн гыццыл рæстæг лæвæрд нæ цыдис уæд ирон равдыстытæн, нæхи цас фæндыд, афтæ-иу уыди. Зæгъæм, Тедеты Павел Компартийы XXII съездæй куы сыздæхт æмæ адæмимæ ныхасмæ куы фембæлд, уæд æй æртæ сахаты бæрц февдыстам. Ныр та?

Маисон комбинаты клубы фестивалы хæд размæ Кæсæбиты Митяйæн йæ фæлмæнтæ дзураг мад Варикка фæзиан. Æгкацаты Федыр уæд, Хуымæллæгæй хæсты быдыры чи бабын, уыдонæй скодта зарæг, Митя йæ сахуыр кодта. Къорд ссыдис, Митя дæр уым. Фæлæ зианджын лæг куыд хъуамæ азара? Къорды уæнгтæ мын афтæ зæгъынц, мæнæ, дам, ныхæсты автор йæхæдæг азарæд. Фæлæ Федыр не сразы, мæ ныфс, дам, нæ хæссын. Ныр равдыст цæуы, æгас Ирыстон æм кæсынц. Цы чындæуа? Æмæ уæд æз Федырæн афтæ зæгъын: «Къордимæ-иу дæхæдæг дæр сценæмæ рацу, исты æрхъуыды кæндзыстæм Митяйæн». Сценаримæ гæсгæ уыцы зарæгмæ куы æрхæццæ стæм, уæд æз, мæ къухы микрофон, афтæмæй залмæ æрхызтæн æмæ адæмы раз Митяйæн загътон:

– Митя, не 'ппæт дæр æй зонæм, дæ мады зианæй нырма нымад бонтæ дæр нæма рацыд, уый. Бахатыр мын кæн, фæлæ ацы зарæг кæуыл фыст æрцыд, уыдонæй зыбыты иунæг дæр дæ мады карæнмæ нæ, фæлæ уый æмбисмæ дæр ничи фæцарди. Уый цины зарæг нæ, фæлæ стыр хъыджы зарæг у, æмæ мæ уырны: дæ мад дын ныххатыр кæндзæн, мады зæрдæ дæ бамбардзæн. Азар æй дæхæдæг, дæ хорзæхæй...

Исдуг йæ сæр фæгуыбыр кодта, стæй мæм скаст, æмæ йæ æз мæхи дыууæ цæстæй федтон, йæ цæссыгтæ куыд рахъардтой, уый. Æмæ араст сценæмæ уыцы бæрзонд, хæрзконд лæг. Диссаг та залы адæм уыдысты. Иууылдæр сыстадысты, къухæмдзæгъды бын æй фæкодтой. Уыцы ныв ма дæ цæстытыл ауайын кæн, Дамир. Куы ныззарыд, уæд та мæнæн рахъардтой мæ цæссыгтæ. Ныр куы æрхъуыды кæнын уыцы бон, уæд та, бауырнæд дæ, мæ зæрдæ суынгæг вæййы. Зын ын уыдис, дыууæ зыны. Иуæй, сæфт фæсивæды, йæхæдæг цы лæппуты зыдта, уыдоны тыххæй, иннæмæй – йæ мад... Мад та мад у: зæронд у, æрыгон, уæддæр...

Рухсаг у, Митя, кæм дæ, уым сызгъæрин талатæ суадз...

СОТТИТЫ РИММÆ: 85 АЗЫ

(1940 – 2022)

Уастæн ирон фынгæн ирон «оммен» цæра! Ирон уæзæгыл ма сафтид уа авдæн, ирон удты – фыдæлты ʻгъдау, сæ фарн!

ИРОН ДЗЫРД –
ЙÆ УДЛÆУУÆН, ЙÆ ЦАРД

Цæры дæ хуызы нæртон мад Сатана,
Тæдзы зæххыл дæ урс æрмттæй бæркад.

ШАМИЛ

Фыссæг у нацийы историйы уаз чиныг, йæ хъуыддæгты айдæн, сæ удварн æмæ монон культурæйы цыртдзæвæн. Фыссæджы руаджы адæмты цардыуаг свæййы æнусон, æмдзу фæкæны фæлтæртимæ азæй-азмæ, раргом кæны æнæхъæн цардæгас дуне, æмæ дзы чиныгкæсæг йæ мондæгтæ суадзы, рæсугъд хæххон суадоны донау.

Ахæм у Соттиты Нестъоры чызг Риммæйы сфæлдыстад дæр. Адæймаг ын йæ уацмыстæ куы райдайы кæсын, уæд зæрдæ байдзаг вæййы алыхуызон рæсугъд фæндиæгтæй æмæ сæрыстырдзинадæй. Чиныгкæсæджы раз цæхæртæ акалынц Ирыстоны æрдз, йæ бæрзонд хæхтæ æмæ бурдидинæгджын фæзтæ, йæ нацийы буц аивады хотыхдæрты цард æмæ сфæлдыстад.

Бирæвæрсыг æмæ бирæкъабазджын у Соттионы сфæлдыстад – поэзи, прозæ, публицистикæ, тæлмац, критикæ. Риммæ райгуырд Ирыстоны хæхты хъæбысы, æмæ уымæн ахсы ахсджиаг бынат йæ аивадон сфæлдыстады æрдзы тематикæ. Нывæнды хæхты рæсугъддзинадыл, нæртон зæххыл æмæ хæлхæлгæнаг суадæттыл йæ уæлмонц рæнхъытæ («Мæ ирон зæхх»):

Цæй диссаг у фыццаг хуры скаст хæхты,
Куы сæрттивы цъæх уыгæрдæнты ‘ртæх!
Сæууон уддзæф куы анызæвы рæгъты,
Куы расимы зæлдаг хуымты уæрæх!

Мæ цин æмæ мæ уарзты зарæг кæмтты
Йæ уæлныхты лæварæн уый хæссы.
Ирон лæппуты цæвджыты æвнæлдмæ
Æрвгæронæй цъæх цъититæ кæсынц.

Æмзæл зарæг уæлвонг хосгæрстæй хъуысы –
Суадæттæ йын бахъырнынц фæлмæн.
Кæмфæнды уон, æдзухæй дæу фæмысын,
Мæ ирон зæхх – мæ цардамонды сæр.

Ирон адæм, ирон зæхх æмæ Ирыстон – уыдон сты Соттионы сфæлдыстады сæйраг темæтæ. Поэты аивадон суадоны ленк кæнынц ирон адæмы удварны бæрзонд æмæ сыгъдæг намыс, фыдæлты æнæцудгæ æгъдæуттæ, фæрныг ахастытæ æмæ тох æнæгъдау, мæнгард æмæ тæппуддзинады ныхмæ.

Риммæйæн уыцы æгъуыстаджы миниуджытæ балæвар кодтой йæ ныййарджытæ. Йæ фыд Нестъор, Уæллаг Мызурæй Ногирмæ куы æрлыгъдысты, уæд, ахуыры нысаниуæг фидæны царды æмбаргæйæ, сфæнд кодта скъола саразын æмæ йын æнтысгæ дæр бакодта. 1920 азы хъæуы байгом скъола, фæлæ æппæт ахуырадон домæнтæн дзуапп нæ лæвæрдта. Уæд Нестъор йæ хæлæрттимæ сфæнд кодта ног скъола саразын. 1927 азы Ногиры йæ уæрæх дуæрттæ байгом кодта дыууæуæладзыгон скъола. Абон дæр ма кусы æмæ йæ рауагъдонтæ сты дæнцæгæн хæссинаг канд се 'гъдау æмæ ахуырдзинадæй нæ, фæлæ ма се 'хсæнадон куыстæй. Йæ саразджытæн та у æнусон цыртдзæвæн…

Нестъорæн йæ сывæллæттæ дæр йæхи хуызæн цæвиттойнаг уыдысты. Цыппар фырты нал æрыздæхтысты хæсты быдырæй, иннæ бинонтæ та куыстой, кæмæн куыд йæ бон уыд, афтæ. Йæ чызг Риммæйы фыццаг сисфæлварæнтæ та фæзындысты скъолайы къулын газет «Уадындз, уадындз, цæй ныззар! Зæрдæтæм фæндаг ыссар!»-ы. Уæд райдыдта йе сфæлдыстадон хъæздыг æмæ бæркадджын фæндаг. Риммæ курдиатджын æмæ хъомысджын кæй уыд, уый бæрæг у, цы бæрнон бынæтты куыста, уыдонæй дæр: газеттæ «Ленинон тырыса», «Рæстдзинад», «Социалистическая Осетия», «Молодой коммунист» æмæ журнал «Ногдзау»-ы. Ацы бынæтты бахсыст йе сфæлдыстадон курдиат.

Йæ уацмыстæ мыхуыргонд цыдысты куыд Цæгат Ирыстоны, афтæ Хуссар Ирыстоны мыхуыры оргæнты дæр. Уымæн ссис Соттион зындгонд æмæ уарзон фыссæг йæ Ирæн.

2004 азы рацыд йæ чиныг «Удæй удмæ», 2005 азы – «Фыдæлты къæсæр». Йæ фæлмæн зæрдæ æмæ фыссæн сис райхъал кодтой сабийы фынæй монцтæ дæр йæ чиныг «Магуса Гæдила»-йæ.

Соттион тынг дæсны уыд тæлмац кæнынмæ дæр, уыимæ куыд уырыссаг æвзагмæ, афтæ уырыссагæй иронмæ дæр. Стæлмац кодта Агънаты Гæстæны роман «Темыры кæстæр чызг», Джусойты Нафийы романтæ «Фыдæлты туг» æмæ «Сырдоны цæссыгтæ», фæлæ рухс нæма федтой.

Риммæ стыр æмæ ахсджиаг куыст бакодта, ирон адæмон сфæлдыстады хæзнатæ чи æмбырд кодта Ирыстоны алы къуымты, удуæлдай куыст сын чи фæкодта, уыцы зындгонд рухстауджыты фæллæйттæ æрæмбырд кæнын æмæ сæ фидæны фæлтæрæн ныууадзыны хъуыддаджы. Уыцы рухстауджытæ та уыдысты Æмбалты Цоцко æмæ Зæнджиаты Бæбу. Сæ дыууæ дæр – ирон адæмы аивадон сфæлдыстады сæрхъызойтæ, национ стыр гоймæгтæ. Риммæ сын се сфæлдыстадон фæллæйттæ æрæмбырд кодта архивты æмæ сæ рауагъта хицæн чингуытæй, рахаста сæ дзыллæйы размæ аив фæлгонцæй: Æмбалты Цоцко. «Удварны хæзнатæ» (2009 аз); Зæнджиаты Бæбу. «Уæсиат» (2018 аз).

Ацы чингуыты фыссæджы сфæлдыстадон уидæгтæ цæхæртæ акалдтой æмæ Сæнайы цъуппыл абадтысты сæ нысаниуæг æмæ актуалондзинадæй. Уымæн æвдисæн – ирон адæмы зынгзæрдæ хъæбул Джыккайты Шамилы хъуыды: «Адæммæ хорз лæгтæ куы вæййы, уæд уыцы адæм фæрныг вæййынц. Æвзæр йæ хорзæй нæ раппæлдзæн. Фæлæ Риммæ хорз адæймаг у, хорз лæджы хъуыддæгтæ адæмы размæ рахаста æмæ йын стыр бузныг зæгъæм. Риммæ у сæдæ лæджы æмдых, æмæ нæм цалынмæ ахæм сæрæнгуырд чызджытæ ис, уæдмæ нын тас нæу сæфынæй…» Уый Æмбалты Цоцкойыл цы чиныг рауагъта, уый фæдыл ын арфæ кæны Шамил, уымæн æмæ уый куырыхон поэт уыд æмæ æмбæрста сфæлдыстадон кусæджы тухи.

Иннæ чиныгыл рецензи ныффыста академик Джусойты Нафи æмæ уым загъта: «Соттионæй ирон литературон æхсæнад хъуамæ иттæг бузныг уа, нæ курдиатджын адæмæн зæрдылдаринаг тæлмацгæнæг Зæнджиаты Бæбуйы аивадон бынтæ кæй æрæмбырд кодта æмæ равæрдта иу чиныджы сконды, сæ разæй сын Ардасенты Хадзыбатыры зæрдиаг æмæ уæздан фыст уац кæй бафтуан кодта, уый тыххæй…»

Фæрнджын сылгоймаг уыд Соттион, ныууагъта арф фæд ирон аивадон литературæйы историйы. Бирæ цы хæхтæ уарзта, уыдон ын балæвар кодтой сфæлдыстадон хъомыс æмæ æнæкæрон уарзондзинад йæ раттæг адæммæ. Йе 'мдзæвгæтыл фыст зарджытæ нæрынц æмæ нæрдзысты Иры хæхты æмæ кæмтты.

ДЖУСОЙТЫ Клавдия,
профессор

ХÆЛÆРТТЫ МЫСИНÆГТÆ

* * *

…Риммæйы зæрдæйы ныффидар царды рæсугъддзинадмæ тырнындзинад. Æмæ йæ уыцы зонд никуы фæсайдта. Никуы никæмæн бахæлæг кодта йæ фæлмæн ныхас, йе 'ххуысы хай.

Æдзухдæр мæ дисы æфтыдтой йæ новеллæтæ, йæ лирикон æмдзæвгæтæ, йæ диссаджы поэтикон уарзæгой хъæлæс. Йæ уацмысты кæддæриддæр хæххон суадонау абухы уарзондзинад фыдыуæзæгмæ, Иры диссаджы æрдзмæ. Йæ поэтикон нывæфтыд рæнхъытæ райгуырынц йæ уарзæгой зæрдæйы арфæй. Уымæн сыстынц адæймаджы цæстыты раз, йæ уацмысты фылдæр хай цы фыдæлты уæзæгыл зары, уыцы аргъæуттты бæстæйы чысыл хæххон хъæу, йæ диссаджы æрдз. Йæ сæйрагдæр темæтæ сты æрдзы рæсугъддзинад, адæймаджы бæрзонд æмæ сыгъдæг удыхъæд, ирон æвзаг, фыдæлты фарн, царды гæлир фæзилæнтимæ тох… Æмæ… хæхтæ… Фыдæлты уæзæг… Уый у йæ уæлтæмæнады суадон.

КЪУЫМÆЛÆГКАТЫ Мурат

АУУОНÆЙ ХУРМÆ

Æмæ та уый дæр табуйаг аив дзырды фæрцы бантыст Риммæйæн.

Ауýон та цы хонын, зæгъгæ, уæд мемæ 1957 азæй 1962 азмæ Педагогон институты куы ахуыр кодта, уыцы бонты йæхи куыд «ныгъуылдæй» дардта, уый. Нæ чызджытæ дзы иууылдæр хистæр уыдысты иу-дыууæ азы, æмæ сæ, чи зоны, æфсæрмы кодта чердæмырдыгæй…

Уалынджы æргомæй æргомыздæхт фæцис литературон сфæлдыстадмæ, æмæ чысылгай йæ ном хурæргом кодта, ноджы æмхуызон арæхст куыд иронау фыссынмæ, афтæ уырыссагау дæр.

Фæлтæрдджын фысджытæ сæ рæнхъытæ ныæнгом кæнынц æмæ се 'хсæнмæ ног искæй тыхтæй-фыдтæй бауадзынц. Æмæ Риммæйæн та фæндаггæрдæг фесты йæ уацмыстæ, – чиныгкæсджытæй дзæвгарæн зæрдæмæдзæугæтæ, уæлдай арфæйагдæр ын басгуыхтысты йæ фæллæйттæ Цоцко æмæ Бæбуйы тыххæй.

Цы дунейы дæ, Риммæ, уырдыгæй парахат зæрдæйæ хæрзаудæн кæн ирон аив дзырдыл, иумæйагæй ацы бирæ хуыздæрхъуаг дунейы уагыл.

ГУСАЛТЫ Барис

ЙÆ ЦАРДЫ МÆСЫГ ХОРЗ ХЪУЫДДÆГТÆЙ САМАДТА

Соттион йе сфæлдыстадон рындзмæ схызт кад æмæ радимæ, аккаг чызг у йæ мыггагæн, Ирыстонæн, Ногиры хъæуæн. Царды мæсыг самадта йæ адæммæ уарзты бындурыл. Ирон литературæйы къæбицмæ цы дзадджын хуынтæ бахаста, уыдон аккаг бынат æрцахстой ирон аив дзырды хæзнадоны… Йæ æмдзæвгæтыл фыст зарджытæ зарынц Ирыстоны алы къуымты.

Абон кæд Риммæйы сфæлдыстадон куыройы фыдтæ сæ зилынæй банцадысты, уæддæр, йæ дыргъдоны цы талатæ ныссагъта, уыдон арф уидаг ауагътой литературæйы алы къабæзты, æмæ йæ уацмыстæ ирон чиныгкæсæгæн уыдзысты зонды хос. Фæрнджын адæймаг уыд, Ирыстоны цæрайæн кад æмæ радимæ цард, кæстæртæн зондамонæгæй æмæ фыдæлтæй абоны фæлтæрмæ цы тын фæнывæзта, уый фæлтæртæн æмæ ирон æвзагæн царды хос уæд.

ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ

Зæнджиаты Бæбуйы чиныджы презентаци
Алагиры бæстæзонæн музейы

СОТТИТЫ Риммæ

МÆ ИРЫ ЗÆХХ – МÆ ЦАРДАМОНДЫ СÆР

Новеллæтæ

РÆСТДЗИНАД

«Господи! Услышь молитву мою,
и вопль мой да придет к Тебе»
(Псалом 101:2)

Рæстдзинады мæнг тæрхæттæ нæ хъæуы. Нæ йæ хъæуы тæлмацгæнæджы сæр. Хуыцау æй радта адæмæн хæзнайау æмæ цæры нæ удварны, цæмæй бæрзонд хæссæм зæххон царды нæ сæртæ, нæ сабитæн ныффæдзæхсæм æгъдау.

Рæстдзинад у сыгъдæг удты цырен арт, зæххон адæмы цин æмæ бæллиц. Æрвнæрæгау йæ хъæлæс сисы арвмæ, сæууон хурау æппæтдæр уынаг рухс. Болатæй конд æхсаргардау – йæ февнæлд, ныййарæг мадау домаг æмæ буц.

Сыгъдæг рæстдзинад! Уд æмæ дæ зондæй нæй бафауæн – æппæтæй дæр – æххæст. Фæлæ дунейыл ис æлгъаг мæнгдзинад – дæлимоны сконд хин æмæ фæлывд. Æмæ хуыснæгау агурынц дæ фæдтæ. Хъæддаг куыйтау сæ цыппæртыл лæсынц, дæ фæндæгтæ бынсæфт кæнын – сæ сæйраг. Рæмпæгау пирынц де стыр рухс, дæ кад.

О, цал масты, о, цал риссаг æлхынцъы ныццæнд вæййы нæ адæмы хъуыры... О, цал хатты фыды уæзæг гæныстон кæйдæр тугмондаг ахсосæй вæййы... Бæрзонд ранæй нæ цал хатты фæсайдтой... Æрцæуæг нын куыд мерс кодта нæ мулк... Æмæ нын-иу нæ улæфт дæр ма байстой, нæ фыр мæстæй-иу ацахстаид нæ туг.

Сдзурæджы-иу банымадтой знагыл. Æрбайсæфтис-иу бонрæфты йæ фæд... Тыхуарзджыты хуыдзармæй карст дзылары куыд ныффæрæзтам, куыд, мах утæппæт!..

Цæй фæрсты фидар разындис нæ Ирæн, рæстагæй нæ зылын куы кодтой, уæд. Цæй дурвидар нæ Иры мадæл басгуыхт, йæ хъæбулты йын знаг куы цагъта, уæд...

Фæлывд хæлæртты ихуарæн нæмыгæй... Амынæты нæ сабиты

цъæхахст... Æвирхъаудзинад, туджызæй, гадзрахат... Цы нæ бавзæрстам, ахæм та цы уыд?

Нæ фыдбонты нæ цæссыгæй æхсадтам нæ куыдвæллад æрхæм цæсгæмттæ мах. Фæрæзтам алы диссагæн нæ царды, уæддæр нæ систам мах дæуыл нæ къух.

Зæххон царды æцæг паддзах – Рæстдзинад! Æхсæвы тары агуырдтам дæ фæд. Сæууон æртæхмæ кастыстæм æдзынæг, дæ намысыл ма фембæликкам кæд...

Ызмæст доны кæсагахсджытæ махмæ æввахс нæ уагътой, уаз Рæстдзинад, дæу. Фæдфæливæнты аууон ахстæй цардтæ, æхсины лæгты, нæй, нæ уыд дæ мæт.

Фæлæ дунейы дзыллæйæ тыхджындæр нæ уыдис æмæ никуы уыдзæн, нæ! Уæндон æмæ æмзонд къахдзæф æмдыхæй куы акæной, кæй бон сын цы у уæд!

Рæстдзинад! Ды зынаргъ дарæс нæ дарыс. Къæрид кæрцы дæр – паддзæхты æмсæр! Дæ хъæбулты ды карз тохты æвзарыс – кæйдæртау сæ нæ бамбæхсыс фæсфæд.

Ирыстоны куы бахъæуы лæджы сæр, куы æрлæууæм нæ сæрсæфæны был, уæд афонхор къæлæтджынуарзаг хъалтæм ды нал фæкæсыс, æмæ нын гъеуæд Хъазыбегæй Æрджынарæгмæ уадау ныййазæлы дæ æнæрцæф хъæлæс.

Иры сагсуртæ уæд ныууадзынц гутон. Æрбалвасынц æнгомдæртæ сæ рон æмæ фæдисы рацæуынц дæ номыл. Ирон лæгæн йæ тырыса дæ ды.

Зæххон хæзна! Ирон зæххы сыгъдæг дзуар! Дæ сæрвæлтау нæ цард дæттæм хæсты! Дæ сæрвæлтау мах пиллон арты судзæм, нæ удты фарн, нæ амонды мæсыг.

Æцæг зæгъын, ды мын цæрай, Рæстдзинад!

ФЫДЫ ФАРН

Фыды уæзæг, æгæрон тых дæм ис. Цыфæнды дард æмæ рæсугъд бæстæй дæр дæхимæ хоныс адæймаджы ды.

Фыды уæзæг... Фыдæй фыртмæ дæуæн ирон адæм сæхи нывондæн хастой. Дæ урссæр хæхтæй, стæй дæ сау мæрæй стыр ард хордтой цæхх æмæ кæрдзынау. Фыды фарнау дæумæ стыр ныфс ис.

Дæ дызгъуын риуыл дзидзидай слæууы, æвæлтæрд къахдзæф акæны.

Ды та ныййарæгау дæ мидбылты фæхудыс æмæ йæ хоныс цардвæндæгтæм дард.

Кæддæр, дам, хохаг карз хæсты фæмард, фæлæ сæ коммæ не ‘рбаугъта знаджы. Фыды уæзæг ыл æртæхæй куыдта. Йæ сау хъарæг ыл арвы нæрын кодта. Хæххон бæрз ыл йæ урс дзыкку ныттыдта. Ныттар ис бæстæ. Бамыр сты хъæдтæ. Æрмæст ма суадон таппузхæкъуырцц кодта.

Ирон уæзæг йæ хъæбулыл куыдта. Фæлæ згъордтой ‘взонг байрæгтау азтæ, æмæ хæстонæн ралæг ис йæ фырт. Фыды фарнæй бæркадджын уыд йæ зæрдæ, фыды намысæй хаста сæр бæрзонд.

Ныллæг куывта фыдæлтыккон мæсгуытæн. Лæгæрста комы бæлццæттæн фæндаг. Уый уарзта цард, цъæхайнæг хох, уыгæрдæн. Мæнæуы хуымтæм худтис уый фæлмæн æмæ хæзнайау кодта кад къæбæрæн. Хæххон суадонæн иста уый йæ худ. Йæ разы-иу йæ зонгуытыл æрлæууыд.

Фыды уæзæг ын стыр Хуыцауау уыд æмæ йæ раст ныййарæг мадау уарзта. Йæ фыды фарн нæ ауагъта мæрдтæм.

ЗАЗТÆ

Ныссабыр хъæу. Æрмæст ма къаннæг къæйдур хæдзарæй зарын хъуыст. Зæронд лæг хъисфæндырæй цагъта. Хъуыстой йæм Джермугъы цыргъ цъупп, цъæхзазджын кæмттæ, митын къуылдым. Хæххон хъæу банорста йæхи.

Æнæкæрон тыбар-тыбурæй нæ фæллад ирд миты хъæпæн. Уæларвон мæй йæ мидбыл худтис. Хъырныдта Леуахи фæлмæн. Зымæгон æхсæв аргъау фестад æмæ йæм хъисфæндыр хъуыста. Æви фæндырмæ аргъау хъуыста? Цæуыл уыд дыууæйæн сæ дзырд? Цæуыл уыди сæ зард? Цы бонтыл? Цы хъардта æрдзы уæнгты арф?

О Дзауы ком! Дæ рухс арвы тыгъд – кæйдæр мидбылхудтау фæлмæн. Дæ домбай айнæг Джермугъ – аив, бæзæрхыг, раст хъайтар лæгау. Сæрæн, ныфсджын у дзауаг айнæг.

Фæлæ дæ зазтæ! Дзауыкоймаг зазтæ!.. Мæ хъысмæт уын нывонд кæнын. Æнæ сымах мæ бон нæу уарзын. Мæ рухс цин уе ‘хсæнæй цæуы. Уæздан, рæсугъд – уæ алы хих дæр. Уæ базмæлд – зæрдæйæн йæ цин.

Зымæгон æхсæв зæдтæ фестут. Уæ бакаст ног чындзау вæййы.

Налхъуыт-налмасæй дарæс скæнут æмæ нæртон симды рæнхъ-рæнхъ зæххæй æврæгъты ‘хсæн фæцæут.

Уæ æнæнцой тыбар-тыбурмæ лæджы цæст нал фæзоны ‘нцой æмæ фыр цинæй зæрдæ тайы. Сымахæн зары хъисфæндыр дæр, сымахæн кæны кадæджы хъæлæсæй уæздан ирон цагъд. Байхъусут æм, зазтæ! Æнусты дугъы, чи зоны, сымах æндæр фæлтæртæн ракæнат нæ зарæг. Зæгъут-иу уæд, зæронд фæндырдзæгъдæг фæззыгон изæр хъисфæндыр куыд кодта. Дзæбидыры зæрдæйы тæгтæй уый ирон фæндырæн рухс тæнтæ куыд быдта. Стæй ма, зазтæ, ма ферох кæнут, фыццаг цагъдæй уæ ном кæй ардта, уый дæр.

Зæронд хæххон лæг мысыдис йæ рагцард, йæ хъизæмар, йæ сусæг уарзт, йæ цин. Йæ цæстыл уадис дидинæгджын хъугом, сывылдзджын рындз, хæххон суадоны сатæг, æхсæрдзæны хъæр, хуыргæрчыты зард, зымы ‘хситт, Леуахийы абухт. Æмæ куыдта... Куыдта фыр цинæй.

Сымахыл уыд зæронд лæгæн йæ цин. Знаджы раз-иу не ‘ркъул ис уæ бæрзæй. Нæ йын лæвæрдтат ‘хсæвиуат уæ быны, æмæ уæ тарст æрбацæуæг знаг. Зынг уыл æфтыдта, ‘хсаргардæй уæ цагъта, уæддæр уæ сæрмæ не ‘рхастат цагъар.

Уæ хъæбулты, уæ дзауыкоймаг Иры ныййарæг мадау хъахъхъæдтат æдзух. Уæ къабæзтæй сын хъарм хуыссæн лæвæрдтат. Сæ цины дæр, сæ хъыджы дæр сымах дзырддзæугæ лæгтау се ‘нцой-иу уыдыстут. Сæ фыццаг къахдзæф зазты рæбын уыд. Йæ фыццаг дзырд-иу сабийæн дæр хъуыстат. Сæ хъизæмар сын алы хатт уыдтат. Сæ уарзт сымах раз – арвыронау аив. Уæд уыл куыд нæ уа хъисфæндыры цагъд? Куыд нæ уын кæна кадæгæй ныстуан, цæмæй фæхæссат дугты ‘хсæнты дард ирон лæгæн йæ цин æмæ йе ‘фсарм.

О зазтæ, зазтæ! Радзурут-иу фидæны рæсугъд хур бон, куыд амондджын уыд Дзауы ком кæддæр, куыд разы уыд йæ абонæй йæ кæстæр, куыд бæллыдис йæ рухс фидæнмæ, уый.

Мæхи цъæх зазтæ, фидыцæн уæ скодта Стыр Хуыцау. Æрдхæрæны рæсугъд – уæ конд, уæ уынд. Уæ æрдузтæ – дзæнæт. Уæ аууæтты – сæ ривæдгæнæн фосæн. Уæ сатæджы – фыййау лæппутæн ‘нцой.

Сæумæйы æртæх хаст фыстыл æрбады, сыгъзæрин хур сæм мидбылхудт кæны. Уæ хихтæ сын фæхъахъхъæнынц сæ фын. Йæ сусæг зард уын рогдымгæ фæкæны.

Фыййауы зард нæ цух кæны мæ бæстæй. Къæйдур хæдзары дæлбазыр

цæвæг згæ нæ комы. Хосгæрдæнты иумæ æгас комбæстæ расиды уæд зиу. Тæссар къуылдымтыл цæвджыты ‘хситт зæлы. Кæйдæр бындар йæ зарæг сисы рог æмæ йын хосгæрст бахъырны... Къæлæттау дæргъæй-дæргъмæ цъæх карст уистæ хуыссынц.

Дыууæ боны – æмæ та ногæй зарæг. Ссивæнты халамæрзæны ‘хситт æмæ дыкъухыг сагойы мынæг хъырныд. Гъей-гъой, лæппутæ, ма кæнут сындæг, æрбаййафынц уæ къулбадæг чызджытæ! Кæсут – сæ февнæлд артау у цæрдæг, сæ цъæхснаг худын арауы кæрддзыхыл æмæ тæхы цъæх мæкъуылты сæрты кæдæмдæр дардмæ дымгæйы фæччитыл.

Фæлæ кæсут, фæскъуылдымтæй сæхи æнæбары бæлццæттау сисынц мигътæ. Нæ зиууæттæ фæрæвдз кæнынц сæ куыст. Мæкъуыламад хос хосдæттæм фæласынц кæм галгуыфæй, кæм та мæхъитæй – ‘фтауц. Улæфты уысм фæззыгон мигъ нæ дæтты. Æнæнхъæлæджы ‘рбалæууы зымæг зæхкусæджы фæсарц, уый зонынц мæ хохæгтæ.

Ныссабыр вæййынц зазтæ æнæвдæлон фæззыгон бонты. Раст цыма æмбарынц, хæххон адæм куысты гуылфæны сты. Æви куырыхон бæлæстæ, куыд адæм, æппæт дæр зонынц, алцыдæр уынынц æмæ Хуыцаумæ се тæрттæ ивазынц, уырнджытау кувынц: «О Хуыцау, æххуыс фæллойгæнæг хæххон адæмæн!»

Зазтæ... Æфсадæнгæс сыгъдæг арвмæ тындзынц, сæ цъæх цинелты ‘взонг лæппутау аив, сæ цъæх цъуппытæ нарты фаттау раст.

Зымæгон æхсæв... Басабыр ис хъæу. Æрмæст ма хъуысынц хъисфæндыры зæлтæ. Уый кадæггæнæг зазты цагъд ныккæны. Æрттиваг арв æм сабийау кæсы, стъалытæ æнæкæрон нымæцæй сæ хъуыст скодтой хъисфæндырмæ. Ком налхъуыт-налмасау ‘рдæгæхсæв æрттивы. Рæсугъд аргъауау Дзауы ком зыны. Мынæг Леуахи стъалытæ ныхъуыры, йæ фæйнæфарс та къуылдымтыл зæлдаг, зынаргъ даритæй диссаг фæлыст зазтæ ирон симды, нæртон симды цæуынц.

Къæйдур хæдзарæй хъисфæндыры зарæг тæхы дунемæ... Зазтæ йын хъырнынц. Мæлæт уын ма уа, Дзауы комы зазтæ!

МАЛУСÆГ ÆМÆ БÆРЗ

Хур æртавта æмæ бæрз бæлас дæр бахъæлдзæг. Суанг-иу райсомæй изæрмæ йæ цæнгтæ кафæгау змæлыдысты. Йæ бынты та кæдæмдæр згъордта æлыгамæст Митдон.

Иу бон та Бæрз райхъал хуры хъарммæ. Йæ цæнгтæ айвæзта, йæ цæстытæ аууæрста æмæ фæджих ис: доны зарæг æм сабырдæр фæкаст.

– Цымæ цы кодта Митдон? – ахъуыды кодта Бæрз, – æмæ йæ бынмæ æркаст. Знон дæр ма хырызгомау цы миты æмпъузæн уыд, уый цыдæр фæцис. Урс гæппæлы бæсты Бæрзмæ хæстæг хус сыфтæртæ чидæр схуынкъ кодта.

– Ды та чи дæ? – афæрсинаг уыдис Бæрз. Фæлæ йæм фароны хус сыфтæр йæ цæст æрныкъуылдта, фæлæуу уал, зæгъгæ.

– Ой! – сыхъуыст æваст кæйдæр лыстæг хъæлæс æмæ скъуыд сыфтæры бынæй разынд кæйдæр цымыдис цæст.

– Чи дæ, чи? – æргуыбыр æм кодта Бæрз.

– Чи, куы зæгъай, уæд нырма бæстæ зымæгон фынæй у.

– Ха-ха-ха! Куыд зымæгон, бæстæ хурæй куы байдзаг!

Уæдмæ Дымгæ æрбафутт кодта æмæ Бæрзы ныууыгъта, йæ дзыккутæ йын сфæскъæуттæ кодта æмæ æрбайсæфт.

– Ма дзы тæрс, – батылдта йæ сæр хуынкъæй кæсæг æмæ бахудт. – Куыд хорз у йæ улæфт! Уалдзæджы тæф кæны.

– Æмæ ды та чи дæ уæддæр? Уалдзæг циу, уый цæмæй зоныс? – бахудтис Бæрз.

– Æз Малусæг дæн. Уалдзæджы тыххæй та мын мæ мад радзырдта. Уый фарон ракалдта йæ дидинтæ. Дæ кой дæр мын кодта. Рæсугъд, дам, у Бæрз.

Бæрз фефсæрмы Малусæджы æппæлдæй æмæ йæ цæстытæ иуварс азылдта. Фæстæмæ куы ракаст, уæд федта: Малусæг æм худы дзаг цæстæй, уарзæгойæ.

«Æцæгæй æрцæуы уалдзæг», – ахъуыды кодта Бæрз æмæ йæхи айвæзта. Йе уæнгтæ рахатыдтой рог уддзæф. Цыдæр циндзинад зына-нæзына бæрæг дардта уæлдæфы æмæ æнахуыр цæмæйдæр агайдта зæрдæ. Малусæг та йæм кастис æмæ цин кодта, ахæм æнæхин æмбал кæй ссардта, ууыл.

ТУТАТЫ ТÆБÆГЪ

Уадиссаг хабар нæу, фæлæ мæ уæддæр нæ рох кæны тутаты тæбæгъ. Куы йæ æрымысын, уæд та мæ хъустыл ауайы Чындзы (афтæ хуыдтам нæ зæронд нана Санахъоны) фæлмæн рæвдаугæ ныхас.

Цымæ мыл цал азы цыдаид уæд? Бæгъæмвад къахæй-иу тыргъты рабадтыстæм фæрсæй-фæрстæм ме ʻмцахъхъæн пичъисæр сывæллæттимæ æмæ-иу изæрдалынгты кæрæдзи тæрсын кодтам.

– Битарты хæристыл, дам, хъорна гæды фæбады изæр æмæ йæхи тæппудыл ныццæвы. Уыцы иу хъуыррытт æй акæны.

– Нæ, уый хæйрæг у.

– Хæйрæг нæ, фæлæ усбирæгъ.

Ахæм ныхæстæм-иу мæ буар йæ дыз-дызæй нал æнцад. Уыцы æлгъыстаг хæристы бынты мæ цæуын хъуыд нæхимæ. Мæнæй «тæссагдæр» сæ никæмæн уыд ме 'мбæлттæй. Æмæ-иу мæ тæккæ стырдæр тасы куы бацыдтæн, уæд-иу кæртмæ æрбахызт Чындз æд тæбæгъ.

– Ахæрут, уæ нывонд æрбауон, – загъта-иу мæ зæронд фыдыфсымæры ус æмæ-иу нын не 'хсæн æрæвæрдта хуынхæссæн тæбæгъы цъупдзаг сатæг сау тутатæ. Мах дæр-иу зыдхæрд байдыдтам. Чындз та нæм фæлмæндзастæй кастис æмæ ницы дзырдта.

Тæбæгъ-иу куы афистæг кодтам, уæд-иу мын мæ къухыл рахæцыд:

– Цом, дæ низтæ ахæрон, афон у хъæмæ.

Мæнмæ та-иу худинаг кастис иннæтæй. Стæй Чындзæй дæр æфсæрмы кодтон, тарстæн, куы мæ базона. Фæлæ Чындз алы хатт дæр исты æфсон ардта, цæмæй мæ Битарты хæристæй ахизын кæна. Æвæццæгæн æй зыдта, кæрæдзи куыд тæрсын кодтам.

Бирæ азтæ рацыд. Ме 'мбæлттæй алчи царды фæндагыл араст. Никæйуал тæрсын кодтой тæссаг радзырдтæ. Мæхиуыл худгæ, рагæй цыдтæн Битарты хæристы бынты. Базæронд ноджы тынгдæр Чындз. Кæддæрау æнцон ын нал у дыргъдоныл аузæлын дæр. Фæлæ-иу нæ тута афон исчи куы фæзынд, уæд-иу Чындз кæддæрау йæхи асайдта дыргъдонмæ æмæ чысыл фæстæдæр фæзынд æд тутаты тæбæгъ. Йæ руад æнцъылдтæ къухтæ-иу сатæг сау систы, худтысты-иу йæ рæсугъд цæсгомæй фæлмæндзаст цæстытæ.

– Ахæрут, Чындз уæ нывонд фæуа, – загъта-иу, бандоныл уæззау бадт æркæнгæйæ.

Мах дæр-иу фыццагау зыд нал, фæлæ адджынæн хордтам Чындзы тутатæ. Æнахуыр адджын уыдысты.

Чындз амард, фæлæ тута ныр дæр ма зайы дыргъдоны дард къуымы. Мах арæх райсæм стыр хуыны тæбæгъ æмæ араст вæййæм ставд сау гагатæ æмбырд кæнынмæ. Нæ къухтæ ныссау вæййынц, æмæ уæд нæ зæрдыл æрбалæууынц Чындзы къухтæ.

Цымæ цал тутайы тæбæгъы бахæрын кодта махæн?..

ДÆ СÆФТ ХУРЫ ХАЙ

Уалдзыгон бон чындздзон дарæс скодта. Ды лæууыдтæ скъолайы къæсæрыл æмæ дæ зæрдæйы гыбар-гыбур æрæнцой нал зыдта. Дæ разы ныфсæрмы мæ ахуыргæнæг æмæ фæлмæн сæрфта балбæласы дидинхъус лыстæг къалиу. Æвæццæгæн ын æй ды балæвар кодтай.

Фефсæрмы уæ дæн æмæ ма мæ сæр кæдæмдæр фæхастон, фæлæ мæ зæрдæйы æрцардис уæ сусæгдзинад. Æви уæ æгомыг судзгæ æнкъарæнтæй мæ сонт зæрдæмæ дæр стъæлфæнтæ бахæццæ æмæ уæдæй нырмæ æнцой уымæн нал зонын?

Нал уæм уæндыдтæн комкоммæ бакæсын. Афтæ мæм кастис, цыма уæ цæстыты мæнæн уайдзæф хæссут, цæмæн нæ федтай, зæгъгæ. Афтæмæй уæ цинил та мæ цин æгæрон уыд. Мæ гыццыл зæрдæйы аив нывтæ кодтон, бæллыдтæн, нæ хъæуы даргъ уынгты уæ чындзæхсæвмæ адæм хуынтæ куыд хæсдзысты.

Фæлæ цыдисты бонтæ æмæ ницы ивтой. Æрмæст дæ цæстытæ бонæй-бон æрхæндæгдæр кодтой, æмæ-иу аджих дæ ныхас кæнгæйæ дæр. Мæ ахуыргæнæг та ахуыссын кодта йæ цæстыты ирд цырæгътæ, æмæ дæм-иу мæстæй мардтæн. Кæд ын сыл, мыййаг, ды фу бакодтай.

Ау, дæ уарзæгой зæрдæ куыд нæ аскъуыдтæ ис, æндæры къонамæ куы акъахдзæф кодта дæ уалдзыгон хур, уæд? Æви дæм хъаргæ дæр ничердыгæй кодтой йæ сыгъдæг цæссыгтæ? Кастис-иу хъазтмæ, æмæ та-иу ногæй ссыдис йæ хæкъуырцц. Кæд ма йæ фæндыдис дæуæн хæрзбон зæгъын, дæумæ фемдзаст уæвын? Æмæ кæм уыдтæ, кæ, уыцы бон ды та?

Дæ хуры хай ацыд фæсхохмæ, æмæ уайтагъд дæ хæдзарæй къæрццæмдзæгъд райхъуыстис. Ссардтай дæ амонд. Фæлæ цæмæн фæзындис уæд дæ ныхыл æнцъылдтæ æмæ уайтагъд урс халас цæмæн фæкомкоммæ дæ къæмисæнтæм? Кæд, мыййаг, дæ риуы фæсмоны къуыбылой тын уафын райдыдта æмæ дæ рæмпæгау æдзæллагмæ тардта?

Дæхи аххос уыдис. Цæуылнæ исты загътай мæ ахуыргæнæгæн? Цæмæн æй ауагътай нæ хъæуæй кæдæмдæр?

Бирæ азтæ рацыд. Митæмбæрзт къуылдымау дæ сæр урс адардта. Дæ сæфт хуры хайы дын уæззау низ бахордта. Æрмæст ма дæуæн уайдзæфау нæ хъæуы уæлмæрдты лæууы йæ цырт.

Ды та алы бон хизыс йæ кæддæры къахдзæфты сæрты æмæ дын

дæ зæрдæ агайынц дидинхъус бæлæстæ. Уыдоны ныр дæр ма нæ уырны дæ хуры хайы сæфт æмæ дæм ивазынц сæ урсфæлыст цæнгтæ. Æвæццæгæн, уыдон дæр дæуау тынг фæнды, мæ ахуыргæнæджы раз та куы ‘рлæууис урс дидинджытимæ.

Ау, уæдæ не скъолайы къæсæрыл уæ кæддæры фембæлæн ран дæ зæрдæйы гыбар-гыбур цæуылнæ нал фенцайы?

ХОНЫН ДÆ

Искуы федтай, хъæдрæбынты уалдзæг малусæг куыд райхъал вæййы, уый? Искуы федтай, хъæды цъуппæй мигътæ урс базыртау куы аивæзынц, уый? Искуы ды, уæззау хордзентæ де ‘ккой, афтæмæй зын фæндагыл цыдтæ?

Искуы дын æхсæрдзæны дзыккутæ урс фынкæй дæ тарф фæллад сырдтой? Залмы сыф йæ фæлмæн сыфæй мадау басаста дæ хус дойны дæуæн? Зарыдис дын суадоны былгæрон мадзура хъуынайы фæлмæн тæлм? Арв дæумæ стъалыдзæстæй худтис? Митджын быдыр сайдта дардмæ дæу? Федтай ды бæрзбæласы цæссыгтæ? Скодтай дарæс уарыны тынтæй? Искуы дын зæронд дзулы къæбæртæ бакодтой дæ мады ‘хсыры ад?

Уæд мæнæн бæззыс æмбалæн царды. Æмбардзынæ мæ цин æмæ мæ хъыг. Зондзынæ, цæуыл рисдзæн мæ зæрдæ, тар æхсæв куы уаса хъæды уыг. Зондзынæ, цæмæн вæййын æгъуыссæг, мит куы уара айнæг хæхтыл, уæд.

Базондзынæ, цин æмæ фыдохы цæстытæ цæмæн калынц цæссыг. Ратдзынæ мын цъуй бæласы цупал стыр лæварæн Ног азы æхсæв. Ацæудзынæ дард балцы мæ фарсмæ айнæгриу хæххон фæндагыл уæд.

Мæн нæ хъæуы дунейы хæзнатæй рог цард æмæ алы бон кæл-кæл. Мæн нæ фæнды, рахиза мæ уатæй зулмæкæсаг магуса схъæл.

Адæмы хъæрмуд ныхасæй – хайджын, се стыр ныфсæй алы бон – ныфсджын. Уый – мæ амонд, зæрдæйæн æхсызгон. Хъал лæг уый нæ бамбардзæнис, нæ.

Базыдтон зындзинады тæссаг уæз. Бавзæрстон гæды ныхасы рис. Зонын, нæй æнæ адæм фæцæрæн, адæмæн та балæггад – нæ хæс.

Сабийы куы фæразай рæвдауын, де ‘мгарæн уæздан салам дæттын, уæд зæрондæн ‘гъдау дæттын дæр базон, æмæ уай дæ хъæубæсты нымад.

Ды мæнæн бæздзынæ уæд æмбалæн, искæй кой куы нæ кæнай фыдæй. Искæй зынил бариссын куы зонай, искæй цин та бакæнын фылдæр.

Цард мæнæн æргом зæрдæ лæварæн арф мæ риуы бавæрдта фæлмæн. Хонын дæ йæ къæсæрмæ. Ӕрбацу, кæд æмбалæн сбæздзынæ, гъе уæд.

МӔХИ ХӔХТӔ

Сызгъæрин хур скæсæнæй йæ был зына-нæзына хæхты сæрты сдардта. Ныццарыдта йæ дари тынтæй арв. Ныййазæлыдис цины зарæг хæхты. Тындзы фæдисон барæгау сæумæ.

Тындзы. Йæ уадындз айнæг хæхтыл айзæлд. Тындзы. Хæххон дзæбидырты дзуг, кæс, æхсæрдзæны фынккалгæ дон нуазынц. Ныййазæлыд зымы æхситт. Фæлмæн хæссы йæ танхъа 'взистæнгæс суадон.

О царддар хур! О сабыр дуне! Хæхтæ! Уæ разы æз мæ уæрджытыл лæууын. Стыр Хуыцаумæ кувæгау уын кувын. Сымах цæрайæ а зæххыл цæрын.

Мæ уарзон хæхтæ!.. Митæмбæрзт къæдзæхтæ! Нæ чысыл Ирæн 'ндон быру стут. Ныфсдæттæг æмæ цардмæ сидæг. Хæхтæ! Ӕнусты бæзны дугæмдзу кæнут. Ръвдаут нæ. Ӕфсадут нæ. Цæрут нын! Сыгъдæг арвы бын стыр хæзна стут.

Хæххон къæйдурæй конд зæхбын хæдзары чысыл уаты мæ авдæнæн сымах зымæгон даргъ æхсæвты зарæг кодтат. Уызтат мæ авдæн. Рухс фынтæ мæнæн тынуафæгау уæ хъарм хъæбысы уæфтат.

Фыццаг къахдзæф дæр авдæнæй зæхмæ сымах хъæбысы акодтон, мæ хæхтæ. Куыд амондджын уыд уыцы бон мæ мад! Йæ хъæбул ныр стыр цардмæ цæудзæнис!

Дзырдтой-иу: уыцы бон, дам, хох фæкъæртт æмæ йæ арф риуæй æхсæрдзæн уæлахиздзау бæлццонау заргæ скалд. Тындзыдта сау къæйдур фæндæгтыл коммæ – фæндаггæттæн, дам, басæттон сæ дойны æмæ мæ балц стыр фурдмæ кæнон.

Бæлццон уыдис мæ æхсæрдзæн, бæлццон! Бæрзонд цъититæ кастысты йæ фæстæ. Фæндараст ын къуыбырхъус бæрз дзырдта. Цъæхдзаст нæзыхъæд ног чындзау куыдта йæ цины цæссыг – райсомы æртæхтæ. Йæ сæрмæ симдтой урспакъуы æврæгътæ... Мæ Ирыстон, цæй амондджын уыдтæн æз уыцы бон!

Стæй ма ноджы...

Уалдзæг йæ фæлыстытæ ‘вдыста хурмæ. Таджы гæды бæлас зæлдаг къуыбæртты рæгъ хæрдоджытау æрцауыгъта йæ хихтыл æмæ йæхæдæг цинæй мард йæ митыл.

Чысыл фалдæр та хъæдрæбыны фидыц – æрвгъуыз малусæг хуры хъарммæ сисы йæ хъусцæгæнгæс къабæзтæ ‘мæ ризы. Æвæццæгæн, фыр цинæй...

Уалдзæг, ды нæ хæхбæстæн бæллиццаг афон дæ! Зæхкусæгæн цæттæ вæййы йæ гутон – фыццаг ауæдз нæртон хуымы кæны уый уалдзыгон фæрнджын райсом. Йæ къухтæ домбай базыртау айтынг кæны: «О фыдæлты зæхх! О хæхты фарн! Бæсты фарн! Рæстмæ фæкæнут ацы хуымгæнд!»

Куывд ныййазæлы. Сæууон æртæхы ‘рттывды хуымгæнæджы цин бавæййы сæдæ. Дзывылдарæн бынтон æнцой нал вæййы – хæххон суадонæй нал фæзоны ‘фсис. Хъæдабæ цухъхъа уыгæрдæнтæ скæнынц. Цæугæ-нæргæйæ раивылы цард, æмæ тындзы сæууон хурау уый размæ. Сыгъзæрин фæззæг – йе стырдæр нысан.

Уæлвонг тæссæртты чидæр рацыд заргæ. Сæхимæ айстой Иры хæхтæ зард. Æмæ ныббуц фыдæлты уæзæг.

Уастæн ирон фынгæн ирон «оммен» цæра! Ирон уæзæгыл ма сафтид уа авдæн, ирон удты – фыдæлты ‘гъдау, сæ фарн!

О хæхтæ, хæхтæ! Ма уын уа ныммæлæн! Фыдæй фыртмæ уын – зæрдæты бынат. Фыдæй фыртмæ сымах стут нæ уæзæг, сымах хъæбысмæ ‘рбацæуы нæ уазæг, сымах бæркадæй цардхъом вæййы лæг.

Сымах фæлхатут хорз æмæ æвзæр. Æгъдауы фарн уæ хъæбултæй фæдомут. Цы у лæгдзинад, цы – æгад, уый зонут, зындзинæдты куырдадзы нæ цæгъдут æмæ нæ царды тагъд гуылфæнмæ уадзут.

Уæ хуыздæр фæдзæхст: «Адæмы-иу уарзут. Ирон æгъдауыл ма сисут уæ къух. Стæй фæллой. Æвдæлон лæг – æбындур. Æнæбындур фæуæвынæй тæрсут!»

Æз хæхты фæдзæхст арф хæссын мæ риуы. Ирон зæххыл ирон кæрдзын кæнын. Ирон суадоны сатæг донæй сидын рæстаг адæмы цардамонд.

Кæлы, кæлы кæмдæр нæ уæзæгыл æхсæрдзæн. Йæ пырхæнтæй мын удæнцой хæссы мæ æхсæрдзæн...

✓ Йæ мадæлон æвзаг чи нæ зоны, уый хъæддаг адæймаг у.

Константин ПАУСТОВСКИЙ

✓ Æвзаг у адæмы истори. Æвзаг у цивилизаци æмæ культурæмæ фæндаг.

Александр КУПРИН

✓ Нæ мадæлон æвзаджы зæлтæ æцæгæлон арвы бын куы фехъусæм, сæ аивдзинад сын æрмæст уæд банкъарæм.

Бернард ШОУ

✓ Æвзаг адæмы уд у. Æвзаг æнкъарæны æмæ хъуыдыйы удæгас буар у.

Алексей ТОЛСТОЙ

✓ Уæхи схъæл ныхасæй хъахъхъæнут. Æвзаг хъуамæ уа хуымæтæг æмæ фидауцджын.

Антон ЧЕХОВ

✓ Искæцы адæмыхатты фæткæвæрд дæ кæд базонын фæнды, уæд ын, фыццаджыдæр, йе 'взаг сахуыр кæныныл бацархай.

Пифагор

✓ Йæ мадæлон æвзагæн чи нæ кад кæны, уый йæ адæмæн дæр нæ кад кæны.

Иван МЕЛЕЖ

✓ Æвзаг у дзыллæйы зæрдæргомгæнæн, йæ уд æмæ царды уаг.

Петр ВЯЗЕМСКИЙ

✓ Æвзаг у нацийæн йæ хъомыс,
Йæ фидыц – цины уа, зындоны!

ИКЪАТЫ Владимир

✓ Кæд ме 'взаг фесæфдзæнис райсом,
Уæд абон æз мæлæтмæ дæн цæттæ!

Расул ГАМЗАТОВ

ГÆБÆРАТЫ Юри

УАСТЫРДЖИЙЫ ЗАРÆГ

Роман

Дыккаг хай*

6

Къуырийæ чысыл фылдæр йеддæмæ нæ рацыдаид уыцы фыдазары-дывыдоны хабæрттæй, æмæ та хъæубæсты адæмæй цадæггай рох кæнын райдыдтой. Алчидæр та йæхи хъуыдджы, йæхи царды тыхстдзинæдты анығъуылд.

Резиты хæдзар куы басығъд, уымæн йæ æртыккаг бон районæй æви горæтæй чидæртæ æрбацыдысты. Уыцы хъуыддагхуызæй аразил-базил кодтой хæдзары сыгъдæтты алыварс. Фæдзурын кодтой Резийы чызджытæм дæр. Бафарстой сæ, куыд, цы хуызы ссыгъд сæ хæдзар, уыцы рæстæджы кæм уыдысты... Кæм уыдысты, уый сын куы бамбарын кодтой, уæд чызджыты ныууагътой сæ адыл. Фæлæ уæддæр хъæубæстæй кæйдæрты арафæрс-бафæрс кодтой: фыццаг æй ссудзгæ чи федта, чи йæ фехъусын кодта адæмæн, ахæм æмæ æндæр æфсоны фарстытæ кодтой кæйдæрты æмæ цыдæртæ нысæнттæ кодтой сæ фыссæн чингуыты. Хъæубæстæй уым чи фæцис, уыдонæн сæ зæрдæмæ бæргæ нæ цыдысты се 'фсоны митæ, фæлæ цы сæ бон уыд, кæрæдзимæ-иу аивæй сæ цæстытæ цы базылдтытæ кодтой, уый йеддæмæ чи цы хъуамæ загътаид. Æрмæст сæм Мырзæ уыцы ракæнонхуыз каст кодта.

– Уæдæ ничи ницы федта, зæгъут, нæ? – йæхи уыцы лæгхуызæй æвдисынил архайдта, Хъуыбадыйы горæтмæ чи акодта, уыцы бурхил гуыбынджын мелицион.

– Федтам æй, нууылдæр æй федтам, куыд сыгъд, уый, æндæр цы хъуамæ федтаиккам? – æвæндонæй бахъуыр-хъуыр кодта чидæр.

– Хъусын æй чи фæкодта хъæубæстæн, хъусын, нæ йæ дзурут, нæ? – йæ дæлармыхæсгæ сæрак пъартфелгонд йæ уæрагыл мæсты цавд æркодта бурхил мелицион.

Æмæ уæд Мырзæ йæхи нал баурæдта, рахсыст та:

– Дæ хорзæхæй, ацы лæг, цы нæ дæ уæлныхты систай? Цæмæн æй

* Кæрон. Райдайæн 2024 азы 1-æм номыры.

хъуыд хъæубæстæн хъусын кæнын, иу æй кæм уыдта, уым æй иннæтæ нæ федтаиккой? Чи нын æй хъуамæ фехъусын кодтаид – саугуырм баистæм æнæхъæн хъæуæй?..

– Гъемæ хорз, хорз уæдæ, мæсты кæныны сæр дзы ницæмæн хъæуы, махæн дæр уый нæ куыст у, – йæхи фæгæмæл кодта мелицион.

– Хицауадæй исты æхххуыс уыдзæн, мыййаг, хицауадæй? – хъавгæ сæ бафарста Ила æмæ цæстæй Резийы чызджыты ацагуырдта.

Районæй æви горæтæй чи ‘рбацыд, уыцы лæгтæ кæрæдзимæ фæрсæджы кæстытæ бакодтой, фæлæ сæ дзургæ ничи ницы скодта. Æмæ уæд ныхас йæхимæ айста Мырзæ:

– Ацы мæгуыр сывæллæттæ тæригъæд сты, сæ сидзæры уæлдай ма гом арвы бын дæр баззадысты. Хуыцау ноджыдæр цæрæнбон æмæ æрхъуыды раттæд уæлæ Ергенæн, уый сæ бæргæ хорз барæвдыдта, уæзæджы къæйыл сæ нæ ныууагъта, фæлæ хицауады ‘рдыгæй… Ау, сæ фыд æмæ сæ хистæр æфсымæр сæ цард кæй тыххæй рауæлдай кодтой, уыцы паддзахадæй сæм æппын ницы æмбæлы?..

– Сæ фыд æмæ се ‘фсымæр, зæгъыс, и? – йæхи фесхъæл кодта, æрдæбонсарæй йæ чиныггонды цыдæртæ чи фыста, уыцы къепкъæхудджын. – Æмæ сын уæд сæ мады кой цæуылнæ кæныс, хорз лæг? Æххæст ма нын сæ мады сгуыхтдзинæдтæ дæр æрнымай, æмæ мах æрдомæм хицауадæй, цæмæй сын, аргъæутты цы галуантæ вæййы, ахæм хæдзар саразой!

– Ды, хорз лæг, хъуыддаг иннæрдæм ма здах! – мæсты хъæр ыл фæкодта Мырзæ. – Мах ныртæккæ сæ мады кой нæ кæнæм, уый тыххæй æндæр ран хъæуы дзурын – ныртæккæ уал дзырд йæ сидзæртыл цæуы, гом арвы бын кæй баззадысты, ууыл хъуамæ тыхсæм адæмæй дæр æмæ хицауадæй дæр.

– Уæдæ æз ахæм хицауад нæ зонын, лæгмарджытæн хъæдзæрттæ чи аразы, – йæхи дзырд кæнынмæ хъавыд уыцы къепкъæхудджын, фæлæ Мырзæ йе ‘рдæм уыцы мæстыйæ цалдæр санчъехы куы бакодта, уæд, сыдз-мыдзы цæугæйæ, йæхи иуварс айста. Цæуынмæ фесты иннæтæ дæр, фæлæ цыма дард цæуинаг нæ уыдысты – æрдæбонсарæй сæм Сала сæ хæдзары балкъонæй æнхъæлмæкæсæджы каст кодта. Ныр адæмæй куы ахибар сты, уæд сæм рахъæр кодта:

– Рацæут-ма æмæ сихор бакæнæм, уыцы стонггуыбынтæм ма кæсут æмæ ма хъусут!

Хъæубæстæй уым чи фæцис, уыдонæй алчидæр бамбæрста, Сала

сæм хуымæтæджы кæй нæ æнхъæлмæ каст сæ балкъоны – дзырд уыдысты.

Фæлæ æппæт уыдæттæн Резийы чызджытæ ницыуал базыдтой. Уыдон, куыддæр сын уыцы къепкъæхудджын сæ мады кой скодта, афтæ, сæ кæуын тыхурæд кæнгæ, сæхи айстой уæлæмæ, Ергенты 'рдæм. Фæйнæрдæм апырх сты, хъæубæстæй ма уым чи баззад, уыдон дæр. Иумæты-иумæты чи баиу, уыдон сæ кæрæдзиимæ сусу-бусу кодтой – иутæ Мырзæйы ныфсхастдзинадыл мардысты дисæй, иннæтæ карз æлгъыст кодтой, районæй æви сæм горæтæй чи 'рбацыд, уыцы лæгты дæр æмæ Салайы дæр. Æрмæст Салайы цæмæн – хæдзарыдзагæй сæ æлгъыстой, куыйтæ сын фæлдыстой мардæй, удæгасæй.

Адон, дам, басудзинаг сты, иу арты басудзинаг – сæ бинонты хистæр, дам, йæ сыджыты хай нæма æрхъарм кодта, адон та, дам, сæ хæдзармæ уазджытæ хонынц. Æмæ сæ æлгъыстой, æлгъыстой сæ уазæгæй-фысымæй. Алчидæр æй æмбæрста, Сала сæ афтæ хуымæтæджы уæздандзинад равдисыны охыл кæй нæ бахуыдта хæдзармæ, се 'рбацыд сын кæй зыдтой, æнхъæлмæ сæм кæй кастысты. Æмæ сæ цы мæрддагæн хъуамæ фæхуыдтаиккой, цы сыл фæзæрдæйæ сты, кæд ницы зылынджын сты, кæд Резийы хæдзар уыдоны къухæй нæ басыгъд, уæд?..

Чызджытæ Ергентæм куы схæццæ сты, уæд уым суагътой сæ тыппыртæ. Куыдтой се 'ртæ дæр. Дзургæ ницы кодтой, фæлæ сæ алкæмæндæр йæ зæрдæ фæрчытæ хаудта. Сæ зæрдæтæ ныронг дæр хаудысты фæрчытæ, куыд нæ кодтой зæрдæскъуыдтæ сæ мады æвирхъау мæлæты дудгæ рыстæй, фæлæ абон фыццаг хатт фехъуыстой сæ мады кой – йæ сыджыты хайыл æй куы сæмбæлын кодтой, уымæй дыууæ боны йеддæмæ нæма рацыд, æмæ сын æй ныридæгæн сæ цæстмæ бадардтой. Комкоммæ сæхицæн нæ – хъæубæстæй кæмæндæр, кадджын зæронд лæгæн, фæлæ цы хъауджыдæр у!.. Фæнды сын æй комкоммæ фидис кæнæд, фæнды йæ фæрсырдыгæй искæмæй хъусæд – уыдоны, æрмæстдæр йæ хъæбулты зæрдætæ хаудзысты фæрчытæ!..

Æмæ куыдтой, зæрдæхалæн куыд кодтой.

Ерген сæ нæ хъыгдардта, уый та хæдзары нæ уыд. Мидæмæ кæд æхсæв фынæйафон бавæры йæ къах, уый йеддæмæ боныгон хæдзары ницæй тыххæй æрлæудзæн. Куыд нæ йæ 'мбары уæздан æмæ куырыхон хистæр, чызджытæ йæ цуры сæхи ныххъуырдæй кæй хатдзысты æмæ алы æфсæнттæй йæхи хæдзарæй дард айсы: куы сæрвæтмæ ацæуы фос

абæрæг кæныны æфсон, куы та цæхæрадоны ссары йæхицæн исты кусинаг. Резийы иунæг хъуг æмæ æртæ фысы дæр ныр уый фосимæ вæййынц. Йæхи хъуццыты дæр ын уыдон радуцынц. Резийы чызджытæ.

Адæм ын алырдыгæй арфætæ кæнынц, кæйдæр сидзæрты хи хъæбултау кæй барæвдыдта, удыбæстæ сын кæй сарæзта, уый тыххæй, афтæмæй та йын хъысмæт йæхицæн балæвар кодта æнæнхъæлæджы амонд, йæхæдæг банкъардта, бирæ азты цух кæмæй уыд, ахæм амонд. Йæ хæдзар афтид æмæ уазал нал у, царды бæрджытæ дзы фæзынд!

О Дунесфæлдисæг… Йæ фæллад, йæ мастихсыд уд уыдоныл цы æнцой баци! Резийы чызджытыл. Ныридæгæн ын хионы ад скодтой, бауарзта сæ, цард та йæм царды хуызæн кæсын райдыдта…

Дыууæ боны, бæрцæй иу къуыри сты йæ хæдзары, æндæр нæ, фæлæ… Цыма йæ зынгхуыст хъæбулты кæстæртæ разилынц йæ къуымты, йæ зæрдæ афтæ барухс вæййы, кæсынæй сæм нал фефсæды. Цин сыл кæны, куыд нæ сыл цин кæны – кæдæй-уæдæй ма йæ хæдзар уыдоны фæрцы бацардхуыз, æмæ сыл цæуылнæ хъуамæ цин кæна – иунæджы цардæй чи сфæлмæцыд, уыцы зæронд лæгæн йæ зауат хæдзары сылыстæджы къухæн йæ иу ранымдзæвд дæр стыр хæрзиуæг у, уый та февналын бынтондæр ницæмæуал уадзынц. Йæ къуымтæ йын дзуарбадæны хуызæн скодтой.

Чызджытæ йæ сæхæдæг дæр куыд нæ хъуамæ бауарзтаиккой – фыды рæвдыдæй раджы чи фæцух, ныр та мады рæвдыдæй дæр чи бавдæлон, уыцы суинаг чызджытæн ма а дунейыл чи ис Ергены йеддæмæ, сæ сæртæ кæуыл бакъул кæной? Фæлæ йыл нæма æрцахуыр сты, æфсæрмы дзы кæнынц, куы йæм фæуæндондæр уой, уæд сын кæд фенцондæр уаид…

Уыдис сын, ныфс кæмæй бавæрой, зæххы цъарыл сын алкæмæй зынаргъдæр чи уыд, уый – Хъуыбады, сæ нæлбындар мадызæнæг. Кæд сæ кæстæр у, уæддæр нæлгоймаг у, уый у сæ сомбоны иунæг ныфсæвæрæн, æндæр сын туг æмæ стæгæй ничиуал ис, сæ туг æмæ стæгæй чи сты, уыцы фыдыфсымæртæ сын кæй фенад кодтой, уыцы дунейы.

Фæлæ кæм ис сæ иунæг ныфсæвæрæн, куы ницы бæрæг дзы зонынц…

Æмæ… Иу изæр сæ зылдтытæ куы бакодтой, чызджытæ хъуццыты куы радыгътой, уæд Фари ныгъуылдтытæгæнгæ йæхи Ергены цурмæ байста. Ерген кæрты сугсæттæн къуыдырыл бадт æмæ чызджы дæр æрбадын кодта йæ фарсмæ. Фари ницы дзырдта, йæ дондзæстытæ зæххы ныссагъта, афтæмæй бадт æмæ хъуыды кодта, цæмæй райдайа, уыл.

– Цыдæр зæгъын дæ фæнды, мæ хуры чысыл, æмæ йæ зæгъ, хъусын дæм, – рæвдаугæ йæм бакаст Ерген æмæ йын йæ дæрзæг къухы армытъæпæнæй йæ сæрыхил æрлæгъз кодта.

– Зæгъын… – сцæйдзырдта Фари, фæлæ ферхæцыд, йæ кæуындзæг ын йæ хурхы уадындзтæ ацахста.

Ерген æм ницыуал дзырдта, бауагъта йæ кæуын дæр, ома, уадз, йæ тыппыртæ уал суадза æмæ йын фенцондæр уа. Æмæ куыдта Фари, йæ зæрдæ уынгæгæй-уынгæгдæр кодта, стæй уæддæр йæхи фæфидар кодта æмæ сдзырдта:

– Зæгъын, райсом Анеимæ горæтмæ куы ацæуиккам… Чи зоны, фæрсгæ-фæрсын ссарæм, Хъуыбадыйы кæдæм акодтой, уыцы хæдзар, исты бæрæг дзы базонæм…

Ергенæн æнæнхъæлæджы нæ уыд, Фарийæ цы фехъуыста, уый, æнæуи дæр цæттæ уыд ахæм цæмæдæр – æмбæрста йæ, чызджытæ се ’фсымæры æнæмæнг кæй агурдзысты. Стæй йæхæдæг дæр куыд нæ хъуамæ хъуыды кодтаид ууыл, йæхæдæг дæр хъавыд Хъуыбадыйы агурæг ацæуынмæ – боныфæстагмæ, иугæр чызджыты бæрны бацыд, уæд уый дæр уыдонæй у, æмæ йын уый хъысмæт дæр уæлдайаг хъуамæ ма уа. Афтæ хъуыды кодта Ерген. Æмæ загъта:

– Хъæуы, мæ хур, æнæмæнг хъæуы горæтмæ цæуын. Æрмæст дæ иунæгæй ницæй тыххæй ауадздзынæн. Анейы уадз, Ане нырма ахæм цæмæндæрты тæригъæд у. Мæхæдæг цæуын демæ, афтæ хуыздæр уыдзæн. Цы нæ вæййы, чи зоны, дæуæй мадызæнæджы хатыр фæкæной, мæнæй – зæронд лæджы…

Фарийæн ныр та фыр цинæй ныггæр-гæр кодтой йæ цæссыгтæ. Уæды онг кæмдæр йæ миднымæры дызæрдыг дæр кодта, куы нæ йын сразы уа Ерген, куы нæ йæ ауадза, мыййаг… Уый та уадзгæ нæ, йæхæдæг дæр цæуы йемæ!

Æмæ чысыл сывæллонау, цин æмæ мастхæццæ цæссыг калгæ, йæ хъуырыл ныттыхст.

– Куыд дæм кæсы, Ерген, рауадздзысты нын æй? – а дунейыл цыдæриддæр рыст æмæ цинæй уыд, уыдон йæ хъæлæсы сæмхæццæ сты Фарийæн.

Ерген уæззау улæфтытæ никкодта æмæ хъуыдыты аныгъуылд. Уадзгæ сын æй кæй нæ ракæндзысты, уый фидарæй зыдта, ницæй тыххæй йæ рауадздзысты. Уæлдайдæр, куы йæ акодтой, уый фæстæ цытæ æрцыд, уыдæттæ нымайгæйæ. Ныр сæ ноджы æфсон фæуыдзæн:

йæ мад лæг кæмæн амардта… Æмæ сын цы хъуамæ зæгъой?.. Афтæ сын зæгъдзысты, сывæллон уыцы хабары рæстæджы сæхимæ дæр куы нæ уыд, сымахмæ куы уыд, уæд цы аххосджын фæцис… Æмæ сæм чи байхъусдзæн?.. Нæ, цыфæнды сын ма зæгъой, уæддæр уыдон ноджы фыддæр æфсæнттæ ссардзысты: фыд ын нæй, ныронг ма йын мад уыд, ныр мадæй дæр сидзæрæй баззад, стæй сын хæдзар дæр нал ис, басыгъд сæ хæдзар, æмæ кæдæм хъуамæ ацæуа, куы йæ ауадзой, уæд; кæм хъуамæ цæра, хотæ сæхæдæг æнахъомтыл нымад сты нырма, æмæ афтæ дарддæр. Алы диссæгтæ сын фæдзурдзысты, кæд сæ дзурынты-йедты онг бауадзой, уæд; алы диссæгтæ дæр æрымысдзысты, фæлæ...

«Нæ, ницы дзы рауайдзæн, ома рауадзой йæ, уымæй. Дунейы ныхдуртæ ссардзысты, цы нæй, уыдæттæм дæр ма уæлдай цыдæртæ бафтаудзысты æмæ сæ дзурын дæр не суадздзысты, дзурын», – хъуыды кодта Ерген. Тынг зын ын уыд, цæуылты хъуыды кодта, уыдон æргомæй зæгъын, зæрдæрыст чызгæн йæ ныфс асæттын æмæ афтæ бакодта:

– Цæй, бакæсæм, фенæм, мæ хур, алцыдæр Хуыцауæй кæнгæ у, уый куыд бафæнда, афтæ уыдзæн нæ балцы хабар дæр. Уынын нын æй уæддæр куы фæкæниккой, уынын, йемæ ныхæстæ уæддæр куы акæниккам… Æрмæст… – Ерген фæрсæджы каст бакодта Фаримæ æмæ та хъуыдыты адзæгъæл. – Æрмæст куыд хуыздæр уыдзæн, куыд хъуамæ бакæнæм… Мæ фæллад зонд бынтондæр ныссуйтæ…

– Æмæ цы хъуамæ бакæнæм, Ерген? – йе ‘нкъард цæстытæ йæм уыцы тæрсгæ-ризгæйæ ныццавта Фари.

– Цы, куы зæгъай, уæд… Куыд растдæр æмæ хуыздæр уыдзæн, афтæ: кæд, йæ фæстæ цытæ ‘рцыд, уыдæттæн ницыма зоны, ницыма фехъуыста, уæд ын сæ зæгъæм æви йын сæ ма зæгъæм, ууыл хъуыды кæнын…

– Уый дæр ма дзы куы ис, уый, мæ сæр ын амæла, æмæ йыл æз куы нæ ахъуыды кодтон, – зæронд усау йæ уæрджытæ æрхоста Фари.

– Цæй, хъуыддаг уал уыйонг æрцæуæд, уый йеддæмæ исты сæрфат скæндзыстæм, – ныфсытæ йын авæрдта Ерген.

7

Æмæ дыккаг бон сæумæраджы ацыдысты горæтмæ.

Ссардтой йæ фæрсгæ-фæрсгæ. Уыцы хæдзар, Хъуыбадыйы кæдæм ракодтой, уыцы сыгъдыйы хæдзар. Фæрсгæ-иу Ерген акодта кæйдæр-

ты, Фари мадзура ӕмӕ сӕргуыбырӕй цыд йӕ фӕрсты, сылыстӕгыл, уымӕй дӕр кӕстӕрыл, куыд ӕмбӕлы, афтӕ, чысыл фӕстӕгомау. Уӕдӕ куыд, уыйбӕрц адӕмы 'хсӕн… Цӕмӕн ыл хъуамӕ бахуда исчи ӕнӕгъдауӕй? Стӕй ууыл нӕ, худгӕ Ергеныл бакодтаиккой, ома ацы ӕнӕгъдау чызгимӕ горӕтмӕ куыд рацыди…

Ӕнӕуи тыхсгӕ тынг кодта Фари. Адӕм тын нывӕндӕгау дыууӕрдӕм кӕм кодтой, уыцы горӕты уынгты цӕугӕйӕ, куыд нӕ хъуамӕ тыхстаид, уымӕн ӕмӕ йӕ цӕстнылдзӕвӕн уыйбӕрц адӕмыл ахуыр нӕ уыд. Ӕмӕ ныргъӕвст йӕ фыр адӕргӕй. Афтӕ йӕм каст, цыма утӕппӕт адӕм иууылдӕр уымӕ кӕсынц, цӕстӕй йӕ барынц, йӕ къахайст, йе уӕнгты змӕлдмӕ йын сӕ цӕстытӕ ныццӕвынц…

Уыдоныл дӕр уыцы лӕг амбӕлд уыцы хӕдзары кӕртмӕ бахизӕны уӕззау ӕфсӕйнаг кулдуары цур. Резийыл чи амбӕлд, уыцы иукъахыг лӕг. Ӕмӕ Фари дӕр йӕ мидзӕрдӕйы ныттӕхуды кодта, айразмӕ йын Рези йӕ усмӕ куыд батӕхуды кодта, афтӕ: «Тӕхуды, мӕ фыд ӕмӕ ма ме 'фсымӕр ахӕмтӕй дӕр куы ӕрыздӕхтаиккой!..»

Уыдоны дӕр уый афарста, кӕй агурынц, уымӕй. Ерген ын куы загъта, хистӕры фенын сӕ кӕй фӕнды, се 'рбацыды сӕр кӕй тыххӕй у, кӕй агурынц, уыдӕттӕ йын куы ранымадта, уӕд куыддӕр фӕтыхст, хъуыдыты аныгъуылд уыцы иукъахыг лӕг. Цыдӕр сцӕйдзырдта, цыдӕр зӕгъынмӕ сын хъавыд, фӕлӕ йӕхиуыл фӕхӕцыд, йӕ цӕстӕнгас сӕ амбӕхста ӕмӕ загъта::

– Хатыр мын бакӕнут, фӕлӕ уӕ мидӕмӕ нӕ бауадздзынӕн, нӕй мын уый бар, ӕмӕ мӕм ма фӕхӕрам ут. Сайын мӕ бон нӕу, афтӕ уын нӕ зӕгъдзынӕн, хистӕр ам нӕй, нӕма ӕрбацыд кӕнӕ искӕдӕм ацыд… Ам ис, уалӕ дыккаг уӕладзыджы йӕ кусӕнуаты бады райсомсарӕй, чи зоны йӕ ӕвдӕлгӕ дӕр кӕны, фӕлӕ уын ницы мӕ бон у, карзӕй мын бафӕдзӕхстой, тынг карзӕй, цӕмӕй иунӕг адӕймаджы дӕр мидӕмӕ ма бауадзон, – йӕ зӕгъинӕгтӕ тагъд-тагъд скалдта иукъахыг лӕг.

Фарийӕн йӕ зӕрдӕ суынгӕг ӕмӕ йӕ кӕуын нал баурӕдта. Хорзау нӕ фӕцис Ерген дӕр, ӕнӕуи дӕр стыр ныфсытӕ не 'вӕрдта йӕхицӕн, фӕлӕ сӕ мидӕмӕ дӕр нӕ бауадздзысты, уый ӕнхъӕл ницӕй тыххӕй уыди ӕмӕ джихӕй зӕхмӕ кӕсгӕйӕ баззад.

Лӕг йӕхӕдӕг дӕр хуыздӕр уавӕры нӕ уыд. Уыцы иукъахыг лӕг. Йӕ цӕсгом сӕм комкоммӕ бакӕсын дӕр нал бахъӕцыд ӕмӕ йӕ лӕдзджыты ӕнцӕйтты йӕ иу къахӕй иуварс асанчъехтӕ кодта, афтӕ дзургӕ:

– Æмбарын уæ, мæнæ дзæбæх адæм, тынг уæ æмбарын, уе ‘фсæрм мæ дзыхъмард дæр куы фæкæнид, фæлæ уын мæ бон ницы у, æмæ цы бакæнон…

«Аздæхæм фæстæмæ… æмæ куыд, ацы чызгæн йæ зæрдæ куы ас-къуыйдзæни…» – хъуыды кодта Ерген, зæхмæ кæсгæйæ. Иу боны-бонцау фæкаст зæхмæ, стæй йæ сæрыл схæцыд:

– Фарн дæм куы бадзурид, хорз лæг, æмæ мын мæ зынгхуыст хъæбулты рухс цæсгæмттæй уæддæр куы фæхатыр кæнис… Фыццаг хатт скодтон сæ кой, никуы фæкæнын ахæм ныхæстæ, мæ сæрмæ йæ никуы æрхастон, фæлæ ныр, мæнæ ацы зæрдæрыст сонт чызджы тæригъæдæй… Хæсты быдыры мын цыппар фырты баззад, дыууæ та – хъæбулы хъæбултæ, уæд та уыдоны хатырæй…

Уыцы иукъахыг лæг æм ахæм цæстытæ æрбазылдта, ахæм… Кодта йæм зылынджыны, хатыркурæджы каст, стæй йæ цæстытæ донæй айдзаг сты, æмæ æркаст йæ къахы афтид бынатмæ, иудзæвгар æм фæкаст, иу цасдæр ахъуыдытæ кодта æмæ схæцыд йæ сæрыл. Ныр та се ‘рдæм æрбайста йæ лæдзджытæ. Иу-æртæ исты йæ лæдзджытæ ракодта, иу-æртæ исты – йæ иунæг къах. Ныр сæ тæккæ цур лæууыд, ныр сæм бынтон баввахс, æмæ сæм кæй бахæстæг, уымæй йын цыма æнцондæр фæцис:

– Ныххатыр мын кæнут, уæ хорзæхæй! Ацæут, схизут æм. Кæд мæ скæной исгæ, æндæр мын цы хъуамæ кæной. Æмæ мæ сисæнт, мæ къахыл кæм хъæцын, уым ацы… бынат дæр æй куыд схонон – цæй бынат у, баст куыдзы бынат, æндæр ницы у, æмæ йыл мæ куыдз æмæлæд, сисæнт мæ! Ацæут, схизут æм… Йæ ном Арчил хуыйны, Сибистъоры фырт, – сæ фæдыл дæр ма ахъæр кодта.

Уыцы лæг, айразмæ Резимæ бирæ цæмæйдæрты йæ удхæсджыты æнгæс чи фæкаст, уыцы лæг – Сибистъоры фырт Арчил – хæрдмæ куыд нæ фæхаудаид, Ерген æмæ Фари йæ кусæнуаты къæсæрыл куы балæууыдысты, уæд.

– Чи стут, чи уæ суагъта уæлæмæ?! – ныхъхъæр сыл кодта йæ хъæлæсыдзаг æмæ ахæм схъиудтытæ скодта, ахæм...

Фари фыр тасæй йæ хуыз аныхъуырдта, фæлæ Ерген нæ фæтыхст:

– Уадзгæ нæ ничи скодта, бирæ цæрай, уадзгæ нæ бæргæ нæ кодта, дæлæ æрбахизæны чи лæууы, уыцы дзæбæх лæг, фæлæ нæ цæсгом суагътам æмæ нæхион бакодтам. Æрбабырстам мидæмæ, дæ рын бахæрон, тыхст лæг йæхи дæр мары…

– А-а, ноджы ма дзы уый дæр и? Нæ уæ уагътой, афтæмæй сæфсæрстат?! – цæхæртæ акалдта лæг.

Йæ зæрды сыл дуар рахгæнын уыд, фæлæ йæм, æвæццæгæн, кæмдæр хардзау æркаст уый цахъхъæн зæронд лæг æмæ ахæм æвзонг чызгыл йæ тых æвзарын æмæ йæхиуыл фæхæцыд. Фари йæ къах дуарæй куыд æрбавæрдта, афтæ сагъдæй баззад, йæ цæстытæ пъолы астæрдмæ ныццавта, афтæмæй, фæлæ Ерген иу цалдæр къахдзæфы бакодта мидæмæ. Арчил сæ афтæ карз æмæ тызмæгæй нал, фæлæ æнæрвæссонæй афарста:

– Чи стут æмæ уæ цы хъæуы? – фæрсгæ сæ дыууæйы дæр кодта, йæ цæстыты тызмæг фыдæх та Ергенмæ ныццарæзта.

– Хъæугæ та нæ цы кæны, Хуыцау дын аххуыс кæна, исты адгур дæм не ‘рбацыдыстæм, иу сидзæр сабийы, растдæр зæгъгæйæ, цыппар зæрдæрыст сидзæры хъысмæтыл сагъæс мæ æрцæуын кодта уалæ хохы цъассæй, уæдæ мæ карæн зæронд лæг æнæхъуаджы йæхи афтæ куыд хъуамæ сæдзæсгом кодтаид æмæ йæ мидæмæ ма уадзой, афтæмæй æрбафсæра… – Ергены ма, сæхи хъуыддаджы уæлдай, уыцы иукъахыг лæг уыдоны аххосæй масты хай куы фæуа, уый дæр тыхсын кодта.

– Æмæ уын чи загъта, ам сидзæрдон ис, уый? – лæгæн йæ хъоппæг цæстытæ фестырдæр сты.

– Уый зонæм, мæ хур, сидзæрдон кæй нæу, уый та куыд нæ зонæм, фæлæ ам, ома сымахмæ, ис иу æнахъом сидзæр лæппу, цыппар сидзæры кæстæр у, мæнæ ацы чызг сæ хистæр хо у, иннæтæ ноджы æнахъомдæртæ сты…

Ергены зæгъын фæндыд, уыцы сидзæр лæппуйы ам æнæхъуаджы кæй дарынц, кæй ницы аххосджын у, фæлæ йæхиуыл фæхæцыд – ноджы сæм куы смæсты уа æмæ бынтондæр æнæхъуаджы цыд куы фæуой. Æмæ уыцы лæгъстиаг хъæлæсыуагæй загъта:

– Гъемæ нын дзы исты бæрæг ныхас куы зæгъиккат, куы нын æй фенын кæниккат, уæд уын мах бæсты дæр Хуыцау раарфæ кæнид…

– Чи у, ном æмæ йын мыггаг нæй?

– Ном æмæ йын мыггаг та куыннæ ис, Хъуыбады хуыйны…

Лæг фестъæлфыд. Калмы сæрыл цæхх куы айзæрай, ахæм стъæлфт фæкодта, æмæ Ерген ферхæцыд. Кæрæдзимæ фемдзаст сты. Ерген æм фæрсæджы каст кодта, лæг та, цы зæгъа, йæхи йын куыд даргæ у, ууыл хъуыды кодта. Æмæ æрæджиау мæсты, фæлæ хъуынсастæй афтæ бакодта:

– Значытт, Хъуыбады зæгъыс, нæ, æнæхъæн хъæу уынгæджы кæмæй уыдысты, уыцы фыдбоны гуырд…

Ерген къæхтыбынæй ныуулæфыд, йæ зæрдæ мæстæй бæргæ адымст, фæлæ йæ æмбæрста, цы уавæры уыд, уый æмæ йæ масты хурхыл ныххæцыд. Æрмæст та Фари нæ баурæдта йæхи æмæ уынгæгзæрдæйæ ныккуыдта:

– Ничи дзы уыд уынгæджы, æппындæр никæмæн ницы кодта, уынгæджы сæ йæхи гыццыл уд куы уыд! Мысгæ йыл æркодтой алцыдæр…

Арчил æм хæстæг бацыд. Сырд йæ амæттагмæ куыд кæса, ахæм кастæй йæм бирæ фæкаст, стæй йын йæ роцъойыл хæрдмæ схæцыд:

– Мысгæ йыл æркодтой, зæгъыс, нæ? Йæ мад лæг кæй амардта, уый дæр ыл мысгæ æркодтой, нæ?!

«Зонынц алцыдæр, чидæр сæ нæ разæй фæцис…» – йæ ныфс бынтондæр асаст Ергенæн. Бамбæрста йæ, уадзгæ сын æй ракæной, уый тыххæй ской кæнын дæр æнæхъуаджы кæй у. Уымæй хъуыддаг бынтон цы скарз кæной, æндæр дзы кæй ницы рамбулдзысты, фæлæ ма уæддæр ацархайдта... Фарийæн цæстæй ацамыдта, цæмæй уый мацыуал зæгъа, йæхæдæг та райдыдта дзурын ныр ноджы лæгъстиагдæрæй:

– Арчил… – иугæр ын уыцы дзæбæх лæг хицауæн йæ фыды ном дæр загъта, уæд æй бамбæрста, ном æмæ йæм фыды номæй дзурын хъæуы, фæлæ дзы фыр адæргæй фыды ном æрбайрох, æмæ… – Дæ Хуыцаумæ скæс, хорз лæг, æмæ нын мæгуыры тæригъæд бакæн. Бирæ дæ ницы курæм, æрмæст… Æз зæронд лæг дæн, цæрдтæй мæрдтæм хæстæгдæр дæн æмæ мæхицæн буц митæ нал домын, исчи мæ аргъуц кæна, уыдæтты зæрдæ мын нал ис, фæлæ мæнæ ацы зæрдæрыст чызгæн уæддæр фæтæригъæд кæн, фæтæригъæд кæн уыцы саби-лæппуйæн дæр, сæ тæригъæдæй дуртæ дæр куы хæлынц, мах та адæм куы стæм, нæ риуты зæрдæтæ куы ис! Бирæ рæстæг дæ нæ курæм, Хуыцау дын бирæ цæрæнбон ратта, – уынын нын æй уæддæр фæкæнут, уæд та иу цалдæр ныхасмæ…

Хицау, уыцы Арчил чи уыд, уый знæт æмæ æлхынцъæрфыгæй дыууæрдæм рацу-бацу кодта йæ кусæнуаты, Ерген æм цас лæгъздæрæй дзырдта, уыйбæрц уый та мæстыйæ-мæстыдæр кодта. Æмæ та дзы зæронд лæджы хатыр дæр нал фæкодта, уыцы мæстыйæ йыл ныххуырста:

– О, фæлæ куыд, куыд уын æй хъуамæ фенын кæнæм, кæцæй ма уын æй æркæнон ныр, куыд ма уын æй?..

Лæг, цыма цыдæр ахсджиаг сусæгдзинады хабар сцæйрæдыди,

уыйау йе 'взагыл фæхæцыд, иу æхсгæ каст фæкодта Ергенмæ, ома ацы зæронд исты фæхатыд æви нæ, фæлæ йын йе 'рхæндæг цæстæнгасы ахæмæй куы ницы фæфиппайдта, уæд дарддæр кодта йæ ныхас.

– Уыцы фыдбоны гуырды мæ фæндонæй не 'ркодтой ардæм, æнахъомты хъуыддæгты фæдыл инспекцийы мыхуырæвæрд гæххæттимæ нæм æй æрбакодтой. Æмæ уыцы гæххæтты куыд фыст ис, уый зонут? Кæд æй нæ зонут, уæд уын æй æз зæгъдзынæн. Уыцы гæххæтты фыст ис «...æнæхъæн хæдзарыдзаг бинонты домæнмæ гæсгæ». Ардæм æй куы æркодтой, уымæн йæ дыккаг бон цы 'рцыд, уый та уæхæдæг мæнæй хуыздæр зонут: йæ мад амардта уыцы бинонтæн сæ хæдзары хистæры… Хъуыддаг æвзарынц æмбæлон оргaнтæ, æмæ цалынмæ уыцы оргaнтæ хъуыддаг кæронмæ равзарой, æмæ сæ æз дæр, сымах мæ цы домут, уый тыххæй сæрмагонд разыйы гæххæтт райсон, уæдмæ мæнæн бар нæй, цæмæй йæ искæимæ фембæлын кæнон… Исты зæгъинаг ма уæм ис?..

Цы ма хъуамæ загътаиккой?

Ерген дурдзавдæй лæууыд, афтæмæй каст йæ къæхты бынмæ. Фари йæ цæсгом дыуу æ къухæй бамбæрзта, йæ уæхсчытæ фесхъиу-фесхъиу кодтой, йæ кæуынæй нал æнцад. Ахæм зæрдæхалæн куыдæй куыдта, æмæ Ергенæн дæр йæ мигъбадт цæстытæ донæй байдзаг сты.

Æмæ рацыдысты. Ерген цыд сæргуыбырæй, йæ къæхтæ уæззаугай исгæ. Фари хæкъуырцц куыд кæнгæ цыд йæ фæрсты æмæ фæйнæрдæм сонт ракæс-бакæс кодта, æвæццæгæн, йæ мадызæнæджы дардæй уæддæр ауыныны ныфсæй. Уыцы дæргъæй-дæргъмæ агъуысты-иу сыл чидæртæ амбæлд, чидæртæ дзы рацу-бацу кодта, фæлæ дзы иунæг саби, иунæг æнахъомыл дæр сæ цæст никуы схæцыд, æмæ Фари бамбæрста, уыцы агъуысты, хистæртæ æмæ кусджытæ кæм змæлынц, уырдæмыты, Хъуыбады кæимæ ис, уыцы сывæллæтты кæй нæ уадзынц, æнæнхъæлæджы фенæн дзы кæй никæмæн ис.

Агъуыстмæ бахизæн дуарæй куы рахызтысты, уæд Ерген æрлæууыд. Уæды онг ма йæхи тыхурæд бæргæ кодта, фæлæ йыл ныр æртæфстысты фæлладæй дæр, мастæй дæр, æмæ йæ къæхты тых сæттын райдыдта. Фыр адæргæй ма йæ ныхы хид асæрф-асæрф кодта.

– Ныххатыр мын кæн, мæ хуры чысыл, фыдæнхъæл дæ фæкодтон, – йе 'рхæндæг цæстытæ æмбæхсæгау кодта Фарийæ, уæддæр æй йæхи мæт нæ уыд...

Фарийæн Ергены ныхасæй йæ зæрдæ ноджы тынгдæр суынгæг, фæлæ йын фæтæригъæд кодта æмæ тыххæйты нынныхъуырдта йæ кæуындзæг.

– Цæй хатыр, Ерген, мах тыххæй дæхæдæг кæныс маст æмæ фыдæбоны хай æмæ нæ ноджы хатыр курыс… Искуы уал куы ‘рбадис, иу чысыл æрулæф, кæннод афтæмæй куыд фæцæудзыстæм нæхимæ? – йæ хидмæцъæл цæсгоммæ йын уыцы тарстхуызæй касти.

Ерген йæ цæст фæйнæрдæмыты ахаста. Агъуыстмæ бахизæнæй чысыл фалдæр бæласы бын уыд фæхсбандон, æмæ ууыл æрбадтысты.

– Цы баистут?.. – æд лæдзджытæ сæ уæлхъус алæууыд уыцы иукъахыг лæг, каст сæм æнкъардæй æмæ сæ, йе ‘нкъард цæстæнгасы цыдæр æмбæхсгæйæ, уæлæнгай фæрстытæ кодта.

– Нæй, дам, бар… – уæззаугай йæм скаст Ерген. – Дæуæн стыр бузныг, хорз лæг, Хуыцау де ‘ххуысгæнæг фæуæд – нæ хъуыддагæй ницы рауад, фæлæ уæддæр дæ фæрцы нæ бæрæг базыдтам...

– Ех-х, цæй бузныг æмæ цæй цыдæр, бæргæ ма Хуыцау куы раттид тыхст адæймагæн йæ къух фæрогдæр кæныны хъару, фæлæ ма цы мæ бон у, – æнкъард ныхас кодта лæг.

Йæ иу лæдзæг бахъил кодта фæхсбандоныл, иннæйы æнцæйтты та йыл бадгæ æркодта. Иудзæвгар афтæ æнæдзургæйæ абадтысты. Фари не ‘рбадт сæ цуры: бынат дзы уыд, фæлæ сæ æфсæрмы кодта, куыд хъуамæ æрбадтаид хистæрты цур. Æмæ æрттæдæлармæй рацу-бацу кодта кæрты къуымты. Ерген бæргæ æмбæрста, лæгæй худинаг кæй у, иугæр сæ цуры æрбадт, уæд йемæ истытæ дзурын кæй хъæуы, фæлæ æгæр ныхъхъуыста йæхимæ, æгæр ныуæззау куыд уонгæй, афтæ зæрдæйæ дæр, æмæ йын зын уыд дзурын.

Æвæццæгæн, уыцы лæг та Ергены тыххæй хъуыды кодта афтæ, фæлæ уый дæр ницы дзырдта. Нæдæр фæллад уыд, нæдæр дзы уæлдай исты маст бацыд – йæ къахы афтид бынатмæ кæсгæйæ, раджы æрцахуыр йæ хъысмæтыл, цы мæстаг ма йæ уыд… Фæлæ уый дæр ницы дзырдта, бæлвырддæр зæгъгæйæ, хъуыды кодта, цы зæгъинаг æм ис, уый зæгъа æви ма зæгъа, ууыл. Æмæ тыхст, рафт-бафт кодта, йæхимидæг хъуырдухæн кодта.

Ерген та уыдæттæн цы зыдта, исты зæгъынмæ йын хъавы, уый кæцæй хъуамæ зыдтаид. Уый хъуыды кодта, цæуын сæ кæй хъæуы, ууыл, рæстæгыл куы нæ бахæццæ уой хъæмæ, уæд уыцы чызджыты

зæрдæ æхсайдзæн, стæй иунæгæй тæригъæд сты изæры зылдтытæн. Æмæ иу чысыл йе 'муд куы æрцыд, уæд уæззаугай йæхиуыл схæцыд.

– Цæй уæдæ, мах цæуын хъæуы…

Лæг дæр йæ лæдзджытæ æрбайста, сæ иуы æнцой уал слæууыд, стæй дыууæйы дæр йæ дæлæрмтты фæцавта æмæ сыл йæ уæз уыцы иу уагъд æркодта. Суанг уынгмæ, кулдуармæ бахизæны онг семæ рацыд. Фари сæ фæстæ рахызт, фæлæ сæм не 'рлæууыд, ома хистæртæ сты, уæд та сæ кæрæдзиимæ исты ныхасаг ис. Æмæ уыд ныхасаг уыцы лæгмæ. Уыдис æм цыдæр зæгъинаг, фæлæ ма уæддæр дывæнд кодта, зæгъа йæ æви йæ ма зæгъа? Æмæ йыл æппынфæстаг фæтых фыццаг хъуыды. Æрдæбон дæр æй загътаид, уæртæ фæхсбандоныл куы бадтысты, уæддæр ын æй хъуамæ загътаид, фæлæ уым, хицауы кусæнуаты рудзгуыты тæккæ бын… Мæсты лæг та йæхи дæр мары – уæд та зæронд лæгæй йæ фыр мæстæй истытæ сирвæзт æмæ сæ фехъуыста сæ хистæр, уæд…

Ерген æм йæ къух бадардта:

– Цæй уæдæ, фенынмæ, ацы дзæбæх лæг, бузныг дын нодджыдæр. Хæдæгай, уæ хицауы раз дæ сраст кодтон, загътон ын, къæсæрæй мидæмæ бахизын дæр нæ кæй нæ уагътай, фæлæ тыхæй, æдзæсгомæй бабырстам мидæмæ, æмæ нæ, зæгъын, маргæ куы нæ акодтаид, мыййаг…

Лæгæн æхсызгон уыд Ергены ныхас, æмæ нодджы фæныфсджындæр, иугæр иу хатт бацыд йæ уавæры, уæд æй кæд дыккаг хатт дæр нæ ауæй кæнид.

– Бузныг, кæй мæ сраст кодтай, уый тыххæй, ардыгæй мæ куыдзы сырд фæкæнынæй кæй бахызтай, фæлæ ма дæ, æвæццæгæн, иу хатт бахъæудзæн мæн фыдбылызæй бахизыны сæр…

Ерген æм фæрсæджы, ницымбарæджы каст кодта.

– Зæгъдзынæн дын æй, ацы уæздан лæг. Ма дын æй зæгъон, уый мæ бон нæу, мæхицæн æй мæрдты бæсты дæр нæ ныббардзынæн… Уыцы зæрдæрыст сылгоймаг, ома лæппуйы мад, мæ цæстытыл куы ауайы, уæд йæ тæригъæдæй мæ зæрдæ фæцæйскъуыйы, æмæ мæ уыцы тæригъæд дзурын кæны, æндæр… Æрмæст дын фæдзæхсын: чызгæн мацы зæгъ, æндæр ам адæмы йæхимæ æркæсын кæндзæн. Мауалдæр дæхæдæг схиз хистæрмæ, ницыуал дзы рауайдзæн, бæлвырддæр зæгъгæйæ, абон æмæ дзы ам ницыуал рауайдзæн, уæ тæвдæй хъуыддаг нодджы цы фехалат, уымæй дарддæр… Кæд ма æндæр ран, амæй нодджы уæлдæр ран исты бафта уæ къухы, уый йеддæмæ ардæм

ænæхъуаджы у уæ цыды сæр – ам диссæгтæ цæуы, Хуыцау дæр кæй ма хъуамæ ныббара, ахæм диссæгтæ…

– Цы хабар у, хорз лæг, цы ма æрцыд уымæй фыддæр? – тарстхуызæй йæ афарста Ерген æмæ йæм æввахсдæр балæууыд.

– Кæй тыххæй æрцыдыстут, уыцы лæппу ам нал ис…

Ергены цыма арв æрцавта:

– Куыд нал ис, чердæм нал ис, уæдæ цы фæцис?!

– Æндæр кæдæмдæр æй арвыстой… Ам иу лæг фæдисы цыд æркодта, æнхъæл дæн, лæппуйæн йæ фыдыфсымæр уыд, сахаты бæрц фæбадт хицауы кусæнуаты, цæуылдæр фæуынаффæ кодтой, стæй, уыцы лæг куы ацыд, уæд та йæ дæлдæрты æрбамбырд кодта хицау æмæ дарддæр та уыдонимæ уынаффæ кодта…

– Æмæ?.. – йæ хъæлæс барызт Ергенæн.

– Æмæ йæ дыккаг бон этапæй арвыстой. Лæппуйы. Æндæр ранмæ, тынг дард кæдæмдæр. Мæ хъустыл ныдзæвæггагæй куыд æруад, афтæмæй йыл ахæм гæххæттытæ сарæзтой, ахæм, æмæ диссаг! Цыма йæхи тынг æвзæр дардта, цыма хъомылгæнджытæм лæбурдта, æнæуаг дзыхæй сæ æлгъыста… Ахæм гæххæтт дæр, дам ыл сарæзтой, цыма йе 'мбæлттæй кæйдæр кардæй æргæвста, йæхицæй къаннæгдæр чи уыд, ахæм сабийы, хъуамæ, дам æй карчы æргæвст скодтаид… Уæдæ æмæ диссæгтæ, хæдзонд адæймаг кæуыл нæ бауæнддзæн, ахæм диссæгтæ фæфыстой уыцы гæххæттыты…

– Æмæ дзы æппын йæ Хуыцауы хаймæ дæр ничи скаст, уыцы гæххæттытæ чи фыста, уыдонæй, æви дзы алкæмæндæр йæ риуы зæрдæйы бæсты дойнаг дур ис? – цыма уыцы лæг дæр исты аххосджын уыд, ахæм мæстыйæ йæ афарста Ерген æмæ цæстæй Фарийы ахъахъхъæдта, цæмæй мацы фехъуса…

– Цæмæн зæгъыс, ам дæр ис лæгау лæгтæ, иууыл æмхуызон дурзæрдæтæ кæцæй уыдзысты, фæлæ алкæмæндæр бинонтæ, даринæгтæ ис, никæй фæнды йæ куыст фесафын, – цыма искæй нæ, фæлæ йæхи рæстытæ кодта, ахæм хатыркурæджы хъæлæсыуагæй дзырдта лæг.

«О Хуыцау, ратт мын хъару, хиуыл фæхæцыны фаг тых!» – никкæрзыдта Ергены зæрдæ. Тынг æй фæндыд, тынг зæрдиагæй архайдта, цæмæй йæхи тыхурæд ныккодтаид, Фари куыд ницы фæхата æмæ ноджы фыддæр зæрдæдзурæнты куыд нæ ныххауа, уыйбæрц уæддæр куы фæхæцид йæхиуыл. Фæлæ фыр адæргæй йæ улæфæнтæ æхгæдтой, бæстæ йыл куыройы цалхау зилын райдыдта.

Суанг автостанцæйы онг фæцыдысты æнæ дзургæйæ. Районмæ цæуæг автобусы куы сбадтысты, уæддæр сæ сыбыртт никæй дзыхæй схауд. Автобусы чи бадт, уыдон кæрæдзимæ ныхасæппарæнтæ кодтой, цыдæртæ дзырдтой кæрæдзийæн, цæуылдæрты ныхæстæ кодтой, чидæртæ-иу дзы худгæ дæр скодтой, фæлæ уыдон бадтысты æгомыгæй, хъуысгæ дæр сæм ницы кодта – нæдæр адæмы ныхас, нæдæр сæ худын. Сæхи рыст, сæхи зæрдæдзурæнты уыдысты.

Фари куыд нæ хъуамæ фæхатыдаид, уыцы иукъахыг лæгимæ аныхас кæныны фæстæ Ергенæн йæ зæрдæйыуаг ноджы тынгдæр кæй фехæлд, ноджы тынгдæр кæй ныхъхъуыста йæхимæ, фæлæ йын иугæр йæхæдæг ницы дзырдта, уæд æй куыд хъуамæ бафарстаид, уый карæн зæронд лæгмæ йæ цæсгом куыд суагътаид? Афтæ йæ бафарстаид, уыцы лæг ма дæ цæмæн æрурæдта, цытæ ма дын фæдзырдта? Куыд æй хъуамæ бафæрса, цалынмæ йын йæхæдæг исты зæгъа, уæдмæ? Ныр йæ хæдзары цæрынц, иугæр сыл хи бинонтау баузæлыд æмæ сæ хъæбулы рæвдыд бакодта, уæд сын хионы ад кæны йæхæдæг дæр, ныртæккæ сын арвæй зæххы ‘хсæн уымæй æввахсдæр адæймаг нæй, фæлæ… Нæма йыл æрцахуыр сты, уыйбæрцтæ йæм нæма уæндынц…

Уыдæттыл хъуыды кодта Ерген йæхæдæг дæр, Фари цæуылты хъуыды кодта, уыдæттыл. Æмбæрста йæ, Фари йæм æнхъæлмæ кæй кæсы. Æппын мацы фæхатыдаид, уый гæнæн нæй. Иугæр ма Ергенæн уыцы иукъахыг лæг цыдæртæ фæдзырдта, æмæ сæ ныхасы фæстæ ноджы тынгдæр ныррхæндæг, уæд æй æнæмæнг фæхатыдаид, уыцы лæг ма сын, Арчилæй цы фехъуыстой, уымæй ноджы фыддæр, бирæ æвзæрдæр цыдæр кæй загъта… Æмæ хъуыды кодта, куыд бакæна, ууыл. Зæгъа йæ, Хъуыбады ам кæй нал ис, дард кæдæмдæр æй кæй арвыстой, уый, æмæ æнæуи дæр сæ зæрдæтæ скъуыдтæ куы кæнынц, уæд ма ахæм уæззау цæф та куыд сфæраздзысты? Ма йæ зæгъа, æмæ йæм уый дæр раст нæ кæсы, кæдмæ сын æй дардзæн æмбæхстæй, агурæг æм æрцæуыны фæнд та куы скæной, уæд сын цы зæгъдзæн?..

Иу цæуылдæр ма ахъуыды кодта: иу-дыууæ боны фæстæ ма йæхæдæг куы ‘рцæуид горæтмæ æмæ куы ацархаид Хъуыбадыйы тыххæй исты бæрæг хабар базонынил. Фæлæ ма уымæй уæлдай исты базондзæн? Уыцы иукъахыг лæг ын фидарæй загъта, уырдæм цæуын кæй нал хъæуы, уым йæ къухы кæй ницыуал бафтдзæн. Уый та хæстон лæг у, йæ иу къах хæсты быдыры чи ныууагъта, уый царды цæвæнты æхсыст

лæг у – федта, бавзæрста царды зынтæ, адæймагады хæрамдзинады тых æмæ зоны, цы дзуры, уый. Æмæ йын уыцы фидарæй уымæн загъта, ам, дам дзы ницыуал рауайдзæн… Кæд ма, дам, æндæр ран, амæй ноджы уæлдæр ран исты бафта уæ къухы, уый йеддæмæ, дам…

Æмæ, кæд уыцы уæлдæр ран чи бады, уыдон дæр ахæм дурзæрдæтæ сты, уæд та?.. Уæдæ цы уыдзысты! Лæгты, лæгау лæгтæ чи сты, уыдоны хæст аныхъуырдта, тохы быдыры баззадысты. Ныр бынæтты æндæртæ бадынц, дымыстæртæ æмæ æдзæсгæмттæ, царды рохтæ ахæмты къухы сты ныр, æмæ ахæмтæн зæрдæтæ нæй, ахæмтæ искæй рыстæй нæ фæрисдзысты, сæхи никæй тыххæй батыхсын кæндзысты…

Уæдæ цы бакæна, цы гæнæн ма дзы ис?.. Уæддæр хъуамæ афæлвара, æрцæуа, искæйтимæ фембæла, цы нæ вæййы… Хæстæй ма удæгасæй æрыздæхын кæмæн бантыст, ахæм лæгтæ дæр куыд нæ уыдзæн бынæтты, уæдæ ахæм бынысæфт кæм æрцæудзæн адæмыл – уыцы дуаргæсы, уыцы иукъахыг лæджы хуызæн лæгыл уæддæр куыд никуы сæмбæлдзæн, чи йæ бамбара, чи йын баххуыс кæна. Чи зоны… Ныфс, дам, фæстагмæ амæлы, фæлæ цыфæнды хуыцауысконд лæгыл ма амбæла, кæмæфæнды ма бахауа, уый дæр дзы фыццаг гæххæттытæ æркурдзæн, Хъуыбадыйы зынхъомылгæнæн сывæллæтты хæдзармæ цæй тыххæй, цы аххосагæн æркодтой, уыцы гæххæттытæ. Æнæ уыдон æм хъусгæ дæр ничи бакæндзæн, хъусгæ. Ахæм рæстæг у, æрмæст зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхасæй ницы рауайдзæн, гæнæн ис, исчи йæ æмбаргæ бакæна, тæригъæд дæр ын фæкæна, фæлæ æнæ гæххæтт хъуыддаг ничи сараздзæн…

Æмæ уый тыххæй та ис æрмæстдæр иунæг фæрæз: хъуамæ Джидтейы æфсымæртæ сæ хъаст фæстæмæ райсой. Фæлæ сразы уыдзысты ахæм цæуылдæр? Ницæй тыххæй! Æмæ уæдæ куыд? Зæгъа йæ чызджытæн: уе 'фсымæры æнæхъуаджы мауал агурут, æндæр кæдæмдæр уын æй арвыстой, кæм æй никуыуал ссардзыстут, ахæм дард кæдæмдæр... Зæгъа сын æй æргомæй æмæ сын стæй сæ тæригъæдмæ кæса?.. Æмæ бафæраздзæн ахæм удмарæг тæригъæдмæ кæсын?.. Нæ бафæраздзæн!

Æмæ хъуамæ бафæлвара. Алцыдæр æмæ алкуыдæр. Æгæрыстæмæй Сала æмæ Къаргоимæ аныхас кæнынып дæр – бирæгъыл, дам, уынгæджы бон куы акæны, уæд куыдзы бын дæр стулы… Иу-дыууæ лæджы ма йын кæд бамбал уаид хъæубæсты хистæртæй. Зоны йæ, алчидæр кæй тæрсы Сала æмæ Къаргойæ. Алчидæр сæ йæхи хизы хуыскъ хъугау, никæй фæнды йæхи цæхæры æппарын, фæлæ кæд искæйты

сразы кæнид. Мырзæ æмæ йын Ила хъуамæ сразы уой, уыдон уæддæр иннæты хуызæн тæсмæрдтæ не сты, сæхицæн аргъ кæнын зонынц.

8

Æрæгмæ æрбахæццæ сты хъæумæ Ерген æмæ Фари. Изæрмилтæ сæ тæккæ бæзджынил уыдысты. Фæллад адæм сæ изæры зылдтытæ фесты æмæ хъæу дæр уыцы фæллад сабыр ныццис. Уыцафон ма цæй искæмæты цæуæнтæ уыдис, уæлдайдæр, кæмæ цæуын æй хъуыд, уыдонмæ, стæй сæм иунæгæй куыд хъуамæ бацыдаид. Æмæ дыккаг бонмæ аргъæвта хъуыддаг Ерген.

Цыккайы барвитинаг уыдис Мырзæ æмæ Иламæ, хæдзармæ сæм фæдзуринаг уыд, фæлæ йæм цыдæр раст нæ фæкаст, сæхи сын æрбацæуын кодтаид, уый, æмæ сæм йæхæдæг ацыд. Нырма Мырзæмæ бадзырдта æмæ иумæ бацыдысты Иламæ дæр.

Бирæ фæбадтысты Илаты фæсхæдзар æртæ хистæры. Ерген сын, сасирæй луарæгау, лыстæггай фæдзырдта йæ балцы хабæрттæ. Бауырнын сын æй кодта, уыцы сывæллоны рæстæгыл куы нæ æрцагурой, уæд æдзæм сæфт кæй фæуыдзæн æмæ ахæм цыдæр æруадзын та хъæубæстæн иумæйаг худинаг кæй у. Æмæ сæ дыууæ дæр сразы сты Ергены хъуыдыимæ. Мырзæ æмæ Ила. Хъæуы йæ агурын, уæдæ йæ хъысмæты æвджид куыд хъуамæ ныууадзой, хъæубæстæ куы сты… Уыцы сидзæр сабийыл йæ фæдыл акæсыны фыдæй исты куы æрцæуа, уæд сын æй Хуыцау дæр куы нæ ныббардзæн! Æрмæст нæдæр Мыр-зæйы уырныдта, нæдæр – Илайы, Сала æмæ Къарго ахæм цæуылдæр сразы уыдзысты, уый.

– Уæд та нæхæдæг бафæлварикკам, Ерген… – дывæнд кодта Мырзæ.

– Ома куыд нæхæдæг? – бафарстæ йæ Ерген.

– Афтæ, нæхæдæг уал куы ацæуиккам районы хицаумæ, кæд нын уым ницы сырæза, уæд та – горæтмæ, ау, æппын иу ахæм адæймагмæ нæ бахаудзыстæм, чи нæ бамбара?

– Раст зæгъы, раст, Мырзæ, Ерген, – йæ сæр разыйы тылд кодта Ила дæр. – Чи зоны ма исчитæ сразы уа æмæ махимæ бамбал уой, иу цалдæрæй куы уæм, уæд нæ куыд нæ хъуамæ фефсæрмы уой, æцæг бæстысæфт куы нæ æрцыд, мыййаг?

– Æрцыд, æрцыд бæстысæфт, Ила, – уæддæр йæхион кодта Ерген. – Уыцы районы хицæуттæй дæр æмæ, горæты кæмæ хауы, уыдонæй дæр ма исчи тæфтыл æрбацыд, искæмæй ма исты фехъуыстат, Резийы

хæдзар цæмæн хъуамæ басыгъдид, уый сбæрæг кæныны тыххæй?.. Нæ, уымæн æмæ алцыдæр зонынц, уымæн æмæ халон халоны цæст нæ къахы. Уымæ гæсгæ мæ хъуыды у ахæм: адонæн сæхи куы нæ сразы кæнæм, сæхæдæг куы нæ рахæссой сæ хъаст фæстæмæ, уæд æнæхъæн хъæуыдзагæй куы ныццæуæм районмæ дæр æмæ горæтмæ дæр, сæ разы куы ныззоныгуыл кæнæм, уæддæр нæм ничи байхъусдзæн, ницы нын дзы рауайдзæн. Афтæ æнхъæлут, мæнæн мæхи тынг уырны, сразы нын уыдзысты, уый? Æппындæр мæ нæ уырны, фæлæ нын æндæр гæнæн нæй, уыдонæй куы нæ райдайæм, уæд нæ ныхæстæ æмæ нæ фæндтæ бынтон æнæхъуаджы сты. Æмæ хъуамæ бафæлварæм, Хуыцауы бын нын æндæр ницы хос æмæ фæрæз ис.

Ергены фæндвидардзинад басаста Мырзæ æмæ Илайы дæр.

Æмæ сæм бацыдысты.

Сала сæхимæ уыд, цыдæртæ архайдта кæрты, æмæ сæхи йæ цурмæ баввахс кодтой. Цыма йыл сæ уындæй йæ хуры хай аталынг, уый хъуынтъыз фæкодта йæхи. Догка æмæ Дриан дæр сæ дæргъæй-дæргъмæ тыргъы ралæууыдысты æмæ сæм уыцы æлхынцъæрфыгæй ныккастысты.

Сала сын нæдæр сæ саламæн рæстмæ дзуапп радта, нæдæр сын æфсоны «мидæмæ нæм рахизут» загъта, афтæмæй сын уыцы æвæндонæй ацамыдта, кæрты къуымы сын цы даргъ бандон уыдис, уымæ, ома æрбадут. Æрбадт йæхæдæг дæр сæ фарсмæ, сæ тæккæ фарсмæ нæ – бандонæн йæ кæрон.

Салайыл дæр æмæ устытыл дæр зындис, кæй зонынц хабар, знон Ерген æмæ Фари горæты кæй уыдысты, уый æнæмæнг зонынц. Хъуыбадыйы агурæг кæй ацыдысты, уый дæр куыд нæ зондзысты, фæлæ кæцæй, куыд, чи сын æй хъуамæ загътаид? Ерген никæмæн ницы загъта, Фари дæр дысонæй нырмæ хæдзарæй æддæмæ нæ ахызт, кæд æй чызджытæ искæмæн загътой знон?

– Хъусын уæм, æнæ хъуыддаг не 'рбацыдаиккат, – Сала сæм бынозты фæрсæджы кæстытæ кодта.

Лæгтæ сæ мидбынæтты базмæлыдысты, кæрæдзимæ бакæстытæ кодтой, бæлвырддæр зæгъгæйæ, Мырзæ æмæ Ила бакастысты Ергенмæ. Æмæ райдыдта дзурын Ерген:

– Ис нæ хъуыддаг, Сала, уæдæ уæ æнæ хъуыддаг куыд хъуамæ батыхсын кодтаиккам, фæлæ, зæгъын, Къарго дæр куы райстаид хайад нæ ныхасы, уæд цыма аивдæр уыдаид…

– Къарго нæма æрбацыд, къæнцылары ис нырма, фæлæ мах кæрæдзийыл æууæндæм, æмбæхсинаг, дих кæнинаг нæм ницы ис, – бахъуыр-хъуыр кодта Сала.

– Омæ уæдæ хорз, мæ хур, байхъусæм кæрæдзимæ, зæгъæм нæ ныхæстæ, чи зоны нæм цы фарн кæсы, чи зоны, кæрæдзи бамбарæм… Нæхæдæг кæрæдзи куы фехъусæм, уæд нæ Хуыцау дæр куыд нæ бамбардзæни. Æмæ Хуыцау кæй бамбара, уыдон иу зондмæ, иу раст хъуыдымæ куыд нæ хъуамæ æрцæуой…

– Уыдæттæ дын знон горæты фæдзырдтой, ахæм зондджын ныхæстимæ дæ уырдыгæй рарвыстой? – йæ ныхас ын фескъуыдта Сала.

Ерген байгомыг, иу боны-бонцау дзурын ницыуал сфæрæзта, цыма йын исчи йæ цæсгомыл чъизи дон бакалдта, афтæ фæцис. Хорзау нал фесты Мырзæ æмæ Ила дæр. Куыд нæ йæ зыдтой, дыууæ æфсымæрæй сæ иуæй иннæ æнæхафтдæр кæй у, фæлæ уæддæр... Æнæнхъæлæджы хабар сын нæ уыд, Сала йæхи куыд равдыста, уый. Уыдонæй æнхъæлмæ кæсæн ис алцæмæдæр, фæлæ сын уæддæр карды рæхуыстау уыд йе ‘нæгъдаудзинад, цыма сын сæ игæртæ ацагъта йæ гуымиры ныхасæй!..

– Сала, мах ардæм кæрæдзи бафхæрынмæ, иу нæ иннæйы дæлдзиныг кæна, уый тыххæй не ‘рбацыдыстæм! – хиуылхæцгæ, фæлæ тызмæгæй загъта Мырзæ. – Куыдфæнды ма уа, уæддæр ацы лæг нæ хъæубæсты хистæр у, æмæ нæм лæдзæг куы райса, уæддæр махæн нæй ахæм æвзагæй йæм дзурыны бар… Гъе стæй уæ йæхи уды хæрзæбонæн куы ницы куры. Мах дæр уæм нæхицæн исты курынмæ куы нæ æрбацыдыстæм – куыд æй бамбæрстат, афтæмæй нæ, йæ цард кæмæн схауæггаг, ахæм æнахъом сывæллоны хъысмæтыл сагъæс æрбацæуын кодта ардæм! Уæзæджы къæйыл бынтон сидзæрæй, æнæмæнузæгъæгæй чи баззад, уыцы сабийы… Боныфæстагмæ, цæмæй æнæхъæн хъæубæстæй сайраг æмæ додойаг ма фæуæм, уый охыл у не ‘рбацыды сæр…

– Æмæ уæ хъæугæ цы кæны, цы, зæгъут-ма йæ! Уе ‘рбацыды сæр цæй охыл у, уый æнæуи дæр бамбæрстон, фæлæ махмæ цæмæн æрбацыдыстут, цы нæ домут? – йæ цæстытæ туджы зылдысты Салайæн.

– Мæнæ мæгуыры дæдæдæй! – йæхиуыл дзуæрттæ афтыдта Ила. – Махмæ, дам, цæмæн æрбацыдыстут… Уæдæ кæмæ бацæуæм – сæрысæфт æй сымах фæкæнын кодтат, агургæ та йæ æндæр искæмæ кæнæм?..

– Уыцы сывæллон цы фæцис, кæдæм æй арвитын кодтай?..

Ергенæн йæ фæсонæрхæджы дæр бæргæ нæ уыд, семæ тызмæгæй

дзура, уый, – цас гæнæн ис, уыйбæрц лæгъзæй дзурыны хъуыдыимæ æрбацыд ардæм, фæлæ, Сала йæхи куыд равдыста, уымæй кæронмæ бамбæрста, адонимæ лæгъз æвзагæй дзурын бынтон æнæхъуаджы кæй у.

– Æмæ дæу уыцы сывæллонимæ цы хъуыддаг ис? Боныфæстагмæ, махæй дæумæ æввахсдæр сты, дæхи сын цы схицау кодтай?! – мæсты хъæр ыл фæкодта Сала.

– Æмæ кæд сымахмæ æввахсдæр сты, уæд сын сæ мады Ерген цæмæн бавæрдта, уæ уæзæгыл ын хист скæнын уæддæр цæуылнæ бауагътат? – йæ ныхасы хай баппæрста Ила дæр.

– Уымæн æмæ не знæгтæ сты! – ныр та Иламæ багуыбыр Сала. – Не ‘фсымæры нын мæрдтæм чи барвыста, уымæн нæ уæзæгыл хист скæнын хъуамæ бауагътаиккам?! Нæ, хъуамæ йæ, кæм ныгæд ис, уырдыгæй дæр къахгæ скæнæм æмæ йæ куыйтæн аппарæм!

– Сывæллон та уын цы кодта, сывæллон, цæмæн æй фæхауæккаг кодтат йæ мæгуыр къонайæ? – мæстыйæ та йыл ныххуырста Ерген.

– Нæ бон дзы нал уыд æмæ уымæн, нал дзы фæразтам, хæдзарыдзагæй нæ æддæмæ ракæсын нал уагъта, æмæ уымæн! – цæхæртæ калдта Сала.

– Ныр цытæ дзурыс, уыдон дæхимæ худинаг нæ кæсынц, Сала, дæ зæрдæ дæхиуыл нæ худы æви, зæрдæхудт цы у, уый уæ бынтондæр ферох?! – йæ маст нал урæдта Ерген. – Ныхысæрыйас сывæллонæй афтæ куыд хъуамæ зæгъай, хæдзарыдзагæй нæ æддæмæ ракæсын нал уагъта…

– Цы уæ хъæуы, цæмæн æрбацыдыстут? – Сала йæ бынатæй фестад æмæ сæ разы хæлиу лæуд акодта. – Ды цæмæн æрбацыдтæ, ды, Ерген? Дæу фæрсын, уымæн æмæ не ‘ппæт фыдбылызты цырв дæр ды дæ, адоны дæр, зонын æй, ды æрбаластай дæ фæдыл. Адæтты иууылдæр дæуæй бузныг стæм, ды тъыссыс дæ фындз нæ хъуыддæгты. Цæмæн æрбацыдтæ, уый дын зæгъон? Цæмæй нæм бахатай, æмæ нæ хъаст фæстæмæ рахæссæм, уыцы мæлинагыл кæй балæвæрдтам, уыцы хъаст. Уæдмæ куы цæрис, цалынмæ уыцы гæххæтты гæбаз фæстæмæ рахæссынил исчи хъуыды дæр акæна, кæддæра Ичъынайы калмау уæлæуыл нæ бамбиис!..

– Уыцы сывæллоны мах дæр хорз зонæм, ахæм æнæгъдау куы уаид, уæд ма æндæр искæмæ дæр лæбурдтаид, фæлæ йæ сымах скодтат уый онг, йæ рæзинаг уд ын бадомдтат æмæ йæ фесæфтат. Адæм алцыдæр уынынц æмæ зонынц. Æви уæм афтæ кæсы, æнæхъæн хъæубæстæ саугуырм бацис, сымах йеддæмæ иууылдæр куырмытæ æмæ къуырматæ стæм!

Ергенæн ныр уæлдай нал уыд, бамбæрста йæ, адонимæ дзурын

ӕнӕхъуаджы кӕй у, фӕлӕ иугӕр ӕрбацыдысты, бӕлвырддӕр зӕгъгӕйӕ, иугӕр ӕнӕхъуаджы цыд фесты, уӕд ын уӕлдай нал уыд, ӕмӕ йӕ риуы чи ныццӕм, уыцы мӕстытӕ ӕмӕ риссӕгты иуулдӕр скалдта.

– Зонынц, уӕдӕ нӕ зонынц, адӕм алцыдӕр зонынц!..

Дриан сӕ дӕргъӕй-дӕргъмӕ тыргъӕй ахӕм цъах-цъах ракодта, ахӕм, ӕмӕ иу диссаг. Догка дӕр фӕсте кӕм фӕлӕууыдаид, фӕлӕ уый, ӕвӕццӕгӕн, йӕ сауӕй фефсӕрмы, ӕмӕ уый бӕсты дӕр Дриан «сласта йӕ гӕрзтӕ».

Лӕгтӕм, ӕрдӕбонсарӕй сӕ удтӕ цы ӕнӕгъдау ахастӕй снарӕг сты, уый ницыуал фӕкаст Дрианы тардзӕгъдӕны фӕстӕ, фыр диссагӕй сӕ хуыз аныхъуырдтой, сылгоймаг хъӕубӕсты хистӕртӕм йӕ цӕсгом афтӕ суадза, ахӕм диссаг никуыма федтой.

Сала йӕм, Дрианмӕ, йӕ цӕстытӕ мӕсты хъулӕттӕ скодта ӕмӕ йын къухӕй ацамыдта, мидӕмӕ бахиз, зӕгъгӕ, фӕлӕ йын ус ныр та йӕхимӕ фессӕста:

– Ацу ды дӕр… Афтӕ ӕвдӕлон бадтӕй бад сӕ цуры ӕмӕ сын сӕ дзӕгъӕл дзӕнгӕдамӕ хъус… Ӕмӕ, дам, партини дӕн. Партини чи у, уый йӕ сӕрмӕ алкӕйтимӕ дзурын куы хӕсса, уӕд ма уымӕй цӕй партини ис! – тъыфылтӕ калдта ус.

Ергенӕн фыр адӕргӕй йӕ бон сыстын ӕмӕ ацӕуын дӕр нал уыд, фӕлӕ ма цас хъуамӕ быхстаид уыцы ӕнагъӕддаджы диссӕгтӕн, ӕмӕ тыххӕйты схӕцыд йӕхиуыл. Сыстадысты Мырзӕ ӕмӕ Ила дӕр.

Дриан тохы быдыры фӕуӕлахизуӕвӕджы лӕуд кодта сӕ тыргъы. Лӕгтӕ куы рацыдысты, уӕд ма сӕ фӕстӕ дӕр ратардзӕгъдӕн кодта хъӕрӕй, хъӕубӕстӕ йӕ фылдӕрӕй куыд фехъуыстаиккой, афтӕ хъӕрӕй:

– Мӕлӕты чъирикувӕг! Радзырдта мын, адӕм, дам, куырм не сты… Мах дӕр куырм не стӕм, уыцы гадзайы бынызаинаг чызджыты дӕхимӕ цӕмӕн скодтай, уый дӕр зонӕм… Знон хистӕры демӕ цӕмӕн акодтай, уымӕн дӕр цы бӕрӕг ис? Чи зоны, горӕты дӕр нӕ уыдыстут, чи зоны йӕ ӕнӕхъӕн бон искуы хъӕдрӕбынты цъӕх нӕууытыл рафӕлдах-бафӕлдах кодтай… Ӕниу ма цӕй рафӕлдах-бафӕлдах кӕнынхъом дӕ, мӕгуыр дӕ бон фӕуа, кӕд ма сын сӕ фӕлмӕн бынӕттыл дӕ лӕзӕрд къухтӕ арауадз-бауадз кӕныс, ӕндӕр…

Чидӕриддӕр ӕй фехъуыста, уыдон иуулдӕр арвы цӕфау фесты. Алцы ӕнхъӕл дӕр уыдысты уыцы бинонтӕй, алцӕмӕдӕр сӕм ӕнхъӕлмӕ кастысты, фӕлӕ ахӕм ӕбуалгъы цӕмӕдӕр?..

Ергенæн йæ цæстытæ атартæ сты. Йæ къæхтæ йæ быны фæцæйдыдагъ кодтой, размæ йæ нал хастой, æмæ æрлæууыд. Нæ йæ фæндыд, цы фехъуыста, ууыл баууæндын, фæлæ сæ фехъуыста, Дрианы дзыхæй цытæ схауд, уыдон фехъуыста… Мырзæ æмæ Ила дæр цавддуртау сагъдæй баззадысты. Ерген ма афæлвæрдта размæ акъахдзæф кæнынил. Фæлæ йын дыууæ-æртæ къахдзæф акæнын йеддæмæ нал бантыст, ногæй та æрлæууыд, йе уæнгтæ сæрæй къæхтæм уыцы æмхуызон рызт ныккодтой, æмæ уæззаугай æрфæлдæхт зæххыл. Мырзæ æмæ йæм Ила сæхи баппæрстой, схæцынмæ йыл хъавыдысты, фæлæ ма сæм Ерген иу каст скодта, стæй сындæггай æрæхгæдта йæ цæстытæ æмæ йыл баталынг, йæ уæздан уды фарн æмæ йæ Уастырджийы зарæгæй кæй фидауын кодта, уыцы рухс дуне…

9

Хуыцау та уыдта алцыдæр. Уыдта, иу хæдзары бинонты аххосæй уыйбæрц æнамонддзинæдтæ æмæ тæригъæдтæ чи бавзæрста, уыцы хъæуы диссæгтæ. Уыдта, Резийы удхæсджыты хæрам нырта хъæубæсты фарны лæджы кæй барвыста мæрдты бæстæм, фæлæ нæдæр Дрианы дзурæнтæ æрæхгæдта, нæдæр уыцы хуыцауысконд лæджы уд бавæрдта… Æнæхъæн комбæстæ кæй Уастырджийы зарæгæй фидыдта, уымæн йæ зарæн дзых бамыр кæйдæр цъаммар дзыхæй схауæг æнæраны ныхасæй. Æмæ та уый дæр ныббыхсыдта Хуыцау, æппæт дæр чи зыдта, алцыдæр чи уыдта, уыцы Бæрзондылбадæг Хуыцау. Каст æмæ уыдта, æнæхъæн хъæубæстæй алкæй зæрдæ дæр куыд фæрыст Ергеныл, алчидæр ыл куыд зæрдиагæй куыдта, Резийы удхæсджыты йеддæмæ. Афтæмæй та уыдон уыдысты Ергены удхæсджытæ дæр, уыдон æй амардтой. Фæлæ уыцы адæммæ, Ергеныл чи фæрыст æмæ куыдта, уыцы хъæубæстæм уæддæр нæ разынд уыйбæрц сæрыстырдзинад, цæмæй сæм хардзау æркæса æмæ сæхиуыл æрхудой, æнæхъæн хъæуæй сæ дæллаг галы бынаты кæй сæвæрдтой, уый тыххæй. Уæддæр сæм нæ разынд уыйбæрц ныфсхастдзинад, цæмæй æмхуызонæй, æмвæнд æмæ æмзондæй райсой, бацæуой æмæ, се ‘ппæт æнамонддзинæдтæ дæр кæцæй цæуынц, уыцы хæдзар цъыбыртты сыгъд бакæной, сæхæдæг Резийы мæгуыр хæдзар куыд басыгътой, афтæ!

Алчидæр æй базыдта, Ергены уарзæгой зæрдæ цæмæй аскъуыд, уый. Дрианы ныхæстæ йæхи хъустæй чи нæ фехъуыста, уыдон дæр сæ базыдтой, чи сæ фехъуыста, уыдонæй. Фæлæ та нынныхъуырдтой

уый дæр, уымæн æмæ сæ алчидæр тарст йæхицæн, йæ бинонтæн. Алчидæр æй зыдта, сæ ныхмæ чи сдзура, уый Резийау йæхи ауындзынмæ æркæндзысты, Ергенау æй зæрдæскъуыд фæкæндзысты… Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр æнæхъæн хъæубæстæй иунæг адæймаг дæр афтæ нæ загъта: алæ-ма, кæд иу хæдзары бинонтæ хъæубæстыдзаг адæмæй нæ тæрсынц, æгас хъæубæсты ницæмæ дарынц, уæд мах цæмæн тæрсæм иу хæдзары бинонтæй, цæмæн сын дæттæм нæ туг нуазыны бар? Кæрæдзиимæ сусу-бусу кодтой, сылгоймæгтæ-иу сæ былтæ сæ армытъæпæнтæй амбæрзтой, афтæмæй сæ карз æлгъыст кодтой, фæлæ се 'лгъыстæй уыдонмæ ницы хæццæ кодта.

Æмæ та сæ Хуыцау дæр ныууагъта сæхи адыл, нымронг куыд цардысты, цардмæ цы цæстæй кастысты, ахæм уагыл…

Ергентæм мæрддзыгой чи цыд, уыцы адæм Ергены мæлæтыл уыйбæрц нал рыстысты, сæ зæрдæтæ Резийы чызджыты тæригъæдæй куыд скъуыдтæ кодтой – иу диссаг уыдонмæ бакæсын уыд!.. Цыма сæ радгай ауындзæнмæ кæнинаг уыдысты æмæ сæ кæрæдзийæ фæхицæн нæ фæндыд, уыйау кæрæдзийыл ныхæстæй нынныгъуылдысты хæдзары иу къуымы æмæ, мæрддзыгой цæуæг адæмæй сæ цæстæнгас æмбæхсгæйæ, зæрдæхалæн куыд кодтой.

…Уыдоны тыххæй фæцис зæрдæскъуыд Ерген. Кæй сæ барæвдыдта, сæ сæрыл кæй сдзырдта, уымæн æм сфыдæх сты Рези æмæ йæ хъæбулты удхæсджытæ, уымæн æй барвыстой мæрдтæм. Уыдон куы нæ уыдаиккой, уæд нырма дæр цардаид æмæ хъæубæсты йæ Уастырджийы зарæгæй фидауын кодтаид. Æмæ ма йæ æфхæрды хуызæн æфхæрдæй дæр куы бафхæрдтаиккой, сæ сæрыл кæй сдзырдта, уый тыххæй йæ æхсгæ дæр куы фæкодтаиккой, фæлæ ахæм æбуалгъ хуызы… Нырма сын сæ мадыл æрымысыдысты ахæм æнагъæддаджы цыдæр, ныр та сын сæхицæй райдыдтой, ахъуыдыгæнæн дæр цæуыл нæй, ахæм тæригъæдтæ дзурын!..

Афтæтæ, ахæм цæуылдæрты хъуыдытæ кодтой чызджытæ æмæ сæхи хордтой, сæхи æргæвстой. Кæрæдзийæн дзургæ ницы кодтой, фæлæ ма се 'ртæ дæр хицæнтæй хъуыды кодтой сæ сæртæ искæдæм фесафынил, хъæубæсты цæст сыл кæм нал ныдзæва, ахæм искæдæм, фæлæ кæдæм?.. Æмæ фесафиккой сæ сæртæ – кæдæмфæнды дæр уæд, ницыуал уæлдай сын у, фæлæ сæ сæ зын рæстæджы хи хъæбултау чи барæвдыдта, уыцы фæрнджын лæгæн йæ дуæрттæ куыд сæхгæной,

йæ къонайы зынг ын куыд ахуыссын кæной? Мæрдтæй дæр сыл йæ зæрдæ куы фæхуддзæн, æмæ йæ сæхицæн куы нæ ныббардзысты.

Устытæй чидæртæ ацархайдтой се 'рсабыр кæныныл, уынгмæ дæр сæ ракодтой, хæдзармæ дæрддзæф ран сæ æрбадын кодтой, цæмæй иучысыл сæхимæ æрцæуой, фæлæ уæддæр ницыуал фæрæзтой се 'рсабыр кæнынæн. Уынгæй-иу мæрддзыгой æрбацæуджытæй искæй хъарæг куы райхъуыст, уæд та-иу дзы хъуамæ исчи уынгæгзæрдæйæ ныдздзынæзтаид:

– Мах аххос у, мах тыххæй фесæфт нæ хъæубæсты фидауцы лæг!..

– Уæй, æгæр ыл ма хæрут уæхи, æндæра уыл ноджы фыддæр истытæ æрымысдзысты, – уый сæм Еуа баппæрста йæ æлхыскъæмхасæн ныхасы хай.

Чызджытæ ахæм зæрдæйыуагыл уыдысты, сæ дудгæ рысты афтæ арф аныгъуылдысты, æмæ рæстмæ хъусгæ дæр нæ фæкодтой, Еуа сын цы загъта, уый… Уый та, Еуайы, цы загъта, ууыл æрлæууын нæма фæндыд, цыдæртæ сæппарынмæ ма хъавыд, фæлæ йæм иннæ устытæ сæ цæстытæ ахæм хъулæттæ скодтой, æмæ уымæй дæр, цыма йе 'взаг аныхъуырдта, уыйау иу сыбыртт нал райхъуыст.

10

Ергены æвæрæн бон райсомæй хур дзæбæх нæма æрæндæвта, афтæ хъæуы адæм æмызмæлд кодтой Ергенты кæрты нæлгоймагæй, сылгоймагæй. Алкæйдæр фæндыд Ергенæн йæ лæггады хай бакæнын, алчидæр сæ йæхи хæсджыныл нымадта Ергены раз, уымæн æмæ йæ уарзтой йæ хæларзæрдæ æмæ рæстаг ахасты тыххæй. Нæлгоймæгтæй æмæ сылгоймæгтæй дæр кæмæ цы 'мбæлд, уый арæзтой, сылгоймæгтимæ змæлыдысты Резийы чызджытæ дæр, цæттæ кодтой, æфснайдтой.

Дзусы дæр фæндыд истытæ змæлын, лæггадгæнджытæн истæмæйты аххуыс кæнын. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу хæдзармæ дæр бахызт, Ергены уæлхъус-иу сæркъулæй алæууыд, сывæллонау-иу ныккуыдта, стæй-иу ахызт уынгмæ æмæ та-иу йæхи нæлгоймаг лæггадгæнджытæн æххуысгæнæг скодта. Арæхсгæ ницæмæ кодта, æмæ йын уыдон дæр ницы аразын кодтой, кæд-иу, æгты уæлхъус чи лæууыд, уыдоны бæсты æгты бынмæ æндзарæнтæ баппæрста, æндæр.

Ендыр дæр та æрбацыд. Хæрзарæстæй, æрвылбон кæй дары, уыцы пысулты нæ, – йæ райст-бавæрд дарæс скодта абон. Дысон дæр ам уыд, Ергенæн йæ фæстаг æхсæв. Æрбацыд та, Резийы тыххæй куыд æрбацыд,

афтæ, фæлæ ацы хатт уынджы хибар ран нал слæууыд, фæлæ худаистæй бацыд Ергены табæты цурмæ æмæ йæ уæлхъус æрлæууыд. Йæ къух дæр ыл авæрдта. Лæууыд æмæ… куыдта. Йæ цæссыгтæ уадысты йæ рустыл, фæлæ сæ нæ сæрфта. Дзæвгар алæууыд мадзурайæ, стæй рахызт уынгмæ, йæ худ йæ сæрыл ныккодта æмæ ацыд. Æмæ та йыл ацы хатт дæр фæдис кодтой хъæубæсты адæм, ноджы тынгдæр ыл фæдис кодтой. Ныр æй дыккаг хатт федтой зианы фæдыл искæдæм йæ къах бавæргæ. Никуы никæдæм фæцæуы, нæдæр зианмæ, нæдæр цины хъуыддæгтæм. Фæлæ Рези æмæ Ергены тыххæй æрбацыд. Стæй ма цæуыл фæдис кодтой хъæубæстæ: Резийæн йæ цурмæ нæ бацыд, Ергенæн йæ уæлхъус дæр алæууыд, йæ къух дæр ыл авæрдта. Æвæццæгæн уымæн, Рези сылгоймаг кæй уыд, Ерген та – нæлгоймаг. Æмæ сæм уый уæлдай диссаг фæкаст. Хъæубæстæй алкæмæ дæр. Хæдзонд адæмæй рагæй кæй хицæн кæны, фæлæ, уыцы хæдзонд адæмимæ абаргæйæ, уымæн йæ удысконды æнæлаз æмæ уæздандзинад бирæ бæрзонддæр кæй сты, уый тыххæй. Абон мидæмæ, хæдзармæ, нал бахызт, æмæ та йыл уый тыххæй дæр фæдис кодтой – æвæццæгæн, фагыл банымадта, дысон кæй бацыд йæ цурмæ, уый. Лæууыд уынджы кæрон, адæмы кæм нæ хъыгдардтаид, ахæм ран. Æмæ йыл зынд, ацæуынмæ кæй нæ хъавы, йæ лæудæй бæрæг уыд, цалынмæ Ергены рахæссой æмæ йæ уæлмæрдмæ афæндараст кæна, уæдмæ йæм цæуыны фæнд кæй нæй.

Уæдмæ сихорафон дæр ссис, кæстæртæ хистæртæн, мах цæттæ стæм, зæгъгæ, загътой, æмæ уæд хистæртæ дæр бакъорд сты иу ранмæ. Æмæ уыцы æмхуызонæй сæ цæстæнгас Иламæ сарæзтой: ныр уый хъуамæ уа хистæрыл нымад, Ергены фæстæ сæ хъæуы нæлгоймæгтæй уымæй хистæр ничиуал ис. Æмæ Иламæ дæр уæлдай хатыны сæр нал бахъуыд, дыууæ лæджы ма бамбал кодта йæхицæн, кæстæртæй иу цалдæрмæ адзырдта, æмæ бахызтысты мидæмæ, цæмæй Ергенæн рухс зæгъой æмæ йæ рахæссой.

Табæт цалынмæ æддæмæ хастой æмæ йæ кæрты æрæвæрдтой, уæдмæ бæстæ марой фестад, цæрынхъуагыл дæр ахæм зæрдæбынæй никуы куыдтой, уыйбæрц цæссыг, хæсты сын чи бабын, уыдонæй дæр никæуыл фæкалдтой. Алкæмæй тынгдæр куыдтой Резийы чызджытæ, сæ зæрдæтæ сæ риутæй сцæйхаудтой, фæлæ уыдон хъæрæй кæуын, хъарæг кæнынтæ-йедтæм сæ ныфс нæма хастой, нырма сын ахæмтæн раджы уыд, æмæ сыл фидаугæ дæр не скодтаид, уымæ гæсгæ куыдтой æгомыгæй, сæхи æхсадтой сæ судзгæ цæссыгæй.

Ила йæ цæст мæрддзыгой адæмыл ахаста æмæ сæм бахатыд, цæмæй сæхи фæуромой, иу чысыл сæ кæуынæй фæлæууой. Ныхас дæр йæхæдæг ракодта. Бирæ нæ фæдзырдта, цыбыртæй, фæлæ йæ алы дзырд дæр фæндаг ардта мæрддзыгой адæмы зæрдæтæм:

– Хорз адæм, афтæ нæ зæгъдзынæн, нæ лæугæ хох, нæ цæугæ мæсыг рафæлдæхт, уымæн æмæ-иу нæ фыдæлтæ афтæ дзырдтой, иудадзыг сæ фæдисон чи уыд, сæ цард сын чи хъахъхъæдта, ахæм хъæбатыртæй. Ерген уыцы кары нал уыд, цæмæй йæ нæ лæугæ хох æмæ нæ цæугæ мæсыг схонæм, фæлæ афтæ куы зæгъон, нæ хъæубæсты фарн амард, уæд нæ фæрæдидзынæн. Цы уавæры стæм, нæ хъæубæстæ цы уагмæ æрхаудта, уый нын Ергены мæлæт дæр фенын кодта, кæд ма уынынхъом æмæ хъуыды кæнынхъом стæм, уæд. Æмæ ма уыцы уæззау уавæры ныфс кæмæй æвæрдтам, ныр уыцы куырыхон лæджы, нæ фарны хистæрæн йæхи дæр, фæндараст кæнæм йе 'нусон бынатмæ. Гъемæ нæ хæрзаудæн кæнæд, марды ацыд хорзæн нæ вæййы, фæлæ Ерген йæ рæсугъд уды фарн уымы бæстæм цы нæ ахæсса, фæлæ йæ уæлион дунейы, мæнæ йæ уарзон хъæубæстæн цы ныууадза, ахæм арфæ нæ уæд. Йæхæдæг та йе 'цæг дунемæ цæуы, æмæ дзы йæ цардцух хъæбултимæ кæрæдзи цинæй бафсæдæнт!

Илайы ма, чи зоны, ноджы истытæ зæгъын фæндыд, фæлæ йæ ныхæстæм мæрддзыгой адæм ахæм хъæрæй ныккуыдтой æмæ, уыцы тæккæ арв ныннæрыд, зæгъгæ, уæд æй ничи фехъуыстаид. Ила дæр ницыуал загъта, мæрддзыгой адæмæн фадат радта сæ удты рыст ныллæмарынæн.

Ахæм цæмæдæрты никæй æвдæлд, фæлæ дыууæ боны дæргъы Ергены уæлхъус цы адæм змæлыд, уыдонæй кæмæдæрты диссаг фæкаст, Дзус ыл иу цæссыг дæр кæй нал æрæппæрста, уый. Бон-иу цал хатты бацыд йæ цурмæ, цал хатты-иу æркалдта судзгæ цæссыгтæ, ныр, Илайы раныхас æмæ мæрддзыгой адæмы маройæ зæхх дæр скъуыдтæ куы кæны, уæд нæ кæуы, лæууы марды дæлфæдтæм æмæ йын æдзынæг кæсы йæ мæрдон цæсгоммæ. Марды чырын куы систой, уæд адæмы кæуын ноджы фæтынгдæр, фæлæ та Дзусы цæсгомыл иу нуар дæр нæ фезмæлыд, нæдæр йæ фæстæ цæугæйæ скуыдта – цæуылдæр тыхст, йæхимидæг рафт-бафт кодта, цыма йæ цыдæр саразын йе та марды фæдыл цæуæг адæмæн исты зæгъын фæндыд. Фæлæ йæ цы фæндыд, уый куыд бамбарын кодтаид, уый нæ зыдта, æмæ сдыууæрдæм йæ мæгуыр уд. Æмæ, хъæуæй куы ахызтысты, уæд тыхстæй цыдæртæ гуым-гуым кæнын райдыдта:

– Ӕæ-æз, æз-з… Хъуа-амæ Ер-рген-ыы бææ-сты… Хъуа-амæ йææ…

Фæлæ йын ничи ницы бамбæрста йæ ныхæстæй, цæуыл тыхст, цы йæ фæндыд, уыдæттæн. Ӕмæ сыл уый дæр йæ къух ауыгъта, тæргайгæнæджы уыгъд. Дзус. Хъæуæй уæлмæрды ‘хсæн цы къуылдым ис, Худисæн къуылдым кæй хуыдтой, уый бынмæ куы фæцæйхæццæ кодтой, уæд Дзус мæрддзыгой адæмæй фæхицæн æмæ тæссæртты лыгъд радта къуылдымы ‘рдæм. Чидæртæ йæ федтой, чидæртæ йæм сæ хъус дæр адардтой, фæлæ йын йе ‘нахуыр митæн уадиссаг нысаниуæг ничи радта – рынчын, зондцух адæймаг у, цы хæйрæджытæ фæмидæг сты йæ уды, йæ хæццæ зонды…

Ничи йын бадис кодта йе ‘нахуыр митыл, фæлæ къуылдымы бынмæ куы бахæццæ сты, уæд ма сын цынæ дисгæнгæ уыди…

Уæй, уой, бæрзондылбадæг урсбоцъо сыгъзæрин Уастырджи,
Ой, табу дын уа, сыгъзæрин фестинаг...

Адæм фергъуыйау сты, чидæртæ дзы лæугæ дæр æркодтой æмæ сæхиуыл дзуæрттæ афтыдтой: уый та ма цы хингонды хабар у, хъæубæсты фарны лæджы уæлмæрдмæ куы фæхæссынц, уæд цавæр зарын у!..

Фæлæ зарæг, Уастырджийы зарæг, цыма Ерген йæхædæг систа, йæхи, йæ минмырон хъæлæсæй… Ергены хъæлæсы хуызæн та кæцæй хъуамæ уыдаид – ницæй тыххæй уыдаид, уымæн æмæ Ергены хъæлæсæн, йæ Уастырджийы зарæгæн æмбал нæ уыд, ничиуал æй раивдзæн… Фæлæ æввахс, тынг æввахс лæууыд Ергены Уастырджийы зарæгмæ, мæнæ ныртæккæ кæмæ хъусынц, уыцы зарæг. Йæ хъæлæс дæр æмæ зарæгæн йæ ныхæстæ дæр. Ӕмæ сдыгъуырццæг сты адæм. Ӕмæ кæрæдзимæ бакæс-бакæс кодтой, фæрсæджы каст – кæд сæ хъустыл уайгæ кæны Ергены хъæлæс?.. Нырæй фæстæмæ йын йæ Уастырджийы зарæг кæй никуыуал фехъусдзысты, ууыл кæй хъуыды кæнынц, уый тыххæй уайы сæ хъустыл йæ хъæлæс…

Уæдмæ дын чидæртæ уæлæмæ куы фæкæсиккой, уæлæ Худисæн къуылдыммæ, æмæ джихæй куы баззаиккой: къуылдымыл лæууыд Дзус æмæ зарыд ныллæг, фæлæ зæлланггæнаг хъæлæсæй, Ерген-иу куыд зарыд, афтæ!..

О Дунескæнæг! Дзус, æнамонд Дзус, Уасоты зондцух æмæ къæзæнæг лæппу, дыууæ дзырды кæрæдзийыл бабæттын кæй бон никуыма бацис, уыцы Дзус!..

Уæй, ой, байрагæй бæхгæнæг, лæппуйæ лæггæнæг Уастырджи,
Ой, табу дын уа, табуйаг чи у, уыцы Уастырджи,
Уæй, ой, сыгъзæрин фестай, урсбоцъо сыгъзæрин Уастырджи!..

Зарыд Дзус æмæ зарæг иста бæрзондæй бæрзонддæр.

Дзус… Æнæхъæн хъæубæстæ рынчын æмæ сæрхъæнæй кæй тыдтой, æрмæстдæр уыцы Дзусы зондмæ æрцыд Ергены йæ фæстаг фæндагыл йæ уарзон зарæгимæ афæндараст кæнын…

Ахæм хъуыды æрцыд æрмæстдæр уымæ, Дзусмæ! Æррайæ, зондцухæй йæ чи тыдта, уыдонæй искæмæ нæ – æрмæстдæр уымæ. Дзусмæ…

11

Дыккаг бон дæр та, Ергены цы бон бавæрдтой, уымæн йæ дыккаг бон, хъæубæсты адæм, куыд æнхъæл уыдысты, афтæ райдыдта Ендыры раныхасæй:

– Зынаргъ æмбæлттæ, абон нæ ныхас райдайдзыстæм пролетариаты нырыккон райхалинаг фарстатæй. Æмæ банысан кæндзыстæм, марксизм-ленинизмы идеологи лæмæгъ кæй разынд, уымæ гæсгæ нæ цард фæстæмæ кæй алæууыд. Абон нæ хъæуынц пролетариаты принциптæ, уымæн æмæ нын цард куыд фенын кодта, афтæмæй мах нæхицæн куы нæ уæм, уæд нæ бæсты фæтк ничи æрæвæрдзæн. Пролетариат у социалон къласс, æрмæст дæр йæхи хъаруйæ чи цæры, искæмæй разгъæлгæ æфтиагæй нæ, фæлæ. Махæн не ‘хсæн уыд сылгоймаг, цард йæхи тыхæй, хъомыл кодта сывæллæттæ, æмæ йын уыцы сæвæллæтты кæй хъыгдардтой, уый тыххæй йæ къух систа йæ цоты знагмæ, амардта йæ. Уыцы сылгоймагæн æрмæст йæ сывæллæтты нæ хъыгдардтой, йæхиуыл дæр ын æрымысыдысты туг-тæригъæдтæ æмæ йæ æркодтой йæхи æрцауындзыны онг. Фæлæ уымæн бантыст революци саразын, йæ мæлæтæй адæмы райхъал кæнын. Пролетариат фæуæлахиз, сылгоймаг нын фенын кодта, нæхи ауындзынмæ кæй æрцыдыстæм, уый, æмæ уыцы ауындзæнæй кæй ничи аирвæздзæн, куы нæ райхъал уæм, уæд…

Куы нæ райхъал уæм, уæд фесæфдзыстæм, зынаргъ æмбæлттæ!

Мах лæмæгъ кæй разындыстæм, уый та сын ноджы ныфс радта, æмæ ныр та амардтой хъæубæстæн иумæйаг зынаргъ адæймаджы. Уый нысан кæны, æмæ афтæ мардзысты алкæй дæр, мах нæ сафæг хæрамдзинады ныхмæ революци куы нæ саразæм, уæд!

Адæм та, хъæубæстæ, сæхиуыл дзуæрттæ æфтыдтой.

Ай мæнæ бынтон диссæгтæ куы дзуры!

Ныронг дæр ын дис кодтой йæ ныхæстыл, æмæ йыл куыд нæ хъуамæ дис кодтаиккой, хуымæтæджы ныхас-иу куы нæ кодта, мыййаг, уыцы базырджын, фенæг лæджы ныхæстæ. Хъуыды та-иу сæ кæцæй æркодта, хъуыды, йæ мард макуы фесæфа!.. Фæлæ-иу ныронг, хъæубæсты фылдæр æмбаргæ дæр кæмæн ницы кодтой, ахæм цыдæртæ дакъулад кодта, ныр та дзуры комкоммæ, кæд номхуындæй никæй кой скодта, уæддæр дзуры сæхи хъæуы æрцæугæ хабæрттыл.

Æмæ та, сæ райсомы зылдтытыл чи уыд, уыцы хъæубæсты адæм сæ митæ фæуагътой, чи та тыргъæй раивæзта йæ къубал, чи йæ хъуг дуцын фæуагъта, чи цы, афтæмæй ныджджих сты, се ‘ргом Ногъайты ‘рдæм саразгæйæ, хъустæ фестадысты.

– Диссæгтæ, мæнæ æмбисондæн хæссинаг диссæгтæ куы цæуы ацы зæххыл! Хъусут æм, хъусут? – кæрæдзимæ дзырдтой кауæмбæндты сæрты.

– Хъусæм æм, хъусæм, уæдæ йæм нæ хъусæм – ай мæнæ фыны фенгæ диссæгтæ куы хауы йæ дзыхæй, уæд æм цы нæ хъусгæ ис!..

Ныр та кæд рахызт зноны æрцæугæ хабармæ. Ендыр. Зноны онг сæ хъæубæсты адæм хъусгæ дæр кæй никуы фæкодтой, знон Дзус, Уасоты рынчын æмæ зондцух лæппу Дзус, цы сарæзта, уыцы æнахуыр хабармæ:

– Знон та нæм æрцыд ног революци, æмæ йæ сарæзта рынчын адæймаг, чи йæ хъуамæ сарæзтаид, уыцы адæм нæ, фæлæ бынтондæр æнхъæл кæмæй нæ уыдысты, ахæм. Махмæ раджы амард цивилизаци, гуыргæ дæр нæм нæ ракодта, афтæмæй. Цивилизаци нæм амард, мах нæхиуыл фæстæмæ дурын æнусы æфсондз сæвæрын куы бауагътам, уæд. Иу хæдзары бинонтæ æнæхъæн хъæуыл хъадамантæ бакодтой æмæ сæ сæхицæн фæсдзæуинтæ скодтой, сæ ныфс, сæ ныхасы бартæ сын байстой æмæ сæ коммæгæс цагъартæ сарæзтой…

– И?.. Æй, дæ бындар куыд фæдæ, Ендыр, ай хæст куы расидт, хæст!..

– Гъе-гъе, афтæ, Ендыр, афтæ, хуыздæр фæу!

– Уæллæй, хорз сæм дзы балæвæрдта, дзæбæх сæ сриуыгъдтытæ кодта, хуыздæр нæ хъæуы!

– Уæ хорзæхæй, хъусгæ ма уал æм бакæнут, дис ыл уый фæстæ кæндзыстут, – зæрдиагдæрæй йæм чи хъуыста, уыдонæй чидæртæ бабуцтæ кодтой дзурджытыл.

– Фæлæ знон, – уыцы дзæбæх хъæрæй дзырдта Ендыр, – хъæубæсты

ӕрцыд, царды ныфс та нӕ чи бауагъта, ахӕм ӕнӕрцӕугӕ хабар – хъӕубӕсты кадджын лӕджы уӕлмӕрдмӕ фӕндараст кодтой зарӕгимӕ. Ӕмӕ уыцы мидисджын ӕмӕ рӕсугъд хъуыды райгуырд, бынтондӕр ӕнхъӕл кӕмӕй нӕ уыдысты, ахӕм адӕймаджы зонды. Уый та нысан кӕны, ӕмӕ ӕнхъӕлмӕ кӕсӕн ис алцӕмӕ дӕр. Нырма нӕм ис, искӕмӕй ӕрбайсгӕ, ӕцӕгӕлон идеологи нӕ, фӕлӕ, нӕхи туджы чи ис, ахӕм. Революци уый нӕ нысан кӕны, цӕмӕй адӕм ӕд хотыхтӕ растой ӕмӕ туг ныккалой, революци нысан кӕны цардыуаг ӕмӕ цардмӕ адӕмы ахаст фӕивын. Адӕм рӕдыд фӕндагыл ацыдысты, Октябры революци куы сарӕзтой, уӕд, уымӕн ӕмӕ бӕстӕ фӕкодтой туджы лӕсӕнты бын. Ныр та ӕндӕр дуг у, ӕмӕ ныр революци аразын хъӕуы ног принциптӕм гӕсгӕ…

Дзырдта ӕмӕ дзырдта Ендыр, фӕлӕ йӕм ныр афтӕ цымыдисӕй ничиуал хъуыста – ӕгӕр та, дам, ныпъпъалитъикъа кодта йӕ дакълад, арвистон та, дам дзы сарӕзта… Ныр сын, йӕ ныхӕстӕй йын цытӕ бамбӕрстой, уыдон дӕр фаг уыдысты, цӕмӕй, се 'рмттӕ кӕрӕдзийыл цӕгъдгӕйӕ, дис кодтаиккой, Ендыр цытӕ зӕгъын бауӕндыд, уыдӕттыл.

– Омӕ… Ды мын мацы кӕн, Хуыцау… Раздӕр-иу хӕйрӕджыты ӕвзагӕй ӕнӕхъӕн бон куы дзырдта, хъӕубӕстӕм бынтондӕр чи ницы бар дардта, ахӕм цӕуылдӕрты. Ныр ын цыма хин счынди – къӕссавӕлдӕхт куыд фӕцис, Хуыцау мын мацы кӕна! Зонгӕ та кӕцӕй бакӕны, зонгӕ, хъӕубӕсты цыдӕриддӕр ӕрцӕуы, ӕппӕт уыдӕттӕ афтӕ лыстӕджыты кӕцӕй базоны?.. – чидӕр сӕ йӕхиуыл дзуӕрттӕ дӕр афтыдта.

– Уый зӕгъай… Никӕимӕ дын ныхас акӕндзӕн, топп ыл куы ныццӕвай, уӕддӕр ӕй ницӕмӕй равдисдзӕн, афтӕмӕй дзы ницы ирвӕзы… Уӕллагхъӕуӕй Дӕллагхъӕумӕ, Бечезтӕй Ногъайтӕм цыфӕнды ма 'рцӕуа, уайтагъд йӕ былалгъыл абады!

– О, фӕлӕ ацы хатт ӕгӕр цӕхджынтӕй нӕ сагайдта?..

– Ома йын батайдзысты?..

– Кӕцӕй йын батайдзысты, уыцы дӕрзӕг ныхӕстӕ цы 'гъдауӕй аныхъуырдзысты, кӕй сагӕйдтытӕ кодта, уыдон… Нӕ, сӕ бынысккъуыд куы айхъуыса, уӕддӕр ын ницӕй тыххӕй ныббардзысты…

Афтӕ кӕрӕдзимӕ ныхасӕппарӕнтӕ кодтой чидӕртӕ. Цыдӕртӕ фаудтой Ергены ныхӕстӕй, бирӕ цӕуылдӕртыл разы уыдысты, цӕуылдӕртыл ницӕй тыххӕй разы кодтой. Иуӕй-иу ныхӕстӕ та дзы ӕмбаргӕ дӕр нӕ кодтой, афтӕмӕй сӕм сӕхи зондӕй цыдӕртӕ ӕфтыдтой.

Фӕлӕ сӕ алкӕмӕй растдӕр разынд, фӕстаг ныхасӕппарӕн чи

бакодта, уый – Ендыр йæ раныхасæн йе ‘мбисмæ дæр нæма бахæццæ уыдаид, йæ дакъладыл ын уæхскуæзæй чи уынаффæ кодта, уыдон сæ зæгъинæгты дзæкъулбастæн йæ ком бабæттыныл хъуыды дæр нæма акодтой, афтæ чидæртæ фæкастысты æмæ… Уæртæ Сала, йæ мæрддзагфæуинаг райст-бавæрд дарæс йæ уæлæ, афтæмæй уыцы фæдисцыд æмæ ракæнонхуызæй комы фæндаджы ‘рдæм ауырдыг кодта…

Æмæ уыйадыл ныссабыр сты иууылдæр. Ендырæй фехъусæггаг хабæрттыл уынаффæгæнджытæ. Цыма сын исчи сæ дзыхтыл цъуттатæ авæрдта – дзургæ сæ ничиуал ницы скодта, фæлæ сыл фæзынд, тынг бæрæгæй сыл разынд, цыдæр тасдзинад та кæй банкъардтой, цыдæр фыдбылызмæ та сæхи кæй æрцæттæ кодтой. Иудзæвгар ма, кæмыты лæууыдысты, уымыты æфсоны лæудтытæ акодтой, стæй сæ чи цыма йе ‘хсыр скалди кæнæ æндæр истæй æфсон хæдзары фæмидæг, чи та мадзурайæ бауырдыг йæ райсомы зылдтытыл.

Цыма сæ бынтондæр ничи ницы фехъуыста, цыма бынтондæр ницæуыл дзырдтой…

Фæлæ Ендыр дзырдта, уый дарддæр кодта йæ ныхас. Нæ федта – æмæ йæ куыд хъуамæ федтаид – уалæ кæцæй кæдæм дард уыди уырдæм, Сала йæ райст-бавæрд дарæсы кæдæмдæр куыд ацыд, уый, стæй йæ куы федтаид, уæддæр не ‘рлæууыдаид йæ дзурынæй…

12

Уыцы бон кæуыл иу мæйы бæрц ныйивæзт, кæуыл афæдзы дæргъæнæй ацыд… Салайы кæдæмдæр, кæдæмдæр цы, – горæтмæ цæугæ чи нæ федта, уыдоныл дæр айхъуыст, уыдон дæр æй базыдтой, æмæ та иууылдæр зæрдæдзурæнты ныххаудысты: цыдæр фыдбылыз та сæм æнхъæлмæ кæсы, æнæмæнг та исты æнамонд хабар фехъусдзысты, цыдæр та сын ныффæнд кодтой!

Уыцы тæккæ хосгæрдæн афон, ахæм удисæн куысты рæстæг йæ зæрдæ кусынмæ дæр никæмæнуал рад, æнæхъæн хъæубæстæй иу цæвæгджын кæрдынмæ нæ ацыд. Исчи искæйты истæмæйты афарстаид кæнæ, Сала ахæм фæдисы цыдæй кæдæм æмæ цæмæн хъуамæ ацыдаид, уый тыххæй искæмæн исты загътаид, уымæ дæр ничиуал хаста йæ ныфс – цы нæ вæййы, æвзаг бæхыл бады, иу Еуайы хуызæн исчи сæм ныхас баскъæфдзæн, æмæ дæ сывæллæтты ралгъитæг Рези æмæ Ергены хал ахæрдзæн!..

Ӕмӕ сын уый ноджы цырындӕр кодта сӕ цымыдис – исты дзурӕн, истӕмӕй бафӕрсӕн сын кӕй нӕ уыдис, уый. Ӕмӕ ӕнхъӕлмӕ кастысты, кӕд сыл баизӕр уыдзӕн, уымӕ – цы уыдзӕн, цы та сыл ӕрцӕудзӕн…

Хатгӕ йӕ алчидӕр кодта, алчидӕр ӕй ӕмбӕрста, ӕнӕмӕнг Ендыры тыххӕй кӕй уыдаид йӕ ацыды сӕр – куыддӕр уыдоны кой скодта, афтӕ фӕцӕуӕг кодта йӕхи горӕтмӕ, фӕлӕ йын цы аскъуыддзаг кодтаиккой, рынчын, ӕрдӕглӕг куы у, ахсын ӕй куы нӕ ӕркӕндзысты, мыййаг?

Ахӕм зӕрдӕдзурӕнты уыдысты чидӕртӕ, бӕлвырддӕр зӕгъгӕйӕ, алчидӕр. Фӕлӕ алчи нӕ хъуыды кодта ууыл, Ендыр рынчын, ӕрдӕглӕг кӕй у, уый йын кӕй ницы баххуыс кӕндзӕн, уымӕн ӕмӕ йӕ хорз зыдтой, рынчын ӕмӕ ӕрдӕглӕгӕн дӕр кӕй нӕ фӕхатыр кӕндзысты… Кӕмӕфӕнды фӕкомкоммӕ уӕнт, ӕрбайсафдзысты йӕ!

Ӕниу уыцы бон ӕрмӕстдӕр Салайы ӕрбацыдмӕ кастысты ӕнхъӕлмӕ. Ома кӕд исты фыдбылыз ныффӕнд кодтой, уӕддӕр ын дыккаг бон уыдысты ӕрцӕуинаг, иу бонмӕ иуулдӕр кӕцӕй ацарӕзтаид хъуыддӕгтӕ?..

Сала, хур ныгуылынхъус уыд, афтӕ ӕрбацыд. Ӕмӕ йыл зындис, ӕнӕхъуаджы цыд кӕй нӕ фӕцис. Уымӕн ӕмӕ комкоммӕ хӕдзармӕ нӕ бацыд, сӕ дуармӕ ма дыууӕрдӕм арацу-бацу кодта йӕ райстбавӕрд дӕрӕсы, цӕмӕй йӕ уыной чидӕртӕ ӕмӕ се уӕнджы мигъ бада, зоной йӕ, ацы хъӕубӕсты хицау, ӕппӕтхъом чи у, уый. Ӕмӕ йӕ уыдтой. Уыцы сӕрыстырӕй цас фылдӕр ӕмӕ даргъдӕр санчъехтӕ кодта сӕ хӕдзары раз, уыйбӕрц тынгдӕр райдыдта се уӕнджы мигъ бадын, чи йӕ уыдта, уыдонӕн… Ӕмӕ йӕ ӕлгъыстой, сӕхимидӕг ӕй ахӕм ӕлгъыст кодтой, уыцы райст-бавӕрд дарӕс йӕ мӕрддзаг куыд фӕуа, абоны ацыд ын фӕстаджы цыд куыд фӕуа горӕтмӕ, абон ыл йӕ фӕстаг бон куыд баизӕр уа, ахсӕв ыл куыд нал сбон уа!..

Фӕлӕ та йыл сбон Салайыл дӕр ӕмӕ хъӕубӕстӕй алкӕуыл дӕр. Куы сбон, уӕд нӕма зыдтой, цы та сыл ӕрцӕудзӕн, уый, фӕлӕ цыдӕр ӕнӕмӕнг кӕй ӕрцӕудзӕн, уый дызӕрдыггаг никӕмӕн уыд. Сала фыццаг хатт нӕ ацыд горӕтмӕ, фӕлӕ сын сӕ алы ми, сӕ алы фезмӕлдыл дӕр афтӕ сахуыр сты хъӕубӕстӕ, се уӕнджы сӕ, ӕцӕгӕйдӕр, ахӕм мигъ бады, афтӕ тынг сӕ тӕрсынц ӕмӕ, сӕ алы къахдзӕфы фӕстӕ дӕр цы уыдзӕн, уый развӕлгъау фӕхатынц. Знон дӕр та хуымӕтӕджы цыд кӕй нӕ акодта, кӕйдӕр фесафыны охыл кӕй уыд горӕты, уый дӕр рагацау фӕхатыдысты. Сала цъалайы фӕндагмӕ дӕр нӕма ныххӕццӕ, афтӕ хъӕубӕсты адӕм сӕхимӕ хъусынтыл, катӕйттыл уымӕн фесты.

Ӕмӕ… Нӕ та фӕрӕдыдисты. Сӕухизафон уыдаид, афтӕ комы фӕзилӕнӕй нырма хӕдтулгӕйы гуыв-гуыв ӕрбайхъуыст, стӕй та зынгӕ ӕрбакодта. Иу стыр сау хӕдтулгӕ. Сау кӕй уыд, уымӕй ноджы тынгдӕр банкъуыстысты, чи йӕ ауыдта, уыдон зӕрдӕтӕ. Хӕдтулгӕ- вӕндаг сӕм куырӕйтты цурӕй дарддӕр нӕ цӕуы, ӕмӕ, уыцы хӕдтулгӕ куырӕйтты цур куы баурӕдта, уӕд иууылдӕр цӕстытӕ фестадысты – чи кӕнӕ дзы читӕ рахиздзӕн, стӕй кӕцырдӕм ацӕудзысты… Ӕмӕ федтой: хӕдтулгӕйы кабинӕйӕ рахызт дыууӕ лӕджы ӕмӕ уӕлӕмӕ, Ногъайты ‘рдӕм, ахӕрд кодтой. Чидӕртӕ сӕхи Хъугомы кӕронмӕ айстой, уырдӕм хуыздӕр зынынц куырӕйттӕ дӕр ӕмӕ Ногъайты сых дӕр.

Ендыр алы хатт дӕр, адӕм куыддӕр сӕ райсомы зылдтытӕм бавналынц, афтӕ ралӕууы сӕ мусы чъилыл ныхас кӕнынмӕ, ныр, цыма райсомӕй нырмӕ уыцы сау хӕдтулгӕйы ӕрбацыдмӕ ӕнхъӕлмӕ каст ӕмӕ уымӕн байрӕджы кодта… Уыцы дыууӕ лӕджы ма иудзӕвгар суайын хъуыд мусы тигъы онг, афтӕ райдыдта дзурын:

– Зынаргъ ӕмбӕлттӕ, мах хъуамӕ арӕхӕй-арӕхдӕр дзурӕм пролетариаты размӕцыд ӕмӕ коллективон солидарондзинадыл. Адӕймаг хъуамӕ уа сӕрибар, фӕлӕ уый афтӕ нӕ нысан кӕны, цӕмӕй адӕймаг цӕра ӕрмӕстдӕр йӕхи уды хӕрзӕбонӕн. Хъуамӕ нын алцӕмӕй сӕйрагдӕр уа адӕймаджы удӕй тасдзинад фесафын, хъуамӕ алчидӕр йӕ къух сиса хӕрам ӕмӕ фыдӕхы коммӕ кӕсыныл, ӕмӕ йӕ уды сӕрибары фӕрцы цӕуа рухсмӕ. Ӕрмӕст уыцы рухсмӕ цӕуын хъӕуы иумӕ, иунӕджытӕй нӕ, фӕлӕ ӕмбырдӕй, ӕнӕ иудзинад рухс цардӕн уӕвӕн нӕй…

Уыцы дыууӕ лӕджы Ногъайты сыхмӕ куы сӕввахс сты, уӕд уӕлӕмӕ, хъӕумӕ нӕ, фӕлӕ фӕндагӕй иуварс фӕзылдысты ӕмӕ сӕ ных кӕд сарӕзтой мусмӕ, комкоммӕ Ендырмӕ.

Ендыр сӕ, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, ницӕмӕ ӕрдардта, афтӕмӕй дарддӕр кодта йӕ ныхас. Уыдон алӕууыдысты йӕ уӕлхъус, дзургӕ йӕм исты скодтой ӕви нӕ, уымӕн ничи ницы базыдта, фӕлӕ сӕм Хъугомы кӕронӕй чи каст, уыдон федтой, уыцы дыууӕ лӕджы Ендырмӕ куыд фӕлӕбурдтой, фӕйнӕрдыгӕй йын йӕ цӕнгтыл куыд фӕхӕцыдысты ӕмӕ йӕ уалӕ фӕндаг-фӕндаг ласӕгау куыд ракӕнынц…

Ӕмӕ лӕгтӕ джихӕй лӕугӕйӕ баззадысты. Хъугомы фаллаг фарс чи ӕрӕмбырд, уыцы лӕгтӕ. Уӕдмӕ Ногъайты ‘рдыгӕй райхъуыст сылгоймаджы кӕуын – Ендыры цардӕмбал Насутка сӕ фӕстӕ ӕрцӕйлыгъд уырдыджы ӕмӕ куыдта, афтӕмӕй сӕм хъӕр кодта:

– Чи стут, кæдæм æй фæкæнут, цы уын кодта, йæ мæгуыр уды тæригъæд уæ фæдыл æфтыд фæуа?!..

Уыдон æй цыма хъусгæ дæр нæ кодтой, фæстæмæ дæр нал фæкастысты, фæстæмæ.

Лæгтæ уыдтой æмæ хъуыстой алцыдæр, фæлæ сын цы кæнгæ у, уымæн ницы зыдтой æмæ кæрæдзимæ фæрсæджы каст кодтой. Уæдмæ сæм æрхæццæ Мырзæ дæр. Уый, æвæццæгæн, сæхицæй каст æппæт уыцы хабæрттæм, уыдонмæ Ногъайты сыхæй алцыдæр комкоммæ зыны, æмæ ма йæ йæ зæнгты тых цастæ амыдта, уыйбæрц тындзгæ цыдæй æрхæццæ иннæ лæгты цурмæ.

– Цæмæ ма кæсут, гормæттæ, нæ йæ уынут, уыцы мæгуыр лæгæн цы кæнынмæ хъавынц?!

– Ды, æвæццæгæн, бæлвырддæр истытæ зоныс, Мырзæ… – сæ цæстытæ йæм ныццавтой лæгтæ.

– Æррадонмæ йæ фæкæнынц! – мæстыйæ загъта Мырзæ. – Иу бон Сала кæмæндæрты афтæ æппæлыд, куыддæр ма, дам дзы – Ендырæй дзырдта – махырдæм иу цъар ныхас, иу уæлдай ныхасæппарæн дæр фехъусæм, афтæ, дам ын бынат ссардзыстæм, нæ гыццыл мæлинагæн куыд ссардтам, афтæ.

– Гъерри-гъа, – сæ сæртæ уыцы æмхуызон нынкъуыстой хъæуы лæгтæ, цыма сын Мырзæ цы загъта, уый бынтон æнæнхъæлæджы хабар уыд, цыма сæ знонæй нырмæ алчидæр ахæм цæмæдæр не ’нхъæлмæ каст, уый дис ныккодтой…

– Æмæ уæдæ куыд, цы бакæнæм? – чидæр дзы йæхи мæгуыры къултæ бакодта.

– Цы хъуамæ бакæнæм, хæлиудзыхæй сæм кæцæй кæсдзыстæм? Ныццæуын хъæуы сæ размæ, чи зоны нæм байхъусой, цы нæ вæййы, – загъта Мырзæ æмæ фæцæуæг куырæйтты ’рдæм.

– Æмæ уыдон та, уыдон, Мырзæ? – сурæгау æй кодта Пора.

– Чи уыдон? – цæхгæр æм фæзылд Мырзæ.

– Уыдон, æррадонмæ йæ чи кæнын кæны, уыдон, Сала æмæ…

– Тæрсут?.. – йæ мигъбадт цæстытæй Порайæн йæхимæ дæр æмæ иннæ лæгтæм дæр уайдзæфгæнæджы кæстытæ скодта Мырзæ. – Гъемæ тæрсут, уæ бар уæхи! Мæнæн мæ бон нал у алы бон ахæм диссæгтæм кæсын. Цы уа, уый уæд. Иу мæлæт дарын Хуыцауæй, æмæ æрвылбоны маст æмæ худинагимæ цардæй кæд бирæ æвзæрдæр нæ уаид уыцы мæлæт!

Æмæ ауырдыг кодта куырæйтты ’рдæм Мырзæ. Иннæтæ ма уæддæр

адывæндтæ кодтой, фæлæ, æвæццæгæн, Мырзæйы иунæгæй ауадзын æгæр тæппуддзинадыл банымадтой æмæ сæхæдæг дæр атындзыдтой йæ фæдыл.

Уыдон дзæвгар æввахсдæр уыдысты куырæйттæм æмæ раздæр бахæццæ сты бынатмæ. Лæгтæ. Иу та дзы кæд бадт машинæйы кабинкæйы, Ендыры кæнынмæ чи 'рбацыд, уыдонæй. Шофыры бынаты. Мырзæ йæм хъуамæ бахъæр кодтаид дуары гом рудзынгæй, рахизын æй кодтаид, фæлæ йæ къух ауыгъта, шофыримæ сæ цы дзуринаг хъуамæ уа, уый йæ, чи зоны, зонгæ дæр нæ кæны, цæмæн кæнæ кæй тыххæй æрбацыдысты, уый.

Уæдмæ цъалайы фæрвыты ауyонæй разындысты уыдон дæр – Ендыр æмæ йæ чи рацæйкодта, уыцы лæгтæ. Ныр ын йæ цæнгтыл нал хæцыдысты, æвæццæгæн æй фæхатыдысты, йæ хъуыдыйы кæрон дæр кæй нæй, ныхмæ сæм æрлæууа, уый, æмæ йын суагътой йæ цæнгтæ, афтæмæй цыдысты йæ фæйнæфæрсты.

Насутка сæ, æвæццæгæн, фалдæр æрæййæфта æмæ лидзгæ нал кодта, кæугæ-дзыназгæ цыд сæ фæстæ, се 'мцыд кодта æмæ сæ кæуын хъæлæсæй æлгъыста:

– Уæ, уый уагмæ æрхауат, æмбаргæ дæр æй куы нæ кæны, искæдæм æй фæкæнынц, уый, уæд уын цы кодта, йæ мæгуыр уды тæригъæд ын фæхæссат!

Ендыр цыд уыцы иугъæдон цыдæй, сæрыстырæй; цыма йæ кæнгæ нæ ракæнынц, фæлæ йæхи фæндонæй фæцæуы искæдæм, ахæм цыдæй рацæйцыд.

Уыдон та, чи йæ рацæйкодта, уыцы дыууæ лæджы, Мырзæиты ауынгæйæ, куыддæр фæтыхстысты æмæ йын фæстæмæ йæ цæнгтыл æрхæцыдысты. Ендырæн. Сæ цурмæ куы 'рбахæццæ сты, уæд æрлæуyыдысты.

– Уæ, Хуыцау уæ куы саразид æмæ сын æй куы нæ ауадзиккат, – йæхи сæм кæугæйæ баппæрста Насутка æмæ йæ уæрджытæ ныххоста.

Ендыры цæсгомыл иунæг нуар дæр не змæлыд Насуткайы кæуынмæ. Цыма йын йæ цæнгтыл кæй хæцынц, кæдæмдæр æй кæй хъуамæ акæной, уыдæттæ уымæ бынтондæр ницы бар дардтой, ахæм лæудæй лæууыд. Цыма искуы тыгъд быдыры бынтон иунæгæй лæууыд, цыма никæй дæр уынгæ, ницы дæр хъусгæ кодта.

– Куы никæй ницы хъыгдары, мæлдзыгыл дæр куы нæ ныллæудзæн, уæд кæмæн цы ракодта, цы фæрæдыд ахæмæй, Хуыцау æй кæй бафхæрдта фыдызнаджы къухæй, уый йын фаг нæу?! – йæ цæсгом йе 'рмттæй бамбæрзта, афтæмæй куыдта Насутка.

– Чи стут, цы хабар у, æмæ уæ цы хъæуы? – Ендыры чи ракодта, уыцы лæгтæй иу, иннæмæй асдæр æмæ бæзæрхыгдæр чи уыд, уый тызмæгæй афарста лæгты.

– Мах цы хъуамæ хъæуа, ацы хорз лæг, мах куы никæмæ бацыдыстæм? Мах, кæм цæрæм, кæм зæронд кæнæм, уыцы хъæуы стæм æмæ фæрсын мах нæ хъæуы, уæхи уын хъуамæ бафæрсæм: чи стут, цæмæн нæм æрбацыдыстут æмæ уæ ацы æнамонд лæгæй цы хъæуы? – хъæрæй дзырдта Мырзæ.

– Æмæ мах бынтондæр куы ницы хъæуы ацы лæгæй. Нæдæр нæм уый хауы, æнамонд у æви æнæниз. Махæн загътой, уырдыгæй æмæ уырдыгæй ахæм æмæ ахæм лæджы æркæнут, æмæ йæ фæкæнæм.

– Кæдæм, дам æй æркæнут, цæмæн, дам æй æркæнут? – мæстыæмæстыдæр кодта Мырзæ.

– Кæнгæ – рынчындонмæ, мæнæ психикон рынчынтæ кæм вæййынц, уырдæм. Цæмæн, уый та мах хъуыддаг нæу. Уымæй, мах чи рарвыста, уыдоны хъæуы бафæрсын.

– Æррадонмæ, нæ? – иннæ лæгтæй дæр кæмæдæр разынд цыдæр зæгъыны ныфс.

– Куыд уæ фæнды, афтæ йæ хонут, махæн ницы уæлдай у. Мах æххæст кæнæм нæ куыст, æндæр ницы, – йе уæхсчытæ бауыгъта, бæзæрхыгæй ныллæгдæр æмæ тæнтъихæгдæр чи уыд, уыцы лæг дæр, – æмæ уæ фæдзæхсын: хицауады æрвыст адæмы сæ хæс æххæст кæнынæй бахъыгдарыныл хъуыды дæр куыд нæ акæнат!

Мырзæ хъуыдыты аныгъуылд. Цы кæной дарддæр?.. Ацы лæгтæ дæр сæхирдыгонау раст сты: адон æххæст кæнынц сæ куыст, æндæр ницы, сæ ныхмæ сын ницы æрхæсдзынæ… Уæдæ сæ тыхы фæрцы дæр ницы рамбулæн ис. Иуæй йæ, йемæ чи рацыд, уыдонæй ницы ныфс ис – нæ рахæцдзысты йæ фарс. Айонг кæй рацыдысты, уый тыххæй дæр се уæнгтæ тасы рызт кæнынц. Сæ ныхмæ иунæгæй æрлæууа, уæд та худинаг кæны. Æмæ, хорз, худинаг дæр фæуæд, зарджытæ йыл скæнæнт, фæлæ дзы æмбулгæ цы ракæндзæн? Адонæн кæд ахæм бардзырд ис, уæд кæцæй фæчъил уыдзысты? Сæ ныхмæ куы ‘рлæууой, хъиладзагъдæй сæ куы фæсурой, уæддæр дзы цы рауайдзæн – сæ бæсты æрбарвитдзысты æндæрты. Ноджы фылдæрæй! Æмæ цы? Ницы бынтондæр – æнæхъæн хъæуæй иу хæдзары бинонтæн куы ницыхъом сты, уæд хицауады ныхмæ кæцæй æрлæудзысты!..

Ӕмӕ Мырзӕ, цы нӕ бон у, зӕгъгӕ, йӕ цӕнгтӕ фӕйнӕрдӕм акодта, хатыркурӕджы каст ма бакодта Насуткайы куыдвӕллад цӕстытӕм ӕмӕ сӕргуыбыр, уонгуагъдӕй иуварс алӕууыд.

Уыцы дыууӕ лӕджы куы бамбӕрстой, хъуыддаг ӕнӕ загъд-заманайӕ аскъуыддзаг, уӕд Ендыры уӕлӕмӕ, хӕдтулгӕйӕ гуыффӕмӕ, схизын кодтой, сӕхӕдӕг тагъд-тагъд кабинкӕйы бабадтысты.

– Ма йӕ акӕнут, йӕ мӕгуыр уды тӕригъӕды ма бацӕут! – кӕуын хъӕлӕсӕй ма сӕ фӕстӕ дӕр ныхъхъӕр кодта Насутка ӕмӕ йӕ уӕрджытыл ӕрхауд фӕндаджы хъӕбӕрыл.

Хӕдтулгӕ, йӕхи уигъӕ, комы фаллаг фарсмӕ куы ахызт ӕмӕ лӕбырд къӕдзӕхы сӕрмӕ куы схӕрд кодта, уӕд сӕм разынд Ендыр, гуыффӕйы къуымы, йӕ цӕнгтӕй йӕ уӕрджытӕ ӕрбахъӕбыс кодта, афтӕмӕй бадт ӕмӕ каст фӕстӕмӕ. Уыдонмӕ, Насутка ӕмӕ Мырзӕитӕм каст ӕви афтӕ ӕнӕуи, уымӕн ничи ницы базыдта. Фӕлӕ уыдон уымӕ кастысты. Ендырмӕ. Лӕгтӕ сӕргуыбырӕй, ӕгомыгӕй, Насутка – хъӕрӕй кӕугӕйӕ.

Хӕдтулгӕ уӕззаугай цыд хӕрды, тынг уӕззауӕй. Къӕдзӕхы тӕккӕ сӕрмӕ куы схӕццӕ, уӕд Ендыр сыстад ӕмӕ гуыффӕйы чъилыл дыууӕ къухӕй ныххӕцыд. Ныр фӕстӕмӕ нал каст, фӕлӕ дӕлӕмӕ, къӕдзӕхы бынмӕ, дурджын цъаламӕ. Хӕдтулгӕ былгӕронмӕ кӕм баввахсдӕр, уыцы ран Ендыр дыууӕ къухы ӕнцой йӕхи уӕлӕмӕ систа ронбасты онг, нырма йӕ иу къах айста гуыффӕйы сӕрты, стӕй – иннӕ ӕмӕ йӕхи уыцы иу ӕппӕрст акодта хӕдтулгӕйы гуыффӕйӕ – дӕлӕ къӕдзӕхы бынмӕ, дурджын цъаламӕ…

ТУАТЫ Алинæ,
РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг

УДЫ БÆРЗÆНДТÆМ БАЛЦ

Ирæттæ сты дунейы æппæты рагондæр адæмтæй. Иу æмæ дыууæ мин азы нæ цæуы сæ æмбисонды арф мидисджын, бирæвæрсыг культурæйыл. Амæй-ай уæздандæр æмæ хъаруджындæр фæлтæртæ фæхъахъхъæдтой алы фыдæвзарæн дугты æмæ заманты нæ адæмы зынаргъдæр хæзнатæ: нæ удварн, нæ удыхъæд цæмæй цардæгасæй æрхæццæ уыдаиккой мах рæстæджы онг.

Æмæ уый руаджы абон дæр ирон хæдзары уазæгæн кад кæнын зонынц, фæстаг сом раттынмæ цæттæ сты зианы рæстæг, уæззау сахат æрбалæууынц кæрæдзи уæлхъус, зиу расидынц искæмæн баххуыс кæнынмæ, стыр аргъ кæнынц хиуæттæн, тугхæстæгау уарзынц сæ комбæсты адæмы, се 'мхъæуккæгты. Уымæ абон дæр ирон æхсæнады кад кæнынц, æгъдау кæмæ ис, ахæм адæмæн.

Цæмæй ирон уай, уый тыххæй фаг нæу ирон мыггаг хæссын æмæ ирон æвзаг сахуыр кæнын. Хъуамæ арф дæ зæрдæйы æвæрд уа фыдæлты æнусон хæзна – ирондзинад, ирон уды фарн æмæ йæ æрдхæрæны рæсугъд удыхъæды миниуджытæ.

Мин азты дæргъы ирон лæджы цардæн фæндагамонæг уыдысты карз æмæ куырыхон ирон æгъдæуттæ. Уыдонæн сæ гуырæнтæ цæуынц рагон дугтæй – нæ фыдæлтæ сæхæдæг бæлвырд зыдтой Дун-Дунейы закъæттæ…

Ирон адæм никуы уыдысты æнæхуыцау. Уымæ гæсгæ сын Хуыцау æмæ йе сконд зæдтимæ кæддæриддæр уыдис æмæ абон дæр ис стыр, ахсджиаг, фидар æмæ тæмæссаг бастдзинад. Уыцы æргом бастдзинад æмæ æууæнк дин схонæн дæр нæй. Уый схонæн ис, æвæццæгæн, нæ царды миназон бындур. Уыцы бындурыл сырæзти ирон лæгæн йæ дунембарынад, уырдыгæй цæуынц йæ царды уагæвæрдтæ, ууыл æнцайынц йæ удварны æмæ монон культурæйы æгæрон æвæрæнтæ.

Фыдæлтæй фæдзæхст æнусон фарны фæрцы ирон адæм æрхызтысты бирæ тых æмæ хъару æвзарæн заманты æмæ уавæрты сæрты. Абон та нын ралæууыд нæ удыхъæд, нæ ирондзинады фæлварæн дуг. Æнцон нæу фыдæлты удыхъæды сыгъзæрин миниуджытæ

хъахъхъæнын, ирон æгъдæуттыл хæст уæвын, сæ арф мидисæй куы адард уай æмæ дæ фарсмæ зæдæнгæс хистæрты куынæуал уынай, уæд. Уымæй уæлдай, æндæрбæстон адæмты æгъдæуттæ, цивилизацийы ног æнтыстытæ æмæ алыхуызон информацитæй дæ сæр дзæгъæлтæ куы кæна, уæд.

Фæлæ, хъуыды кæнынхъом цы лæг у, уый иубон куы райхъал вæййы йæ тарф фынæйæ, уæд раст цыма талынгæй рухсмæ рацыд, уыйау царды æцæгдзинад ирд нывау суыны. Æмæ æваст бамбары, цы фæндагыл цæуын æй хъæуы ацы Мæнг Дунейы, уый. Æмæ уæд лæг тох расиды йæ аиппытæ æмæ рæдыдтимæ, бацæуы, дæлимонты дунемæ йæ цы миниуджытæ ласынц, уыдонимæ тохы. Бамбары, йæ зæрдæйы зылын хъуыдытæн хъуамæ бынат кæй ма уа, уый.

Уыцы тохы бацæугæйæ, адæймаг хъуамæ йæхæдæг йæхи ма сайа æмæ йæхи æгад митæн æргом тæрхон рахæссынхъом уа, йæхи сраст кæнынæн æфсон ма агура. Æрмæст ын уæд бантысдзæн сыскъуынын зианхæссæг, чъизи хъуыдытæ йæ зæрдæйæ.

Уæд лæг тох расиды æдзæстуарзон, хæрам, фыдзонд, зыд æмæ кæрæф уæвыны, фыднозт, фыдкой, мæнгард, фæлитой миты ныхмæ. Уыдоныл лæг фæуæлахиз уыдзæн сæ ныхмæлæууæг миниуджыты руаджы, рæсугъд æнкъарæнтæ, сыгъдæг, рухс æмæ уæздан хъуыдытæ нывæндын куы райдайа, уæд. Бамбардзæн: æвзæр хъуыдытæ лæджы дæлимонты фæндиаг кæнынц, фæлмæн зæрдæйы уаг та лæджы уды Хуыцауы комулæфт бауадзы.

Уыимæ алчидæр зоны – зæххон фæндаг сындзджын у, æмæ лæг хъуамæ йæхæдæг йæхимæ райса бæрн йæ царды тыххæй. Ацы змæст, æфхæрд заманы алы хъизæмæрттæ, фыдæбæттæ æвзаргæйæ, лæг куы бамбара уыдонæн сæ мидис, уæд йæ зындзинæдтæ искæй аххос нал кæндзæн, фæлæ йын цæмæн æрвыст сты, уый зондзæн.

Уæд бамбардзæн цардæн йе 'цæг аргъ, йæ фæндагæн йе 'цæг нысан, уæд ын бантысдзæн фæуæлахиз уæвын, æгаддзинад ын цы хæссы Хуыцауы цæсты, уыцы рæдыдтимæ æмæ уæд сарæхсдзæн, сæрбæрзондæй уды рæзты фæндагыл къæпхæнæй къæпхæнмæ хизгæйæ, уæлдæрæй-уæлдæр цæуын.

Нæ дуг у фæлварæн дуг. Цард у скъола, адæймаг дзы рæзы, ахуыр кæны. Æцæг хæрзуд адæймаг зоны, чи нæ цæвы, уыдоны руаджы кæй бамбарæм нæ лæмæгъ бынæттæ. Афтæ зæгъæн дæр ис, не знæгтæ

кæй сты нæ ахуыргæнджытæ. Дæ уд сыгъдæг, дæ хъару фидар куы уа, уæд дын ныхмæлæууæг нал уыдзæн. Дæ зианхæссæг хъуыдытæ куы басудзой æмæ фесæфой, уæд зæгъæн уыдзæн, кæй фæуæлахиз дæ дæхиуыл æмæ дæ зæххон царды скъола æнтысджынæй каст кæй фæдæ.

Æрмæст уды рæзтæй бæрæг кæны адæймаджы сыгъдæгдзинад Хуыцауы раз. Иуæй, тынг ахсджиаг у, цæмæй фылдæр фæзына, йæ удварныл чи тыхсы, зæххон царды мидис чи æмбары, ахæм адæм. Фæлæ уыимæ, Дун-Дунейы уагæвæрдтæм гæсгæ, никæмæн ис уыцы раст фæндагмæ искæй тыхæй здахынæн бар. Уымæн æмæ уый у алы адæймагæн дæр йæхи уды æвзæрст фæндаг, æмæ йын цас раст æмæ сыгъдæг у, уыл хъуамæ алчидæр афоныл тыхса йæхæдæг. Уды бæрзæндтæм кæмæн бантысы схизын, уый хъуамæ амона иннæтæн дæр уырдæм фæндæгтæ. Æрмæст балцы цæуын алкæйдæр бахъæудзæн йæхи хъаруйæ, уымæн æмæ, Дун-Дунейы закъæттæм гæсгæ, лæгæн лæвæрд ис бар æвзарынæн. Зæдтæ дæр лæгæн æнæ йæхи курдиатæй æмæ фæндонæй не 'ххуыс кæнынц.

Æппæт Хуыцауы сфæлдыст Дун-Дунейы кусынц уыцы иу карз закъæттæ («Законы Мироздания») æмæ уыдон сты æххæстгæнинаг алкæмæндæр æмæ кæмфæндыдæр. Мах нæ зæххон царды мидæг æрдзон закъæтты куыст куыд уынæм æмæ æмбарæм, афтæ ис, æндæр æмвæзадмæ чи хауы, ахæм закъæттæ дæр. Удæй æмæ зондæй сæ æмбарын хъæуы, уымæн æмæ сæ цæстæй фенæн нæй.

Зæххон царды мидæг нæ æрдзон буар у нæ удæн йе змæлды, йæ архайды фæрæз. Уд та у Хуыцауы рухсы æнæмæлгæ хай. Æмæ, ирон æгъдауы домæнтæ æххæст кæнгæйæ, ирондзинад хъахъхъæнгæйæ, ирон удварны удыхъæды хуыздæр миниуджытæн аргъ кæнгæйæ, ирон адæм æмæ сæ рагфыдæлтæ æххæст кодтой æмæ цардысты Дун-Дунейы карз закъæттæм гæсгæ. Уырыссагау афтæ зæгъæн ис: «Осетины, соблюдавшие традиции, всегда жили в строгом соответствии с Законами Мироздания».

Италиаг ахуыргонд æмæ фыссæг Франко Кардини загъта: «Ныгуылæн Европæйы рыцарьты уаг у скифтæ æмæ сæрмæттæй райсгæ. Фæстæдæр уыдоны уаджы быдурыл фæзындысты нырыккон Европæйы хидарыны æгъдæуттæ. Уæдæ Кавказы адæмты культурæйы дæр уыцы уаг стыр фæд ныууагъта».

Цæмæн-иу афарстой: «Ирон нæ дæ?» Дзырд фæсайдтай – «Дæ ирон цæсгом цæмæн бахордтай?» Уазæгæн фаг æгъдау не скодтай – «Ирон цæхх æмæ кæрдзыны кад цæмæн сафыс?» Дæ магусайы тыххæй мæгуырæй цæрыс – «Дæ ирон сæрæндзинад кæм ис?»

Нæ фидæнæн цы бындур æвæрæм, уымæн сбæлвырдгæнæн ис, æрмæстдæр нæ фыдæлты цардарæзт, цардахаст, удварн æмæ миддуне раиртасгæйæ.

Нæ фыдæлтæ ирон удыхъæды миниуджытæ бастой æгъдау, æфсарм, уаг, ныфс, зонд, хъару, кад, намыс, лæгдзинад æмæ фæллоимæ. Уыдон иумæ та хуыдтой ирон фарн.

Мах, æнæмæнг, хъæуы, йæ арф мидис ын æмбаргæйæ, фæстæмæ сног кæнын нæ фыдæлты дунембарынад, нæ кувыны æгъдау. Чырыстон æмæ пысылмон динтæ сæ дыуурæ дæр æндæр удварны идеологи хæссынц, ирон фыдæлтыккон цардарæзты ныхмæ цæуынц. Фыдæлтæй нын баззадысты нæхи зæдтæ æмæ дауджытæ. Хуыцау ирон адæмæн йæхимæ цы фæндаг сарæзта, уый нын ивинаг нæу. Уым нæхи миддуне ныффидар, куы йæ аивæм, уæд та бафæзмдзыстæм иннæ адæмты зондахаст æмæ цæстæнгас, райсдзыстæм æндæр уаг æмæ æфсарм.

Стыр куыст бакæнын хъæуы, цæмæй нæ фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ ирон лæджы миддунейы ногæй аккаг бынат бацахсой, ууыл. Бирæ зындзинæдтæ бавзаргæйæ, ирæттæ абоны змæст дуджы онг бахъахъхъæдтой сæ удварны хæзнатæй бирæтæ. Нæ фæлтæры хæс у фыдæлты æппæт уыцы хæзнатæ цæхæртæ скалын кæнын æмæ сæ фидæнмæ фæрнæй ахæссын.

ТЪЕХТЫ Тамерлан

ЗÆРИН ХУРÆЙ УЫЙ АХОРÆНТÆ РАКУЫРДТА…

Йæхи хæдхуыз къухæвæрд ис нывгæнынады къабазы Уæрæсейы сгуыхт нывгæнæг Цæллагты Викторæн. Æвæццæгæн, йæ райгуырдимæ ракуырдта уый зæрин хурæй æвæджиауы хъæздыг хуызтимæ ахорæнтæ æмæ сæ ныр йæ нывты руаджы рухс кæны аивадуарзджыты зæрдæтæ.

Кад æмæ радимæ сæмбæлд фарон уынайлаг лæппу йæ 60 азы юбилейыл. Дзæвгар ын бантыст уыцы рæстæгмæ царды æмæ нываивады, фæлæ йæ курдиат нырма йæ тæмæны ис, йæ сæйраг куыстытæ нывæзт нæма сты.

Цæллагты сæрæнгуырд ахуыргæнджыты бинонты ‘хсæн схъомыл æмæ йæ йæ цард дæр фæндыд цыдæр хуызы уыцы дæснылйадимæ бабæттын. Уымæ йæ ахорæнты дуне дæр йæхимæ ‘лвæста, æмæ, скъола каст куы фæци, уæд бацыд Цæгат Ирыстоны аивадон училищейы нывкæнынады педагогон хайадмæ. Уый фæстæ сси Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты аивæдты факультеты нывкæнынады хайады фыццаг рауагъдонты хуыздæр минæвæрттæй иу.

Хорзæрдæм ыл сахадыдтой йæ ахуыргæнджытæ, нывгæнджыты бирæ фæлтæртæ схъомылгæнæг Абысалты Юри æмæ Бедойты Шалва. Йе ‘ргом æрыгоны бонтæй фæстæмæ здæхта реалистон аивадмæ, æмæ йæ уыдон дæр разæнгард кодтой. Абон Цæлладжы-фырт нывæнды бæлвырд цардыуагон, фæлæ фылдæр хатт романтикон цардбæллон æнкъарæнтæй æххæстæй хайджын фæлгонцтæ. Ацæуы мифологон дунемæ балцмæ, уым ссары ахæм хъайтарты, йæ уд æмæ зондмæ хæстæг чи у, æмæ сæ «кæттагыл» рафидауын кæны. Уый «Æфсати», «Ацæмæзы фын», «Куырдалæгон»-ыл цæуы ныхас. Фæлæ ма йæм ис «Сау барæджы æндæрг», «Фæскъæвда», «Дæллаг Уынал» æмæ æрдз æмæ адæймаджы иудзинадыл чи дзуры, ахæм куыстытæ. Уæдæ йæ фыд Цæллагты Хъасболаты фæлгонц цы хуызы сфæлыста, уый дæр диссагæн дзуринаг у. Тохы быдыры йын йæ хæстон æмбæлттау æнæ байсæфгæ нал уыд, фæлæ йæ цыдæр æнахуыр зæд бахызта, æмæ нывгæнæджы куысты уый ирдæй разынд…

Алагиры аргъуаны Хетæгкаты Къостайы куыстытæ реставраци

кæнгæйæ та йæхи æрмæст «ахорæнты дæсныйæ» нæ равдыста, фæлæ ма курдиатджын организатор æмæ лирик-философæй дæр. Афтæ уый тыххæй загъдæуы, æмæ, бирæ зындзинæдты сæрты ныфсджынæй ахизгæйæ, ноджы арфдæр æнкъарын байдыдта йæ генион развæдгæнджыты миддунеон тырнæнтæ. Уый фæстæ ма йæ куыстытæй саив кодта Дзæуджыхъæуы Сыгъдæг Георгийы аргъуан æмæ Алайнаг сылгоймæгты моладзандоны аргъуан. Уæрæсейы Федерацийы Хицауады премийы лауреат культурæйы къабазы дæр сси куыд нывгæнæг-монументалист – у Дзæуджыхъæуы Намысы мемориалы Номарæн сисы мозаикæйы автортæй иу.

«Цæллагты Викторы композициты предмет цыма хицæн лыстæг хæйттыл ныддихтæ вæййы æмæ та ногæй æнæхъæн, æххæст фæлгонц ацаразы, афтæ фæзыны. Уымæн, æмæ йæ куыстыты мидæзмæлдæн бауромæн нæй», – зæгъы аивадиртасæг Маринæ Перова. Гъемæ уыцы «мидæзмæлд» кæны адæймаджы зæрдæскъæфт, уый йæ ахæссы бæллицты дунемæ кæнæ йæ бафтауы зæххон сагъæстыл. Йæ иннæ æвæджиауы миниуæг та уый у, æмæ йæ фæлгонцтæ адæймаджы ивгъуыд мысынмæ дæр здахынц, йæ фидæныл дæр æй æууæндын кæнынц. Суадонæй цæссыгау сыгъдæг дон исæгау кæны уый куырыхон зонды фæрæзтæ адæмон сфæлдыстадæй, æмæ сæ «хуры лæвар» ахорæнтæй бахæссы йе 'мдугонты зæрдætæм.

Уыцы аивадиртасæг ма сæрмагондæй дзуры нывгæнæджы курдиаты иннæ фæзилæныл дæр: «Кæуылты зын æххæстгæнæн жанр у сывæллоны портрет, фæлæ та ам дæр йæхи къухæвæрд разынд. «Викæ», зæгъгæ, уыцы куысты сфæлыста йæ чызджы сурæт. Æрæнцад XIX æнусы уырыссаг романтикты традицитыл, уыдонау раргом кодта сывæллоны миддуне. Уый банкъарын æнцон нæу, уымæн æмæ, куы рахъомыл вæййæм, уæд сывæллонау æнкъарæнтæй нал фæцæрæм, æмæ нын уыцы миддунемæ фæндаг нал вæййы. Чысыл пианисткæйы уæрджытыл – нотæтæ, æмæ уымæй йæ фæлгонцы æнхъæвзы музыкæйы æвæджиауы рухсхæссæг тых. Йæ цæстæнгас æмæ мидбылхудт уыцы тыхыл ноджы æфтауынц. Фæстейы та, цыма сывæллоны хъахъхъæнынц, уыйау сызгъæрин рухс дæттынц зæдты æмæ дзуæртты фæлгонцтæ. Ирдæй кæй нæ зынынц, уый портретæн иуæй дætты уæлдай сыгъдæгдзинад, хæстæгдæр æй кæны аивадуарзæджы удмæ, иннæмæй та райхъуысынц æмбæхст романтикон зæлтæ».

Ацы хъуыдытæ ма баххæстгæнæн ис нæ иннæ аивадиртасæг Гæздæнты Зарæйы ныхæстæй: «Алы нывгæнæгæн дæр вæййы, йæ фæзындмæ уæлдай æхсызгондæрæй кæд фенхъæлмæ кæсынц, ахæм рæстæг. Æмæ Цæллагты Виктор дæр йæ афоныл фæзынд. Хуызтæ, ахорæнты фæливæнтæ æнкъарын ын æрдзæй лæвæрд у… Æвуæнды æрмæст йæхиуыл, йæ мидхъæлæсыл, фæлæ уыциу рæстæг тынг хорз зоны йæ адæмы аивад, дин, философи, истори æмæ культурæ… Куыд алы ирон нывгæнæджы, афтæ йæ фæнды ирон аивадмæ йæхи бавæрæн бахæссын».

Абон Цæлладжы-фырты куыстытæ сты Цæгат Ирыстоны Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы, Ростовы æмæ Уæрæсейы бирæ æндæр горæтты, Америкæйы, Канадæйы, Германы, Чехийы, Швейцарийы аивадон галерейты.

«Зонгæ дæ нæ кæнын, афтæмæй мын хæстæг-хионы хуызæн дæ. Диссаг – цардмæ иухуызон цæстæй кæсæм. Бузныг, уæлмонц æнкъарæнтæ мын кæй балæвар кодтай, уый тыххæй. Бузныг дæ триптих «Фарн»-æй – уый руаджы æуууæндæн ис, Зæхх раздæрау кæй зилы, кæй та срайсом, ссихор, æризæр æмæ æрæхсæв уыдзæн, ууыл. Бузныг дæ иннæ триптих «Беслæныл реквием»-æй. Уым æнæ иу сныхасæй загътай, дзурын æнæмæнг цæуыл хъæуы, уыдæттæ. Бузныг дæ нæртон хъайтартæй: уыдоны фæлгонцты раргом кодтай, цардæн æруромæн кæй нæй, уый йæхæдæг фæлтæрты кæрæдзийыл кæй бæтты», – ацы ныхæстæ ныффыста нывгæнæгæн йæ юбилейон равдыст бабæрæггæнæг Дзанæгаты Фатимæ. Иу æмæ дыууæ адæймаджы не сразы уыдзысты йемæ, æмæ уый дæр нывгæнæджы рæстмæ къахдзæфтыл дзурæг у. Удæй бæтты адæмы аивадыл, æмæ ма йын ноджы бантысæд йæ уыцы Хуыцауæн уарзон хъуыддаджы. Дзуаппы хуызы та сфидаудзысты Цæлладжы-фыртæн йæхи ныхæстæ: «Нывгæнæгæгæн амондджын уæвынæн бирæ нæ хъæуы: кусын æмæ дæ куыстытæ адæмы размæ хæссын. Цард ницы-мацытыл хардз кæнын нæ зонын. Æдзух мæ ног исты агурын, мæхиуыл кусын хъæуы, цæмæй мын мæ аивадуарзæг аргъ кæна, æмбара мæ æмæ мын ног æнтыстытæн хъару дætта».

Уæдæ йæ райгуырæн Уыналы Цæллагты мæсыг реставрацигæнджыты къорды сæйраг архайджытæй кæй уыд, йæ нывгæнæг-фырт Зауыры уымæ кæй самидин кодта, уый дæр фыдæлты фарны æвдисæнтæй у. Амайæд дарддæр удварны хæзнатæй мæсыг. Йæ уарзон дзыллæйы хорзæхæн…

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

Аланийы тырыса

Астæуккагæнусон Алани

Куырдалæгон

Мæсыг...

Хæхбæсты

Тугъанты Махарбег

Сау барæджы æндæрг

Куырой

Хоры Уацилла

Рæстæджы цæугæдон

Хъысмæты дур

Хетæг

Æфсати



Зæд

Фосы Фæлвæра

Триптих «Фарн»-ы галиу хай

Триптих «Фарн»-ы рахиз хай

Санаты Сем

Триптих «Фарн»-ы астæуккаг хай

Нар

Уынал

Ацæмæзы зарæг

Ацæмæзы фын

Æхсæвгæс

Фыдæлты бæстæ

КОКАЙТЫ-БИРÆГЪОН Ларисæ,
педагогон наукæты кандидат

МУЗЫКÆ ÆМÆ МУЗЫКАЛОН ИНСТРУМЕНТТЫ АХАДЫНДЗИНАД ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УАЦМЫСТЫ

Литературæ æмæ музыкæ адæймаджы царды ахсынц зынгæ бынат. Дыууæ аивадæн дæр æгæрон у сæ эмоционалон тых, уый у сæ нумæйаг миниуæг дæр. Литературæ æмæ музыкæ æххуыс сты нæ алыварс дуне хуыздæр базонынæн. Автортæ уацмысты равдисынц се 'нкъарæнтæ, фæдзурынц царды ахсджиаг фарстатыл.

Рагæй-æрæгмæ музыкæйы фæрцы адæймаг æргом кодта йæ ахаст дуне, зæхх, арв æмæ хурмæ. Уымæ гæсгæ, суанг ирон адæмон дзыхæйдзургæ сфæлдыстады æмбæлæм зарджытæ æмæ музыкалон инструменттыл.

«Нарты эпос»-ы хицæн кадæджы æвдыст æрцыд, фæндыр куыд фæзынд, уый. Нартæн ацы инструмент балæвар кодта Сырдон. Кадæг куыд дзуры, афтæмæй Сырдон фæндыр сарæзта йæ фырты цонджы стджытæй, тæнтæ та – йæ иннæ дыууæ фырты зæрдæйы тæгтæй.

Нарт Сырдоны къухæй фæндыр куы райстой, уæд кæрæдзийæн загътой: «Иууыл цагъды куы фæуæм, уæддæр ацы фæндырæн ма уæд фесæфæн. Уымæй чи цæгъда æмæ мах ном чи мыса, уый уыдзæн нæхион» [5, 150 ф.].

«Нарты кадджыты» иннæ музыкалон инструмент у уадындз, цæгъды йыл Ацæмæз. Уыйбæрц аив сты уадындзы зæлтæ, æмæ йæм æрыхъусынц æрмæст нарт нæ, фæлæ суанг æрдз, сырдтæ æмæ мæргътæ дæр. Афтæмæй æвдыст цæуы Ацæмæз Тугъанты Махарбеджы нывы.

«Нарты кадджыты» ма æмбæлæм удæвдзыл. Куырдалæгон æй балæвар кодта Уæрхæджы фаззон лæппутæ Æхсар æмæ Æхсæртæгæн, уыдис сæ номæвæрæг. «Куырдалæгон йæ куырдадзы фæтыгæй / Дæу сарæзта, о уаз мырты чырваз. / Дæуæй фидыдтой куывд æмæ чындзхаст, / Ды истай хай нæртон лæгæн йæ хъыгæй», – фыссы поэт Хъодзаты Æхсар æмдзæвгæ «Удæвдз»-ы [10, 56 ф.].

Ирон адæмы уарзондзинад зарæг æмæ музыкæмæ бафиппайдта Хетæгкаты Къоста йæ этнографион очерк «Особа»-йы: «Эта отрасль народного творчества (игра на двух- и двенадцатиструнном фандыре) особенно любима и полна прелести» [7, 34 ф.]. Зарæг адæмы удварнимæ

бæтгæйæ, поэт йе ‘мдзæвгæ «Ныстуан»-ы фыссы: «Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин, / Куы бафидин искуы мæ хæс, / Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин, / Нæ хъуысид мæ кæуын хъæлæс…» [8, 6 ф.].

Йе ‘мдугонты ныхæстæм гæсгæ, Къоста хорз зыдта ирон зарæг, хатт-иу йе ‘мдзæвгæтæ дзургæ нæ, фæлæ заргæ кодта. Хуымæтæджы не схуыдта поэт йæ поэтикон æмбырдгонд «Ирон фæндыр». Уымæй зæгъы, зарæг æмæ музыкалон инструмент адæмы хъуыдытæ, сагъæстæ æмæ æнкъарæнтæ æвдисæг кæй сты. Æмдзæвгæты æмбырдгондыл Къоста ныффыста: «Зæрдæйы сагъæстæ, зарджытæ, кадджытæ æмæ æмбисæндтæ».

«Ирон фæндыр»-ы къухфысты фыццаг цъар куы бацæттæ кодта поэт, уæд ыл уыдис куырм зарæггæнæджы ныв хъисфæндыримæ. Гæнæн ис, уый уыд XIX æнусы кæрон зындгонд кадæггæнæг Зыгъуытаты куырм Бибойы фæлгонц. Къоста йæ равдыста æмдзæвгæ «Хъуыбады»-йы.

Æнкъард æмæ сагъæссаг у зарæггæнæджы хъысмæт ивгъуыд заманы, йе стырдæр æхсызгондзинад – зарæг. Фæлæ кæд цыфæнды æфхæрд у Хъуыбады, уæддæр æм ис бæллицтæ. «Æхсæрдзæны хъазт», «сæрибары дуг» сты йæ зарджыты бындур.

Хетæгкаты Къоста йæ уацмысты арæх æвдисы ирон адæмы уарзондзинад зарæгмæ. Зарæг мæгуыр адæймагæн дætты ныфс, рогдæр ын кæны йе ‘рвылбоны тыхст цард. Æмдзæвгæ «Азар»-ы фыссы: «Æз дæ зарынмæ куы хъусын, / Уæд хъæлдзæгдæрæй фæкусын, / О мæ хуры хай, – / Азар-ма, чызгай!..» [8, 16 ф.].

Хæххон æвадат цардыл у æмдзæвгæ «Мæгуыры зарæг». Уацмыс йæ райдайæнæй йæ кæронмæ фыст у контрасты хуызы, автор антитезæйы руаджы ныхæй-ныхмæ æвæры мæгуыр адæмы (хоны сæ «мах») æмæ хъæздгуыты (хоны сæ «адæм»). Кæй зæгъын æй хъæуы, фыдуавæрты заргæ нæ фæкæнынц. Ацы æмдзæвгæйы дзырд «зарæг» у аивадон мадзал, афтæмæй чиныгкæсæг арфдæр æнкъары мæгуыры катай æмæ мæт, цæстытыл уайынц тар æмæ зæрдæрисгæ нывтæ.

Къостайы лирикон æмдзæвгæты хъайтар арæх æвдыст цæуы уæззау æмæ зын уавæрты, фæлæ йын «уæддæр ис оптимистон зæрдæйы ахаст, у цардбæллон, сæрибар æмæ фæллойуарзаг, тыхджын æмæ бæрзонд удыхъæды хицау. Уый у поэтæн йæ символикон идеал, йæ эстетикон бæллиц» [2, 107 ф.].

Æмдзæвгæ «Ныстуан» кæд æнкъард уацмыс у, уæддæр æй автор хоны «зарæг»: «Ныббар мын, кæд-иу дæм мæ зарæг / Кæуæгау фæкæса, мыййаг…» [8, 6 ф.].

Асæй чысыл, фæлæ йæ ахадындзинад æгæрон у æмдзæвгæ «Балцы зарæг»-æн. Къоста сиды иудзинадмæ, рухс цард æмæ рæстдзинадмæ.

Музыкæ æмæ зарæджы тых равдыста Барахъты Гино йæ новеллæ «Бæстырæсугъд»-ы [1].

Литературæйы арæх ныхæй-ныхмæ æрлæууынц усгуртæ – хъæздыг æмæ мæгуыр. Фылдæр хатт мæгуыр усгур рамбулы йе стыр хъару æмæ ныфсы фæрцы.

Фембæлдысты дыууæ усгуры Барахъты Гинойы новеллæйы дæр. Фæлæ мæгуыр усгур Канаты Афæхъо ацы уацмысы кæсгон æлдары фырт Исламаты Рашидыл фæуæлахиз фæндыр æмæ зарæджы фæрцы. Афтæ нæ зæгъæм, æрмæст рæсугъд зарыд Афæхъо æмæ уымæй балхæдта Бæстырæсугъды зæрдæ. Зарæджы раргом лæппуйы сыгъдæг, уæздан æмæ хъæздыг миддуне. Зæгъæн ис, аивад фæуæлахиз исбоны хъомысыл.

Зарæг новеллæйы ахсы зынгæ бынат, æххуыс у куыд уацмысы сæйраг архайæджы фæлгонц равдисынæн, афтæ йæ композици райхалынæн дæр. Зарæджы фæрцы фыссæг равдыста йæ ахаст Канаты Афæхъомæ, раргом ын кодта йæ миддуне.

Ацы новеллæйы Гино афтæ арæхстджынæй æрфыста Афæхъойы фæндыры цагъд æмæ зарæг, æмæ сæ цыма чиныгкæсæг æцæгæйдæр хъусы. Уый уымæн афтæ у, æмæ Гино тынг уарзта музыкæ, хорз зыдта йæхæдæг зарын, цагъта музыкалон инструменттыл. Уый тыххæй бакæсæн ис Хъайтыхъты Геор æмæ Токаты Ашæхы мысинæгты.

«Хъуыды кæнын, Гино гитарæйыл иттæг хорз кæй цагъта, уый. Зарыдис-иу Къостайы, Пушкины, Лермонтовы æмдзæвгæтыл æвæрд зарджытæ, ирон фольклорæй ист зарджытæ, æмæ-иу сæм хъусынæй не 'фсæстыстæм», – зæгъы Хъайтыхъты Геор [9].

«Гинойы курдиæттæ хорз чи зыдта, уыдон æм æрхатыдисты, иу зарæг нын уæддæр акæн, зæгъгæ. Гино сразы. Æрбахастой йын гитарæ. Айста йæ. Гино гитарæйыл йе 'нгуылдзтæ æрхаста, сарæзта йæ... æмæ стыр уаты цар æмæ къултыл ныззæлланг кодтой гитарæйы зæрдæрухсгæнæн зæлтæ, стæй йæхæдæг, нæ сæрты бæрзонд рудзынгмæ кæсгæйæ, лыстæг хъæлæсæй ныззарыди дуэты – чызг æмæ лæппуйы – зарæджы ныхæстæ:

– Æз æхсинæг фестдзынæн,
Уæларвмæ дын ыстæхдзынæн,
Уæд та ма мын цы кæндзынæ?

Стæй – бæзджын хъæлæсæй:

– Уæд æз цæргæс фестдзынæн,
Уæларвмæ дæм ыстæхдзынæн,
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ?.

Мах не ‘ппæт дæр джихæй кастыстæм Гиномæ, хæлиудзыхтæй йын хъуыстам йæ фæлмæн, зæрдæйы уидæгтыл æмбæлæг зарæгмæ. Зарæджы фæстаг ныхæстæ фесты æмдзæгъды бын…

Иу хатт æмæ дыууæ хатты нæ ахъуыды кодтон, музыкæмæ афтæ къæрцхъус уæвгæйæ, Гино йæ сабион азты музыкæйыл ахуыры фæндагыл куы ацыдаид, уæд, æнæмæнг, сырæзтаид, йæ адæмæн стыр кад æмæ намыс чи ‘рхастаид, ахæм стыр композитор. Уæд нæ адæмы бирæ зарджытæй, кадджытæй, суанг хъарджытæй дæр, цы диссаджы симфонитæ, оперæтæ æмæ æндæр музыкалон уацмыстæй схъæздыг кодтаид нæ адæмы культурæ!» – фыссы Токаты Ашæх [6].

Æндæр нысаниуæг ис зарæгæн Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæ «Ирон зарæг»-ы. Рагон у, лирикон герой цы зарæгмæ хъусы, уый, «тæрсытæн сæхи ‘мгар, сæ фаззон», хъуысы дзы «фæдисы хъæр тохæй». Æвæццæгæн, йæ цæстытыл уайынц Плиты Иссæ, Мамсыраты Хаджумар æмæ нæ иннæ хъайтарты сгуыхтдзинæдтæ. Уыдоны дæр тохы быдыры разæнгард кодтаид ирон зарæг. Сæ миддунейы, æнæмæнг, арф æвæрд уыдысты, зарджыты чи баззад, уыцы адæмон хъайтартæ Алыккаты Хазби æмæ Тлаттаты Чермены фæлгонцтæ.

Зæгъын хъæуы, адæмон зарджыты бындурыл кæй сырæзыдысты ахæм драмон уацмыстæ, куыд Брытъиаты Елбыздыхъойы «Хазби», Плиты Грисы «Чермен».

Фæлæ абон, Хъодзаты Æхсары ныхæстæм гæсгæ, ирон зæххыл зарæг кæй зæлы, уымæй «миназон тулдзытæ фесты æвзонгдæр, тала кæрзытæ – рæхснæгдæр, бæрзонддæр». Зарæджы мыртæм хъусгæйæ, лирикон геройы зæрдæ байдзаг цины æнкъарæнтæй, æууæндын æй кæны фидæныл æмæ зæгъы: «Амæй хуыздæр амонд уды нæ хъæуы» [11, 368 ф.].

Зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас кæны фæндыримæ лирикон герой Галуанты Людмилæйы æмдзæвгæ «Фæндыр»-ы. Авторæн йæ бирæвæрсыг курдиаты фæрцы йæ бон баци иттæг арæхстджынæй спайда кæнын фæндыры фæлгонцæй. Уый у аивадон мадзал лирикон геройы миддуне равдисынæн. Фæндыр хоны «хъармзæрдæ», йæ «рухс уды зæлтæ» йæ тавынц «хуры тынтау». Цы «зæрдæбын зарæг» кæны, уый фæрцы æрымысы йæ ивгъуыды бонтæ. Æвæццæгæн, йæ мысинæгты ис æнкъард цаутæ дæр, уымæ гæсгæ фæндыры зæлтæм кæугæ

дæр скæны. Фæлæ йын уæддæр фæндыр дæтты ныфс, æмæ зæгъы: «Æнæ дæу æнкъард æмæ уазал у зæрдæ, / Дæуимæ æрынцайы уды хъæрзын» [3, 157 ф.].

Нæ ивгъуыдæн йæ зæрдæ хоны хъисфæндыр поэт Къадзаты Станислав. Афтæ уымæн зæгъы, æмæ равзæрди нæ рагфыдæлтæм, йæ бон у радзурын ивгъуыд царды хабæрттæ. Автор фыссы: «…Дугтæ нын йæ фæрцы сты æргом…» Æцæгæйдæр, кæм хъæлдзæг хабæрттæ ракæндзæн, кæм – æнкъард: «Худын у йæ бон æмæ кæуын», – зæгъы поэт.

Уымæ гæсгæ, автор дарддæр фыссы: «Куы йæ цагъдмæ стæхын æз цæргæсау, / Куы йæ разы цавддурæй лæууын». Авторы хъуыдымæ гæсгæ, хъисфæндыр абон дæр нæ фесæфта йæ ахадындзинад: «Æмæ сиды ног Иры фæлтæртæм: «Басгуыхут нæ урс хæхтау æнгом!» [4, 134 ф.].

Куыд федтам, афтæмæй музыкæ æмæ музыкалон инструменттæ ирон литературæйы уацмысты æххуыс сты архайджыты фæлгонцтæ, сæ миддуне æмæ сæ хъуыдытæ ирддæрæй равдисынæн, уацмысы композици эмоционалон æгъдауæй фæтыхджындæр кæнын æмæ чиныгкæсæджы зæрдæйы цавæрдæр æнкъарæнтæ равзæрын кæнынæн.

ЛИТЕРАТУРÆ

Барахъты Г. Бæстырæсугъд. Ирон литературæйы чиныг 6-æм къласæн. Дзæуджыхъæу: Ир, 1999.

Бекъойты В. Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад астæуккаг скъолайы. – Дзæуджыхъæу: Ир, 1999. – 168 ф.

Галуанты Л. Фæндыр / Фæззыгон нуазæн: Æмдзæвгæтæ. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2008. – 157 ф.

Къадзаты С. Хъисфæндыр // Мах дуг. – 2011, №1. – 134 ф.

Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу: Аланыстон, 1995. – 344 ф.

Токаты А. Мысинæгтæ // Газет «Слово». 1990 аз, 17 февраль.

Хетагуров К. Особа. – Владикавказ: Ир, 1999. – 64 с.

Хетæгкаты Къ. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2002. – 272 ф.

Хъайтыхъты Г. Мысинæгтæ // Газет «Слово». 1990 аз, 17 февраль.

Хъодзаты Æ. Рухс. Æмдзæвгæтæ. – Орджоникидзе: Ир, 1987. – 56-57 ф.

Хъодзаты Æ. Ирон зарæг / Зынджы бардуаг: Æмдзæвгæтæ. Дзæуджыхъæу: Ир, 2003. – 368 ф.

РАГОН ТАУРÆГЪТÆ

ИУНÆДЖЫ КАДÆГ

Уый раджы уыд, нæ фыдæлты заманы. Мæгуыр сидзæр чызджы æвæндонæй радтой хъæздыг цауд лæгæн. Чызг, зæгъы, хъизæмар кæнын райдыдта, тухитæ æвзæрста.

Иу бон куы уыдис, уæд ын йæ сæрыхицауы абырджытæ амардтой. Бынтон бамæгуыр чызджы зæрдæ. Сагъæстæ райдыдта: уæдæ цы кæна, кæдæм фæцæуа уыцы хæдзарæй? Чи йæ дардзæни? Мыййаг ын сывæллон куы райгуыра, уæд куыд цæрдзæни ацы фыдмыггаджы ʻхсæн? Лидзгæ фæкæнид, фæлæ кæйонг ацæудзæн, чи йæ суазæг кæндзæни, кæй руаджы цæрдзæни? Уæ, мæгуыр сылгоймаг, дæуæн бар никуы уыд дæ фæндон сæххæстæн.

Бирæ фæндты фæстæ сфæнд кодта уыцы фыдмыггагæй дарддæр ацæуын.

Иу мæйдар æхсæвы куы рарæвдз вæййы: йæ ронбасты, зæгъы, фæрæт æртъыссы, йæ уæхскмæ та, зæгъы, сисы уæззау фат æмæ æрдын. Цæуынтæ байдыдта, лидзынтæ систа. Тархъæды астæумæ куы бахæццæ вæййы æмæ йæ бон сыстын куынæуал свæййы. Уыцы ран, зæгъы, æнамонд сылгоймаг лæппу куы ныййары. Уæ, мæгуыр сылгоймаг, цытæ æвзæрстай!

Тухитæ фæкодта, тыхтæй-амæлттæй сау бæрзы къалиутæй мусонг скодта. Цæрынтæ байдыдта. Хъомыл кæнын байдыдта йæ сидзæр хъæбулы. Бон цуаны цыдис, æхсæв судзаг цæстысыгтæй йæхи æхсадта.

Бонтæ цыдысты, азтæ ивгъуыдтой, уæдæ цы уыдаид.

Сидзæр, зæгъы, куы райрæзид, куы бахъомыл уаид. Цуан кæнын райдыдта, сырдтæ хæссын райдыдта. Мадæн фенцондæр, сагъæстæй фæуæгъддæр...

Иуахæмы, зæгъы, лæппу сагъæсхуызæй йæ мады куы бафæрсы:

– Зæгъ-ма мын, Дзицца, цæмæн ам цæрæм, кæм ис нæ дарæг?

Мад, зæгъы, ныхъхъуыды кодта, ныссагъæс кодта. Фæлæ цы кæна, куыд сæ бамбæхса йæ мæгуыр хъæбулæй? Бирæ хъуыдыты фæстæ мад йæ хъæбулы æрбахъæбыс кæны æмæ йын радзуры уæззау хабæрттæ.

Лæппу, зæгъы, куы ницы сдзурид, фæлæ, зæгъы, куы фенкъард уаид.

Аз фæцардысты, дыууæ фæцардысты, æмæ, зæгъы, иуахæмы лæппу йæ мадмæ бацæуы.

Мæ фыны, зæгъы, дадайы федтон. Уый мын, зæгъы, уайдзæфтæ кодта.

Дынджыр лæг, зæгъы, бæргæ сдæ, фæлæ, зæгъы, байрох кодтай мæрдтæм дæ фыды.

Мад, зæгъы, ницы фæзæгъы, ныссагъæс кæны, уæдæ цы кæнæм, уый хист куы агуры. Цæй мæгуыр дæ, сидзæр, куыд ма цæрай дарддæр ахæм уавæры? Сагъæс дзы бацыд йæ фыды тыххæй: «Дада, бæргæ йæ зонын, хист дын кæй хъæуы, фæлæ цы кæнон, цæмæй æвналон?» Йæ мусонгыл, зæгъы, йæ цæст ахæссы, йæ мадмæ бадзуры:

– Дзицца, ме схæссæг, цæуын æз цуаны. Бавдæлæм æмæ сырды фыдæй дадайæн хист скæнæм.

Мад, зæгъы, йæхи фенкъардхуыз кодта, фæлæ цы зæгъа, цы æрхъуыды кæна? Ныффæндараст кодта йæ иунæг хъæбулы, лæварæн ын радта йæ фыды хæтæл.

Уæ, мæгуыр сидзæр, цæй диссаг у цард! Сидзæрмæ, зæгъы, амонд хæстæг нæ цæуы, адæм та дзы, зæгъы, дардмæ фæлидзынц...

Бирæ фæцыди, гыццыл фæцыд, фæлæ, зæгъы, иуахæмы, йæ саджы мард йе 'ккойы, афтæмæй иу дынджыр тæгæр бæласы бынмæ куы бахæццæ вæййы. Æрбадти, зæгъы, йæ фæллад уадзынмæ, йæхимидæг, зæгъы, уый цинæй марди. Дадайæн, зæгъы, ацы сырдæй хист скæндзынæн æмæ, зæгъы, мæрдты йæ зæрдæ мæныл нæ худдзæн. Уалынмæ, зæгъы, æртæ бараæджы кæцæйдæр фæзындысты сидзæры уæлхъус. Сидзæр сæ, зæгъы, суазæг кæны, стæй сын фæзæгъы, ахæссут уæхицæн ацы саджы мард. Мæнæн, зæгъы, мæ хæтæл хорз æхсы, дадайæн, зæгъы, хистæн ног исты самал кæндзынæн. Дæлæ фæкодтой, уæлæ фæкодтой абырджытæ, зæгъы, куы сфæнд кæниккой иунæгæн йæ хæтæл байсын.

Фæлæ сын, зæгъы, мæгуыр иунæг ууыл нæ разы кодта. Тугдзыхтæ, зæгъы, ныффæнд кодтой иунæгæн йæ туг ныккалын, тыхæй сæхицæн хæтæл ахæссын.

Хурмæ, зæгъы, æндон ферттивы иунæджы хæд сæрмæ. Сидзæр скувы:

– Уæ, уæлæ хурзæрин, ды-иу мæ мастисæг фæу, тæгæры сыфтæ, сымах та мын – æвдисæн.

Уыцы ныхæстæм дур дæр аскъуыди, хох дæр барызти, иунæджы сæрмæ сау мигъ сæмбырд и, фæлæ барджытæм ницы бахъардта.

Сау æндон хæцæнгарз иунæджы рæзгæ зæрдæ дыууæрдæм, зæгъы, афаста.

Гъæ, уæууæй, иунæг, дæ иунæг мады кæмæн ныууагътай, уаих æрбауай, цæй æдых разындтæ!

Фыдзæрдæ лæгхортæм, зæгъы, куыд ницы бахъардта. Сæ кæстæр ма, зæгъы, бæргæ лæгъстæ кодта, ма йæ амарут, зæгъгæ...

Амардтой, зæгъы, æнамонд иунæджы, уæдæ цы уыдаид, йæ мард ын ныууагътой стыр тæгæры бын. Сырдтæн, зæгъы, холыйæн...

Гъæ, уæууæй, æнамонд ныййарæг, цытæ та æвзарыс?!

Бонтæ цыдысты, мæйтæ ивгъуыдтой, уæддæр ма, зæгъы, зæронд мад-ныййарæг æнхъæлмæ кастис.

Иу афæдз фенхъæлмæ каст, дыккаг æрлæууыд, йæ бон дзы, зæгъы, куы базоны йæ иунæг хъæбулæй. Карз цæстысыг, зæгъы, куы ныккалы, йæ хъарæгæй, зæгъы, хæхтæ куы нырризынц, уæдæ цы кæна, йæ зæрдæ цæуыл фæлæууа? Гъе стæй, зæгъы, ныффæнд кæны йæ хъаст йæ фыды мыггагмæ фæхæссын. Æмæ, зæгъы, куы рараст вæййы тархъæдæй хъæумæ. Хъæуы адæм ыл, зæгъы, диссаджы цин куы фæкæниккой, йæ æнамонддзинæдтæн ын зæрдæтæ куы бавæриккой.

Хъæуы цæрджытæ, зæгъы, куы æрбамбырд вæййынц, сæхи куы ницæмæй аласынц æмæ, зæгъы, æнамонд иунæгæн стыр хист куы скæнынц. Хистæртæ, зæгъы, куы æрбадынц æмæ, зæгъы, цæссыг калгæ рухсаг куы рауадзынц. Хурзæрин, зæгъы, зæхмæ йæ тынтæ куы ‘руадзы æмæ, зæгъы, зæхх сидзæргæсы тæригъæдæй скъуыдтæ куы кæны. Раст, зæгъы, уыцы афон уынджы æртæ барæджы куы æрцæйцæуынц.

Кæстæр фæсивæд сæ, зæгъы, уым бæхтæй куы æрхизын кæниккой, мидæмæ, зæгъгæ, ахизут æмæ, зæгъы, рухсаг бануазут, – афтæ æмбæлы. Хистæр сæм, зæгъы, хъæдын къусыдзаг бæгæны куы радæтты, рухсаг зæгъут, зæгъгæ. Сæ хистæр æй, зæгъы, куы райсы, рухсаг куы зæгъы æмæ йæ, зæгъы, йæ дзыхмæ куы схæссы. Раст, зæгъы, уыцы афон æнгом агъуысты сидзæры мастисæг – хурзæрин йæ тынтæ куы ныйирд кæнид æмæ, зæгъы, уазæджы къусмæ куы ныккæсид йæ зынг цæстæй.

Сау бæгæны, зæгъы, уазæджы къусы туджы къуыбар куы фесты. Уазæг, зæгъы, куы ницы сдзурид, уалынмæ та, зæгъы, дыккаг уазæджы къухы къусы мидæг туджы къуыбæрттæ куы фестид; уый, зæгъы, дисы бафтыд æмæ йæ, зæгъы, кæстæрмæ авæрдта, ай цы диссаг у, зæгъгæ. Раст, зæгъы, уыцы афон агъуысты хуылфы зилгæ дымгæ

сыстадис æмæ, зæгъы, иунæгæн æвдисæн тæгæры сыфтæ къусы куы ныккæлынц.

Уæд, зæгъы, кæстæр уазæг йæ хистæртæм куы бадзуры.

– Диссаг уæм, зæгъы, ма кæсæд. Хъуыды-ма, зæгъы, кæнут, тæгæры бын цы лæппуйы амардтат, уый, зæгъы, хурзæринæн фæдзæхсгæ куы кодта, мæ мастисæг фæу, зæгъгæ, тæгæры сыфты та, зæгъы, æвдисæн куы скодта... Адæмы размæ, зæгъы, сидзæргæс саударæг уыцы афон нуазæн куы æрбахæссы æмæ, зæгъы, хистæр уазæджы рагъыл йæ хъæбулы хæтæл куы фены. Уыцы ран, зæгъы, йæхимæ куы фæлæбуры, куы ныхъхъæрæг кæны, уый мæ иунæджы хæтæл куы у, зæгъгæ.

Уæд, зæгъы, хистæртæ куы сыстынц æмæ, зæгъы, куы фæзæгъынц, адон махæн нæ туджджынтæ сты, зæгъгæ.

Фæуынаффæ кодтой æмæ, зæгъы, карз тæрхон рахастой. Дыууæ хистæры, зæгъы, тархъæды мард куыд æрцæуой, кæстæрæн та, зæгъы, ацы хатт барст фæуæд иунæджы тугныккалд.

Азарыд æй хъисын фæндыримæ Уаниаты Дрисы фырт Тузар,
89-аздзыд, 1969 азы, Беслæн.
Ныффыста йæ Уаниаты Зариффæ.

ГОДЗИЙЫ ХАБАР

(Скъуыддзаг)

Персы паддзах сфæнд кодта Тамарæйы йæхирдыгæй бакæнын. Тамарæ гуырдзыйæ ныфс никæмæй дардта æмæ рарвыста Нары адæммæ фæрсынмæ. Уыдон сæ сæрмæ не ‘рхастой «нæ» зæгъын æмæ рарвыстой æртындæс адæймаджы. Уыдон хъуамæ схæцыдаиккой Персимæ. Кæрæдзимæ бакастысты æртындæс адæймаджы æмæ сæ цæст сарæзтой Хетæгкаты Гоцъимæ. Уый сразы ис æмæ рацыдис хæцынмæ. Йæ кард асастис æмæ йæ сцыргъ кодта. Йе ‘мбæлттæй йын чидæр лæвæрдта кард, фæлæ йæ нæ райста. Уыцы адæм хæцæг уыдысты æмæ дардтой згъæр худ æмæ хæдон, стæй уарт, цæмæй дзы фат ма ахызтаид. Адæймагæн-иу йæ сæры кæхц куы фæдих ис, уæд-иу æй бахуыдтой æрхуыйæ.

Гоцъи æмæ йе ‘мбæлттæм уыдис згъæр худ, уарт æмæ телын хæдон.

Авæрдтой персайнаг æмæ Гоцъи сæ кæрдтæ кæрæдзийыл, æмæ загъта персайнаг, цæв, зæгъгæ. Уæд Гоцъи загъта, махмæ фыццаг уазæг фæцæвы, зæгъгæ. Персайнаг уæле æрцавта, æмæ йæ Гоцъи нымæты бын фæкодта. Персайнаг ахауди. Гоцъийы та бакодтой Тамарæмæ. Рахастой йын сыгъзæрин хъалац бæгæныимæ. Гъер дæр ма уыцы хъалацы куыдвдты мидæг рахæссынц бæгæны æмæ, Гоцъи рухсаг уæд, зæгъгæ, фæзæгъынц.

Радзырдта йæ Хетæгкаты Уæччейы фырт Лади,
77-аздзыд, 4 июль, 1975 аз, Къостайыхъæу.
Ныффыста йæ Гуыбаты Витали. Цæгат Ирыстопы паддзахадон университет, ирон æмæ иумæйаг æвзагзонынады кафедрæйы архив



ГУЫРДЗЫЙÆН ÆХХУЫСЫ ФÆДИС

Гуырдзыйы хъыгдардтой грекъ æмæ тæтæр. Бабырстой-иу Гуырдзыстонмæ, кодтой сæм богалтæ. Бахъуыды заман-иу гуырдзы агуырдтой Ирæй æххуыс.

Иуахæмы та гуырдзы куырдтой æххуыс Ирæй, тæтæр сæм куы æрбабырстой, уæд. Хетæджы цотæй Нары Гоцъи уыд домбай æмæ хъæбатыр лæг, йæ ас – гыццыл, бæзæрхыгарæзт. Уый тынг арæхсти кард, топп æмæ æндæр хæцæнгæрзтæй. Гоцъи ацыд Гуырдзымæ æххуысмæ.

Гоцъиимæ ма уыд æндæр хæстон лæгтæ дæр Уæлладжырæй, Мамысонæй. Куырттатæй ничи уыд семæ уыцы заман.

Цæугæ та тынгдæр уымæн кодтой Гуырдзымæ, æмæ йæ зыдтой, тæтæр кæнæ æндæр исчи Гуырдзыйы куы басæттой, уæд сæ Ирмæ дæр кæй хъæуы, уый.

Гоцъи йе згъæр хæдон байсæрста сасмы донæй, стæй йыл байзæрста змис, кард ыл куыд нæ хæцыдаид, афтæ. Адæм Чъребайы бæрзонд лæууæнтæ сарæзтой паддзæхтæн кæсынæн. Дыууæрдыгæй æрлæууыдысты знæгтæ. Æнхъæлмæ кастысты иугай хъазуаттæм рацæуынмæ. Иудзæвгар рæстæг нæ уыд зынæг иуæрдыгæй дæр æмæ иннæрдыгæй дæр. Уæд Гоцъи ныхъхъæр кодта:

– Æз цæуын, фæлæ мын мæ бæх раласут.

Гоцъийы ныхмæ рацыд тæтæйраг богал. Гоцъи йын бар радта, цæмæй йæ фæнды, уымæй схæцынмæ: кардæй, топпæй, хъæбысæй. Тæтæйраг сразы ис кардæй хæстыл.

Гоцъи æмæ тæтæйраг кæрæдзимæ бæхтæ батардтой, тæтæйраг кардæй æрсæрфта Гоцъийы, Гоцъи йæм нымæты бынæй йæ уарт фæдардта. Кард уартыл фæбырыд æмæ Гоцъимæ нæ бахæццæ. Уæд Гоцъи расæрфта кардæй тæтæйраджы, йæ ронбастыл æй дыууæ дихы ахауын кодта æмæ йе ‘рдæг зæхмæ æрзæбул. Гоцъи æмæ йе ‘мбæлттæн ракодтой лæвæрттæ.

Гоцъийæн цы нуазæн балæвар кодтой, уый баззад сыкъатимæ Кочынаты Акцизнæмæ (ольгинскæйагмæ).

Радзырдта йæ Мамиаты Сидæйы фырт Леуан,

70-аздзыд, Къостайыхъæу.

Ныффыста йæ Бигъуылаты Барис, 1940 аз.

ЦИГСИИ-йы архив, фольклор №111, папкæ 89, 231 – 232 ф.

МУСТАФА

Балхъары, Мысыкаты Мустафа, зæгъгæ, иу лæг цардис. Мустафа кæмæйдæр фæтуджджын ис. Уыцы заман бинонты хъуыддаг бакодта. Уæд Балхъары уыдис ахæм закъон: лæг-иу бинойнаг куы ‘рхаста, уæд-иу къуырийы фæстæ афæдз балцы ацыдис. Мустафа дæр абалц. Йæ афæдз куы ахицæн, уæд иу бон æрбаздæхт сæхимæ. Æхсæвы бахуыссыд, фæцинтæ йыл кодтой йæ мад æмæ йæ бинойнаг. Райсомæй Мустафа æддæмæ рацыдис æмæ дистæ кæны. Уынджы нæлгоймаг змæлæг нæ уыди. Æрмæст цъайы был лæууыди цалдæр сылгоймаджы. Мустафа сæ фæрсы:

Ай цы хабар у, хъæуы нæлгоймæгтæ цы фесты?

Сылгоймæгтæ радзырдтой, Гуырдзыйæ сарæтæ куыд æрбалæбурдтой æмæ Балхъары фос куыд атардтой. Мустафайæн мæстæй йæ зæрдæ рафыхт. Йæ бæхыл саргъ авæрдта, хæцæнгæрзтæ райста æмæ араст ис йе знæгты фæдыл. Фæндагыл ыл амбæлдысты, хъæутæй цы фæдисæттæ ацыдис, уыдон. Адæм здæхтысты фæстæмæ.

Мустафа цалдæры йемæ кодта, фæлæ ничи сразы. Араст ис иунæгæй. Хохмæ куы схæццæ, уæд ауыдта йе знæгты. Бæхы суагъта, йæхæдæг бабадт хохрæбын. Сарæтæ куы ‘рбахæццæ сты, уæд сын хæст бацайдагъ. Фос ныппырх сты, лыгъдысты фæстæмæ. Бирæ ныццагъта Мустафа сарæтæй, фæлæ йæхæдæг дæр фæцæф ис. Знæгтæй ма ægac чи баззад, уыдон сбастой Мустафайы æмæ йæ аластой Гуырдзыстонмæ. Уым æй бакодтой мæсыджы æмæ йæ дзæбæх кодтой. Уыдон хъуыды кодтой: «Сдзæбæх æй кæнæм, стæй дзы нæхицæн пайда кæндзыстæм».

Мустафа цы фæцис, уый ничи зыдта Байсетыхъæуы цæрджытæй. Мустафа кæй туджджын уыдис, уый сфæнд кодта йе ссарын: «Æз хъуамæ мæ туджджыныл мауал ныйайон, уыйас лæгдзинад кæмæ разындис æмæ æнæхъæн Балхъары хæс дæр йæхимæ чи райста, уый».

Йæ фæдыл ацыдис. Фæндагыл ын фыййæуттæ радзырдтой, Мустафа мæсыджы кæй ис, уый. Иу бон уымæн йæ бон бацис Мустафайы ссарын æмæ йемæ баныхас кæнын. Дыууæ къуырийы йын фæхаста тын. Тыны кæроныл дур бабаста æмæ йæ рудзынгæй баппæрста мæсыгмæ. Мустафа йæхи рауагъта мæсыджы рудзынгæй. Хъалагъурты фæцæфтæ кодтой æмæ ралыгъдысты. Дыууæ фæндагмæ куы бахæццæ сты, уæд Мустафайæн йе ‘мбал йæхи ныддасын кодта, адæм дæ фæтæрсдзы-

сты, зæгъгæ, афтæмæй фæхицæнтæ сты. Мустафа æрыздæхт сæхимæ. Хъæуы хистæртæ йæм фæрсынмæ цыдысты, фос куыд æрбатардта, йæхæдæг нырмæ кæм уыдис, уымæй. Стæй йæ бафарстой, цы хорздзинад ын ракæной.

Уый сын загъта:

– Мæ туджджынимæ мæ бафидауын кæнут, æндæр мæ ницы хорздзинад хъæуы.

Адæм æрæмбырд кодтой бирæ фос, акодтой семæ Мустафайы дæр.

Дыууæ туджджыны æгъдауыл бафидауын кодтой, иу майрæмбонæй иннæмæ фæбадтысты фæрныг фынгыл. Мустафайы туджджын бакуымдта æрмæст бæх æд саргъ. Иннæ фос фæстæмæ æртардтой æмæ сæхимæ афардæг сты.

Ахæм хъазуатон адæмтæ уыди уыцы рæстæг.

Радзырдта йæ Тезиаты Увызыхьойы фырт Дударыхьо,
92-аздзыд, 1969 аз, Ногхъæу.
Ныффыста йæ Дзодзыккаты Зæидæ.

Салæгаты Зояйы æмбырдгонд «Ирон адæмон сфæлдысад»-æй

НÆ ИРЫ ХЪÆБАТЫРТЫ ЗАРÆГ

Нæ ирон, нæ хъæбатыр,
Нæ кадджын адæм,
Гъей, ой, карз тохмæ цæугæйæ,
Гъей, ой, тох, тынгдæр-ма базарæм, гъей!
Ой, æмæ гъей-мардзæ, ой!
Нæ Иры, ой, нæ хъæбатыр адæм,
Далæ Германы сау хæсты, гъей, ой,
Йæ туг чи ныккалдта, гъей, ой,
Уыдоны æрымысæм, гъей,
Ой, æмæ гъей-мардзæ, ой.
Гъей, ой, нæ Иры, ой, нæ хъæбатыр адæм, гъей!
Дæлæ нæ рæзгæ фæсивæд, гъей, ой,
Хæсты быдырæй, гъей, ой,
Уæлахизæй куы здæхынц, гъей, ой,
Æмæ, гъей-мардзæ, гъей, ой,
Нæ Иры, ой, нæ хъæбатыр адæм, гъей!

Азарыди йæ фольклорон ансамбль «Чепена».
Ныффыстой йæ Дзбойты Меланæ,
Моргуаты Беллæ æмæ Сохиты Алинæ. 1985 аз.
Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет,
уырыссаг литературæйы кафедрæйы архив

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***1 февралы*** Цæгат Ирыстоны кадджын уавæры байгом кодтой Бинонты аз. Бæрæгбоны мадзал ацыд Ирон театры. Бирæсывæллонджын бинонтæн зæрдæбын арфæтæ ракодта республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло.

Уæрæсейы Президент Владимир Путины бардзырдмæ гæсгæ, 2024 аз нымад у Бинонты азыл.

► ***6 февралы*** РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæгæй нысангонд æрцыд Хозиты Барис.

► ***7 февралы*** РЦИ-Аланийы Национ музейы равдыстыты залы байгом Саулаты мыггаджы минæвæртты сфæлдыстадон куыстыты равдыст. Æппæты кæстæр архайæгыл цæуы 5 азы, хистæрыл та – 87 азы. Сæ куыстытæ сты аивады алы хуызты: графикæ, кæттагыл нывтæ, архитектурæ, къамтæ, дизайнерон проекттæ.

► ***13 февралы*** газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редакторæй нысангонд æрцыд Белоруссийы æмæ РЦИ-Аланийы сгуыхт журналист Фидараты Юри. 2015 азæй уыд Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдар.

► ***16 февралы*** Ольгинскæйы Культурæйы хæдзары уыд поэттæ Касаты Батрадз æмæ Хадыхъаты Фатимæйы литературон изæр. Се ‘мхъæуккæгты æмдзæвгæтæ бакастысты скъоладзаутæ. Уазджытæ – фысджытæ, литературæиртасджытæ æмæ сæ хæлæрттæ стыр аргъ скодтой се сфæлдыстадæн æмæ сын ракодтой зæрдæбын арфæтæ.

► ***22 февралы*** Дзæуджыхъæуы уыд кинонывы «Командир»-ы премьерæ. Ист у æцæг цауты бындурыл. Сæйраг рольтæй иуы ахъазыд нæ республикæйы культурæйы сгуыхт артист, РЦИ-Аланийы культурæйы министр Фидараты Сослан.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 2. 2024 г.
Подписано в печать 21.02.2024 г. Выход в свет: 29.02.2024 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 117. Цена свободная.

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Цъарыл разæй ис Хаджеты Таймуразы ныхæстæ

Цæгат Ирыстоны мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитет, литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал «Мах дуг» дыккаг хатт расидтысты «МАХ ДУГ»-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!

Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы кад фæбæрзонддæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног нæмттимæ базонгæ кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, æмзиуууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.

Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:

- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*

Конкурсы архайджытæ кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты 3 къордыл:

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы фæрæзтæй, Премийы сæрмагонд нысан æмæ дипломтæй!!!

Конкурсы къæпхæнтæ:

15-æм январæй 15-æм апрелмæ авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адресмæ: mahdug@mail.ru «Конкурс» дзы фæнысан кæнгæйæ;

16-æм апрелæй 10-æм маймæ сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты авторты уацмыстæн;

Мæйы кæрон кадджын уавæры уæлахиздзау автортæ æрцæудзысты хорзæхджынгонд.

Бæлвырддæр æрмæг базонæн уыдзæн журналы æмæ Мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Телеграмм æмæ ВК нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.

Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды.

Фæрнæйдзаг ут!

Индекс 73247
12+